

**REFLEKSI ETIKA JAWA SAJRONING RERIPTAN SASTRA JAWA KLASIK;  
STUDI TEKS LAN KONTEKS SERAT WIRA ISWARA**

**Bangkit Irmanudin Bahri**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, Unesa, (bangkit.bahri@gmail.com)

**Abstrak**

Kasusastran Jawa *klasik* iku dumadi saka maneka warna jinis reriptan sastra kang gunggunge akeh banget. Salah sawijine reriptan sastra Jawa *klasik* kang pinilih minangka objek panliten, yaiku *Serat Wira Iswara*. Reriptan sastra kasebut, dianggit dening Susuhunan Paku Buwana IX kanthi nggunakake basa lan aksara (tumrap *naskah* asli) Jawa minangka sarana kanggo medharake gagasan. *Serat Wira Iswara* kang ngrembaka ing jaman *tradisi naskah* diwedharake kanthi nggunakake wujude basa sastra, yaiku tembang macapat. *Serat Wira Iswara* minangka reriptan sastra *klasik*, ngemot piwulang luhur, yaiku *etika Jawa*.

Underan sajroning panliten iki. (1) Kepriye karakteristik *Serat Wira Iswara* digayutake karo pigunane minangka sumbering *etika Jawa*. (2) Kepriye struktur reriptan sastrane *Serat Wira Iswara* minangka sumbering *etika Jawa*. (3) Kepriye refleksi *etika Jawa* sajroning teks *Serat Wira Iswara*. (4) Kepriye wujude refleksi *etika Jawa* sajroning konteks *Serat Wira Iswara*. Panliten kang ditindakake tumrap *Serat Wira Iswara* iki asipat kualitatif lan nggunakake perspektif sastra, yaiku sosiologi sastra. Metode kang digunakake sajroning pangumpulan data, yaiku dokumentasi lan wawancara. Metode analisis data, yaiku heuristik lan hermeneutika minangka cara pamacan tumrape reriptan sastra. Teori kang kawawas laras kanggo nindakake panliten iki, ora liya struktur reriptan sastra kang kaperang dadi loro, yaiku struktur lair lan batin.

Asiling panliten iki nuduhake, menawa *Serat Wira Iswara* iku dumadi saka pirang-pirang perangan kanthi irah-irahan tartamtu lan diripta dening paraga kang tartamtu uga. Saperang gedhe saka struktur laire *Serat Wira Iswara* isih laras karo paugerane tembang macapat, kayata guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu, Ana saperangan saka struktur laire *Serat Wira Iswara* kang ora laras karo paugeran, amarga anane proses alih aksara kang salah. Struktur batine *Serat Wira Iswara* dumadi saka, (1) tema, yaiku tema ka-Pangeranan, tema asmara, lan tema patriotik, (2) nada lan swasana, yaiku nada kharismatik lan nada filosofis, (3) rasa-pangrasa, yaiku rasa welas asih, rasa bombong, lan rasa prihatin, sarta (4) piweling, yaiku piweling tumrape priya, piweling tumrape wanita, piweling tumrape wong ngaluhur, lan piweling tumrape wong cilik. Panliten ngenani wewatakan lan panganggone tembang minangka struktur batine *Serat Wira Iswara*, nuduhake asil kang isih laras karo paugeran. *Etika Jawa* kang tinemu sajroning *Serat Wira Iswara* bisa kaperang kaya mangkene, (1) *etika Jawa* tumrape wong ngaluhur, (2) *etika Jawa* tumrape wong cilik, (3) *etika Jawa* tumrape putra putri lan garwa, (4) *etika Jawa* tumrape para mudha, (5) *etika Jawa* tumrape pandhita, lan (6) *etika Jawa* sapanunggalane. Asiling refleksi *etika Jawa* sajroning konteks *Serat Wira Iswara*, ana *etika Jawa* kang isih ditengenake, apadene ditinggalake dening bebrayan Jawa. Adhedhasar asiling panliten kasebut, bisa didudut menawa *etika Jawa* iku isih ngrembaka ing bebrayan agung saiki.

**Tembung-tembung baku:** *Serat Wira Iswara*. karakteristik, struktur lair, struktur batin. *etika Jawa*, lan refleksi *etika Jawa*.

**A. PURWAKA**

Bebrayan Jawa minangka bebrayan wetanan nduweni kautaman ing babagan kabudayane. Luhuring kabudayan mau bisa kawawas lumantar kasusastrane kang ngrembaka. Miturut Padmosoekotjo (1953: 9), kasusastran yaiku kagunan adi luhung kang dilairake sarana basa, arupa basa endah utawa basa kang edi peni. Kasusastran iku dumadi saka tembung sastra sajroning basa Sanskerta. Tembung sastra iku bisa ditegesi minangka sawijining sarana kanggo pangkulawenthah. Miturut Wellek lan Warren (1989: 3), sastra iku minangka laku *kreatif*, sawijining reriptan seni. Laras karo panemu mau, Purnomo (2011: 1) ngandharake,

sastra yaiku wedharing rasa kamanungsan kang jangkep lan ngemot asiling pamikiran, gegayuhan, lan pepenginan-pepenginan manungsa.

Kasusastran tulis Jawa dipercaya wis ngrembaka wiwit abad IX M. Sajroning bebrayan agung saiki, luwih kawentar menawa wujude reriptan sastra tulis Jawa kang wiwitan yaiku *Kakawin Ramayana* kang tinulis ing taun 820-832 Ç, nalikane Dyah Balitung dadi raja ing Praja Mataram Kuna. Panemu kang beda yaiku panemune Poerbatjaraka (1952: 2) kang nuduhake yen reriptan sastra tulis Jawa kang wiwitan yaiku *Serat Candakarana* kanthi nyebutake jenenge raja wangsa Çailendra kang nglenggahi dhampare panguwasa Praja Mataram Kuna,

kira-kira taun 700 C. Reriptan sastra kang wiwitinan tulis kanthi tembung-tembung basa Jawa kuna, nanging akeh sineselan tembung-tembung kang nggunakake basa Sanskerta. Bukti nyata kang tinemu yaiku tulisan ing watu mawa angka taun 731 C utawa 809 M ing laladan Dieng (Poerbatjaraka, 1952: X).

Pangrembakane kasusastran Jawa bisa kaperang manut wektu pangrembakane lan jinising reriptan sastrane. Purnomo (2007: 79) ngandharake, kasusastran Jawa manut jinising reriptan sastra kaperang dadi kaya mangkene. Kapisan, yaiku kasusastran Jawa kang nggunakake basa Jawa kuna kanthi wujud reriptan sastrane arupa kakawin, yaiku *Ramayana* wujude kandha (*puisi*) lan *Mahabharata* wujude parwa (*prosa*). Kaping pindhone, kasusastran Jawa kang nggunakake basa Jawa madya kanthi wujud reriptan sastrane arupa kidung, yaiku turur kanthi wujud *puisi* lan *prosa*, Katelune, yaiku kasusastran Jawa *klasik* kanthi wujud reriptan sastrane arupa tembang macapat. Kaping papat, yaiku kasusastran Jawa kang nggunakake basa Jawa *modern* utawa *mutakhir* kanthi wujud reriptan sastrane arupa reriptan kang kadayan panggunane *puitika* sastra saka bangsa kulonan utawa Eropa.

Kasusastran Jawa *klasik* manut wektu pangrembakane lan jinising reriptan sastrane nduweni pirembutan kang jembar banget. Kasusastran Jawa *klasik* iku isih bisa kaperang dadi rong perangan maneh kanthi lelandhesan wujud reriptan sastra lan wektu pangrembakane. Perangane kasusastran Jawa *klasik* yaiku Jawa *klasik*-pasisiran lan Jawa *klasik*-kratonan. Kasusastran Jawa *klasik*-pasisiran tuwu luwih tuwa yaiku ing jaman ngrembakane paprentahan Kasultanan Demak. Kasusastran Jawa *klasik*-kratonan ngrembaka nalika jaman Kasultanan Pajang nganti tumekane Kasunanan Surakarta lan Kasultanan Yogyakarta kanthi pujangga kang pungkasan yaiku R. Ng. Ranggawarsita.

Kasusastran Jawa *klasik* iku dumadi saka maneka warna jinis reriptan sastra kang gunggunge akeh banget. Salah sawijining reriptan sastra Jawa *klasik* kang pinilih minangka objek panliten, yaiku anggitane Susuhunan Paku Buwana IX kanthi irah-irahan *Serat Wira Iswara* (sabanjure disebut *SWI*= *Serat Wira Iswara*). Miturut Poerwadarminta (1937: 664), *wira* tegese wong lanang, prajurit, utawa kendel, dene *iswara* tegese ratu utawa bendara. Panemu liyane, Winter lan Ranggawarsita (2007: 302) ngandharake, *wira* tegese wiyar, prajurit, kawasa, sareh, tatas, senapati, prawira, utawa priyantun, dene *iswara* tegese ratu utawa sabda kaluhuran. Mawas saka saperangan teges kasebut, *Wira Iswara* bisa ditegesi minangka sawijining reriptan sastra kang diripta dening narendra (Susuhunan Paku Buwana IX) kang ngemot sabda kaluhuran tumrap bebrayan agung.

Kagolong reriptan sastra Jawa *klasik*, *SWI* kawawas saemper karo reriptan sastra *klasik* liyane yaiku nduweni titikan kang mligi, nduweni sipat wigati, lan bisa dadi gegambarane bebrayan agung ing jamane. *SWI* karipta kanthi nggunakake basa lan aksara (tumrap *naskah* asli) Jawa minangka sarana kanggo medharake gagasan. *SWI* kang ngrembaka ing jaman *tradisi naskah* diwedharake kanthi nggunakake wujude basa sastra, yaiku tembang macapat. Padmosoekotjo (1960: 26) ngandharake, tembang macapat anane wiwit jaman Majapahit, mung bae tuwuhe luwih keri tinimbang tembang tengahan.

Saperangan saka reriptan sastra Jawa *klasik* kawentar sinebut sastra piwulang. Sesebutan sastra piwulang iku tegese sawijining reriptan sastra kang ngemot babagan piwulang, utamane piwulang luhur kang migunani. *SWI* minangka reriptan sastra *klasik*, ngemot piwulang kaprawiran kang laras karo irah-irahane. Piwulang kaprawiran iku ora mung minangka sawijining tumindak, nanging uga minangka sawijining *ideologi*. Sipat kaprawiran kang diwedharake sajroning *SWI* iku bisa digolongake manut paraga kang nindakake. Piwulang kaprawiran iku sajroning panliten iki sinebut *etika* Jawa. Piwulang kasebut minangka pandom pandaming ngaurip kang digunakake nenimbang tumindake manungsa. Miturut Sugono (2008: 399), *etika* nduweni teges (1) ngelmu ngenani apa kang ala lan apa kang becik, ngenani *hak* sarta kuwajiban *moral*, (2) kekumpulan *asas* utawa nilai kang sesambungan karo akhlak, utawa (3) *asas* tumindak kang dadi paugeran. Saka sakabehe teges *etika* kasebut, minangka bukti nyata menawa *SWI* kagolong minangka sastra piwulang. Tembung *etika* menawa kagandhengake karo tembung Jawa, bakal nuwuhake sawijine teges kang beda maneh. Tembung Jawa nuduhake papan utawa gegayutan karo sipat wewatakan, kang darbe watak. Mula saka iku, *etika* Jawa nduweni teges sawijining paugeran ing babagan becik lan alane tumindake manungsa Jawa utawa piwulang kautaman kang njawani (*sistem moralitas* Jawa).

Reriptan sastra *klasik* bisa kagolong sastra piwulang kabiji becik, salah sijine cara yaiku kanthi mawas paraga kang ngrifta reriptan sastra kasebut. Manut kedaden ing kasunyatan, lumrahe sastra piwulang iku diripta dening para pangarsa kayata narendra lan pujangga kang medharake piwulange tumrap bebrayan agung. Sudewa ngandharake, sastra piwulang ing kasunyatane mung kasalin dening paraga-paraga kang nduweni kawibawan gedhe sajroning *tradisi* lan *mitologi* Jawa, amarga *nilai* sastra piwulang sajroning bebrayan Jawa lelandhesan marang pamawas sapa kang ngrifta (Saputra, 2005: 21). Susuhunan Paku Buwana IX iku wasis ing babagan katatanegaran lan baut ing babagan olah sastra. Reriptan sastra kang wis diripta dening

Susuhunan Paku Buwana IX akeh banget gunggunge, klebu SWI iki. Tumrap sawijine pangarep, samesthine nduweni kuwajiban kanggo menehi pituduh marang pawongan kang ana ing sakupenge. Lumantar SWI iki, Susuhunan Paku Buwana IX menehi piwulang tumrap bebrayan agung.

Pasinaon sastra ana telung jinis, yaiku *teori sastra*, *kritik sastra*, lan *sejarah sastra*. Tumrap sawijine panliten, *kritik sastra* minangka sipayat kang kudu dilungguhi. Wirjosoedarmo (1985: 1) ngandharake, *kritik sastra* yaiku perangan pasinaon sastra kang menehi panyaru-panyaru tumrap asil-asil reriptan sastra ing umume, kayata ngenani teges, asal, wujud, isi, kalungguhan, *rima*, lelewanning basa, *aliran-aliran* sajroning sastra, lan sapanunggalane. Pasinaon sastra *klasik* nduweni tujuwan kang luwih jembar maneh, yaiku kudu medharake isine reriptan sastra kanthi sipayat *kekunaan* marang bebrayan kang asipat *kekinian*. Kahanan kaya mangkono iku ditindakake sajroning panliten iki, saka *objek* panliten yaiku SWI kang bakal kadhudhah isi lan perangan sastra liyane kang ana sesambungane karo *etika Jawa*. Saka asiling ndhudhah isi lan perangane sastra liyane kasebut, banjur kalarasake karo jaman saiki supaya bisa nduweni piguna tumrap bebrayan agung.

## B. METODE

Panliten iki asipat *kualitatif* kang nengenake isine reriptan sastra, sarta digayutake karo kahanan nyata sajroning bebrayan agung. Miturut Moleong (2005: 6) panliten *kualitatif*, yaiku panliten kang nduweni tujuwan kanggo nyinaoni *fenomena* kang ditemoni dening *subjek* panliten, kayata *persepsi*, *motivasi*, tumindak, lan sapanunggalane kanthi cara *holistik* lan *deskriptif* sajroning wujud tembung-tembung lan basa mligi ing sawijining *konteks* kang asipat *alamiah* lan migunakake *metode alamiah*. Panliten *kualitatif* iki asipat luwes, saengga menehi kalonggaran tumrap panliti kanggo ngowahi tata cara panlitene.

*Perspektif* sastra sajroning panliten iki, ditindakake kanggo nggambareke wujude SWI minangka sawijining reriptan sastra kang nengenake marang nilai *estetik*. Panindake *perspektif* sastra iku kabantu kanthi pamarekan *sosiologi* sastra. Cara nindakake panliten kang nggunakake pamarekan *sosiologi* sastra, yaiku kanthi mawas perkara-perkara *sosial* kang kamot sajroning reriptan sastra kasebut, banjur digayutake karo kasunyatan kang dumadi ing bebrayan agung saiki. Perkara-perkara *sosial* kang kamot sajroning reriptan sastra kasebut nuduhake kalungguhane reriptan sastra minangka gegambaraning bebrayan agung. Gegayutane reriptan sastra karo kasunyatan ing bebrayan agung iku

nuduhake pigunane reriptan sastra tumrap bebrayan agung.

*Metode* pangumpuling *data* panliten iki, yaiku *dokumentasi* lan wawancara. *Metode dokumentasi* ditengenake tumrap peranganing *data* panliten kang asipat tulis, dene *metode* wawancara ditengenake tumrap peranganing *data* panliten kang asipat lisan. *Metode analisis* data kang digunakake ing panliten iki, yaiku *hermeneutik*. Panggunane *metode hermeneutik* sajroning panliten kanthi *objek* reriptan sastra *klasik* iki kanthi ora langsung uga wis nglakoni pamacan kanthi cara *heuristik*. Pamacan kang kapisan nggunakake *heuristik*, dene pamacan kapindho nggunakake *hermeneutik*. Panggunane *metode* kasebut mawas marang sipayate reriptan sastra *klasik* kang lumrahe nduweni teges kang rangkep-rangkep.

Panliten iki nggunakake *teori struktur* reriptan sastra minangka wujud *metodologi* panliten kang asipat *praktis*. *Teori struktur* reriptan sastra kang digunakake ing panliten iki kaperang dadi loro, yaiku *struktur lair* lan *struktur batin*. *Teori struktur* reriptan sastra iki ora bakal ditindakake tumrap sakabehe *struktur teks SWI*, nanging ditengenake marang *struktur* reriptan sastra kang laras karo tujuwaning panliten.

*Teknik analisis data* sajroning panliten iki bisa kaperang dadi patang trap-trapan kaya mangkene. Trap-trapan kapisan ditindakake kanthi mawas perangan kang dadi *identitase teks SWI* kang asipat umum, yaiku sinebut kanthi tetembungan *karakteristik*. Trap-trapan kapindho, yaiku mawas marang *struktur* reriptan sastrane SWI kang katinjo saka rong *aspek*, yaiku *struktur lair* lan *batin*. Trap-trapan katelu ditindakake kanthi mawas marang *refleksi etika Jawa* sajroning *teks SWI*, yaiku kanggo mangerteni *etika Jawa* kang dadi inti sarine piwulang luhur utawa *etika Jawa* saka jaman kawuri nalika gesange Susuhunan Paku Buwana IX. Trap-trapan kapapat, yaiku mawas *etika Jawa* kang wis diasilake saka trap-trapan katelu kanggo *direfleksi* tumrap *konteks SWI*. Trap-trapan iki ditindakake kanthi mawas kahanane bebrayan agung kang gegayutan karo *etika Jawa* sajoning *teks SWI*.

## C. ANDHARAN

### 1. Karakterisrike Serat Wira Iswara

Salah sijine perangan kang perlu diandharake luwih dhisik sajroning panliten sastra, yaiku babagan *karakteristike*. Sajroning panliten kanthi *objek SWI* iki, *karakteristike objek* diandharake luwih dhisik. Perkara kasebut nduweni tujuwan kanggo menehi gegembaran umume tumrap reriptan sastra kang dadi *objekte* panliten.

#### a. Irah-irahane

Irah-irahane reriptan sastra kang dadi *objek* panliten iki bisa diweruhi kanthi cetha, yaiku *Serat Wira*

*Iswara*. Irah-irahan kasebut katon tinulis ana samaking buku lan ringkesane reriptan sastra kasebut. Irah-irahan utawa reriptan sastra kasebut ora tinemu ing saperangan katalog museum, kayata ing Museum Sonobudoyo. Sajroning *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid I; Museum Sonobudoyo Yogyakarta* ing kaca 462 lan 540, mung tinemu bab utawa perangane *SWI* bae. Mawas kahanan kang kaya mangkono iku, bisa diandharake yen irah-irahan reriptan sastra iki digawe utawa diwedharake dening paraga kang nindakake alih aksara utawa instansi kang nindakake proyek kasebut.

Perlu kawuningan tegesing irah-irahan reriptan sastra mau ing kene *SWI*. Serat minangka aran kanggo reriptan sastra *klasik* kang lumrahe nggunakake jinising *putika* Jawa *klasik* arupa tembang (macapat). Tegese *Wira Iswara* miturut bausastra kang gumathok kaya mangkene. (1) *Wira* tegese wong lanang, prajurit, utawa kendel, dene *iswara* tegese ratu utawa bendara (Poerwadarminta, 1937: 664). (2) *Wira* tegese wiyar, prajurit, kawasa, sareh, tatas, senapati, prawira, utawa priyantun, dene *iswara* tegese ratu utawa sabda kaluhuran (Winter lan Ranggawarsita, 2007: 302). Bab utawa perangane *SWI* ana rong puluh, yaiku *Gandrung Asmara* (*GA*), *Gandrung Turida* (*GT*), *Wulang Rajaputra* (*WR*), *Wulang Putra* (*WPa*), *Wulang Putri* (*WPi*), *Serat Jayeng Sastra* (*SJS*) *Serat Darmaduhita* (*SDd*), *Serat Darmarini* (*SDr*), *Serat Warayatna* (*SW*), *Serat Menak Cina* (*SMC*), *Serat Panji Jayengsari* (*SPJ*), *Wulang Dalem Paku Buwana IX dhumateng Prameswari* (*WDPBIX*), *Wulang Punggawa* (*WPu*), *Wulang Wanita* (*WW*), *Serat Candrarini* (*SC*), *Amarna Namaning Pethetan Korton, Sekar Patrabalita* (*ANPK*), *Sekar Salisir Kagem Gerongan* (*SSKG*), *Rerepen Nawung Branta* (*RNB*), *Ngelmu Kedhokteran* (*NgK*), lan *Iber-iber* (*Ii*).

**Tabel 1: Tegese Bab utawa Perangane Serat Wira Iswara**

No.	Irah-irahan	Teges
1	<i>Gandrung Asmara</i>	kasengsem ing babagan asmara
2	<i>Gandrung Turida</i>	kasengsem kang diwedharake kanthi sedhiih
3	<i>Wulang Rajaputra</i>	piwulang tumrap putra narendra
4	<i>Wulang Putra</i>	piwulang tumrap putra
5	<i>Wulang Putri</i>	piwulang tumrap putra putri
6	<i>Serat Jayeng Sastra</i>	reriptan sastra kang nduwensi kaluwihan
7	<i>Serat Darmaduhita</i>	reriptan sastra kang ngemot piwulang ngenani kuwajibane para putra putri
8	<i>Serat Darmarini</i>	reriptan sastra kang ngemot piwulang ngenani kuwajibane para putra putri utawa wadon

9	<i>Serat Warayatna</i>	reriptan sastra kang ngemot piwulang tumrap putri ngenani pangati-at
10	<i>Serat Menak Cina</i>	reriptan sastra kanthi wujud crita <i>menak</i> kanthi papane crita ing (negara) Cina
11	<i>Serat Panji Jayengsari</i>	reriptan sastra kanthi wujud crita <i>Panji</i> kang sesambungan karo kaluwihan wanita
12	<i>Wulang Dalem Paku Buwana IX dhumateng Prameswari</i>	piwulang saka Susuhanan Paku Buwana IX tumrap prameswari
13	<i>Wulang Punggawa</i>	piwulang tumrap punggawa
14	<i>Wulang Wanita</i>	Piwulang tumrap wanita
15	<i>Serat Candrarini</i>	reriptan sastra kang ngemot piwulang babagan gegambarane wanita
16	<i>Amarna Namaning Pethetan Korton, Sekar Patrabalita</i>	piwulang ngenani pethetan kraton Surakarta
17	<i>Sekar Salisir Kagem Gerongan</i>	tembang Salisir kanggo gerongan
18	<i>Rerepen Nawung Branta</i>	rerepen nawung branta
19	<i>Ngelmu Kedhokteran</i>	piwulang ngenani ngelmu tetamba
20	<i>Iber-iber</i>	layang

### b. Pangriptane

Reriptan sastra *klasik* lumrahe nduwensi sipat *anonim*, nanging tumrap reriptan sastra *klasik*-kratonan ora kaya mangkono. Panyeute pangripta sajroning reriptan sastra *klasik*-kratonan lumrahe ing purwakane reriptan sastra kasebut. Perkara iku disebabake, (1) para narendra nduwensi kawigaten marang kasusastran Jawa, saengga nyerat reriptan sastra tartamtu kanthi cara pribadi utawa dhawuh marang pujangga lan carik ing kraton utawa (2) kawawas saka sipate reriptan sastra *klasik*-kratonan minangka sastra piwulang kang kudu nduwensi daya kakuwatan kanggo medharake isine. Kalorone perkara iku kang njalari disebutake jenenge pangganggite.

*SWI* kang dicethak sajroning *edisi ilmiah* iku dialih-aksarakake dening Hardjana H.P. *Naskah SWI* kang asli karipta dening Susuhanan Paku Buwana IX ing Kasunanan Surakarta. *Teks SWI* umume karipta dening Susuhanan Paku Buwana IX, nanging ana perangan tartamtu reriptan sastra iku kang karipta dening paraga liya. Perangan *SWI* kang karipta dening Susuhanan Paku Buwana IX, yaiku *GA*, *GT*, *WPa*, *SDd*, *SDr*, *WDPBIX*, *WPu*, *WW*, *APK*, *RNB*, *NgK*, lan *Ii*. Peranganing *teks SWI* kang karipta dening paraga liya, yaiku *WR* lan *Wpi* dening Adisara, *SJS* dening Kanjeng Ratu Kancana, lan *SC* dening R.Ng. Ranggawarsita.

### c. Wektu Ngriptane

*SWI* diterbitake kanthi ilmiah dening Departemen Pendidikan dan Kebudayaan sajroning proyek penerbitan buku wacan sarta sastra Indonesia lan daerah. Terbitan ilmiah kasebut ditindakake ing kutha Jakarta taun 1979. Sajroning teks *SWI* tinemu angka taun kang sinengker ing candra sengkala minangka wektu ngriptane bab utawa perangan tartamtu saka *SWI*.

Tabel 2: Sengkalan sajroning *Serat Wira Iswara*

No	Irah-irahan	Sengkalan	Taun
1	<i>Wulang Rajaputra</i>	<i>sirna sang salira purna</i>	1888 M
2	<i>Wulang Putra</i>	<i>yaksa sirna murtining rat</i>	1883 M
3	<i>Wulang Putri</i>	<i>obahing para wanodya esthining driya</i>	1894 M
4	<i>Serat Darmaduhita</i>	<i>obah guna swareng jagad</i>	1814 M
5	<i>Wulang Punggawa</i>	<i>sri narendra salira purna sajuga</i>	1889 M
6	<i>Wulang Wanita</i>	<i>yitmeng praja cipta kang kawijil</i>	1889 M
7	<i>Serat Candrarini</i>	<i>piyarsakna trusing kang sabda narendra</i>	1874 M
8	<i>Amarna Namaning Pethetan Korton, Sekar Patrabalita</i>	<i>warna ron murti cinandra</i>	1892 M
9	<i>Sekar Salisir Kagem Gerongan</i>	<i>angrasa purna pangesthining pra atmaja</i>	1884 M
10	<i>Rerepen Nawung Branta</i>	<i>raga sirna pandhita di</i>	1879 M

### d. Wujud lan Isine

*SWI* minangka reriptan sastra *klasik* nduweni kaluwihan kanthi wewujudan lan isine kang mligi. Sipat kasebut diduweni *SWI* kanthi kawatasaka gegambaran kang tinemu sajroning reriptan sastra kasebut. Panjlentrehe pirembugan iku bakal diandharake kanthi pamerangan kang luwih njlimet.

#### 1) Jinising Basa

Kawatasaka jinising reriptan sastra kang lelandhesan marang *periodisasine* kasusastran Jawa, saperangan gedhe wujude *SWI* nggunakake basa Jawa *klasik*. Titikane basa Jawa *klasik*, menawa mawas *objeke* panliten bakal luwih gampang dingertenisine. Pamawas kasebut amarga wektu antarane kasusastran Jawa *klasik* lan kasusastran Jawa *modern* utawa *mutakhir* kang lagi lumaku saiki iku isih kagolong cedhak.

Basa Arab dadi rerangkene basa kang melu njurung kaendahan wujud basane *SWI*. Kalungguhane basa Arab kasebut minangka basa panjurung kanggo njlentrehe isine reriptan sastra kasebut. Tuladhane ing pethikan iki.

anglir madu ature pun kaki pandhita di Nursidhi peparab neng tembang tembung jnlentreh tata titis dumunung andunungken wajibing gusti risang narendra putra amengku kaprabun bapa babuning manungsa kang rinilan badale jeng nabi mangkin *lil umiyi* parabnya (WR. P.I.1)

*lil umiyi* wardinipun nenggih makluk ingkang miturut sakarsa ning Hyang kang sipay kayune *Kabibolah* jejuruk kang sinihan dening Hyang Widhi rasul angaken rasa ning Hyang Maha Luhur Muhammad kakikirannya kang madhangi tyase manungsa kang sami manut agamanira (WR. P.I.2)

Senajan gunggunge mung sethithik, nanging *SWI* uga nggunakake basa Melayu sajroning pirembugane. Kahanan kaya mangkono iku, amarga dununge laladan Jawa lan Melayu iku sesamdhingan. Lelandhesan marang kasunyanan kasebut, bisa dadi pamawas mirungan tumrap penganggone basa Melayu sajroning *SWI* iki. Pethikan ngenani perkara kasebut kaya mangkene.

urute duk durung ana tumekane ana yayi sayekti kudu uninga kalawan tuduh kang takyin kinarya rumeksa ring di dhunya kalanya idhup biyar jasad dan jiwa pulang di rumah nyang musthi tidak saya tuhan Allah bikin orang (WDPBIX. P.I.6)

cinampur Malayu basa didimen saka ring mami rehning mudha mbokmenawa tan sarju rarasan yekti ananging ing tyas mami kadereng amrih tinurut tan pegat mrih utama cumadhang ing lahir batin awya ginggang salamine karon jiwa (WDPBIX. P.I.7)

Saka pethikan kasebut bisa dingertenisine tujuwane pangripta nggunakake basa Melayu. Susuhanan Paku Buwana IX minangka pangripta kabiji nduweni pamikiran-pamikiran *kreatif* sajroning kasusastran Jawa. Panjenengane nggunakake basa Melayu kanggo narik kawigatene para mudha tumrap reriptan sastrane.

Kahanan mangkono iku becik amarga reriptan sastra iku wujude piwulang tumrap bebrayan agung, saengga isine reriptan sastra iki bisa katampa tanpa ana kang sisip.

## 2) Jinising Aksara

*SWI* kanthi wujud *tebitan ilmiah* iki wis bisa kawawas kanthi cetha menawa nggunakake aksara Latin. Laras karo pasinaon sastra *klasik* lan *filologi*, saben reriptan sastra *klasik* iku kudu dicaki panliten kang asipat *ilmiah* kanthi tujuwan bisa dimangerten i sine dening bebrayan agung. Cara-cara kang wigati lan kudu ditindakake, yaiku *transkripsi* lan *transliterasi naskah*. *SWI* kang dadi *objek* panliten iki minangka wujud nyata saka panliten *filologi* kang dicakake kanthi rong cara kasebut. Paraga kang nindakake *proses* alih aksara kasebut, yaiku Hardjana H.P. sajroning *projek penerbitan* buku wacan sastra Indonesia lan daerah dening *Departemen Pendidikan dan Kebudayaan*. *Naskah SWI* durung bisa ditemokake, nanging saperangan bab utawa perangane *SWI* bisa dideleng ing Museum Sonobudoyo kutha Yogyakarta. Bukti kang bisa nuduhake perkara kasebut, yaiku *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid I; Museum Sonobudoyo* kang karipta dening Behrend, T.E. ing taun 1990. Saperangan bab utawa perangane *SWI* iku bisa dideleng ing katalog kasebut, yaiku ing kaca 462 lan 540.

## 3) Jinising Tembang

*SWI* minangka reriptan sastra Jawa *klasik*, akeh-akehe dumadi saka wujud basa arupa tembang, mligine yaiku tembang macapat. Senajan kaya mangkono, ana saperangan tembang-tembang kang ora tinemu sajroning golongan tembang macapat, kayata tembang Girisa, Patrabalita, lan Salisir. Jinis-jinis tembang sajroning *SWI* bisa diweduhi ing tabel iki.

**Tabel 3: Tembang-tembang sajroning Serat Wira Iswara**

No.	Irah-irahan	Tembang	Pada
1	<i>Gandrung Asmara</i>	Dhandhanggula	8
		Kinantri	8
		Pucung	7
		Mijil	9
		Sinom	8
		Maskumambang	9
		Gambuh	6
		Asmaradana	7
		Megatruh	9
		Mijil	9
		Asmaradana	7
2	<i>Gandrung Turida</i>	Dhandhanggula	12
		Sinom	9
		Mijil	9
		Kinantri	11
3	<i>Wulang Rajaputra</i>	Dhandhanggula	8
		Sinom	5
		Gambuh	8
		Kinantri	11

		Mijil	12
		Pucung	13
		Maskumambang	10
		Asmaradana	8
		Megatruh	9
		Pangkur	12
		Dhandhanggula	11
		Girisa	7
4	<i>Wulang Putra</i>	Kinantri	31
		Dhandhanggula	16
		Mijil	18
		Gambuh	9
		Sinom	16
		Pucung	24
		Pangkur	12
		Maskumambang	20
		Durma	11
		Megatruh	17
		Asmaradana	17
5	<i>Wulang Putri</i>	Kinantri	23
		Maskumambang	26
		Sinom	15
6	<i>Serat Jayeng Sastra</i>	Dhandhanggula	14
		Mijil	11
		Kinantri	19
		Pucung	14
		Sinom	18
		Maskumambang	26
		Gambuh	15
7	<i>Serat Darmaduhita</i>	Kinantri	32
8	<i>Serat Darmarini</i>	Pucung	14
		Gambuh	10
9	<i>Serat Warayatna</i>	Pucung	16
10	<i>Serat Menak Cina</i>	Mijil	9
		Asmaradana	17
11	<i>Serat Panji Jayengsari</i>	Dhandhanggula	18
12	<i>Wulang Dalem Paku Buwana IX dhumateng Prameswari</i>	Sinom	8
		Kinantri	9
13	<i>Wulang Punggawa</i>	Asmaradana	5
		Dhandhanggula	16
		Gambuh	12
		Maskumambang	9
		Kinantri	20
		Sinom	11
14	<i>Wulang Wanita</i>	Dhandhanggula	13
		Asmaradana	11
		Kinantri	24
		Mijil	15
15	<i>Serat Candrarini</i>	Sinom	13
		Asmaradana	5
		Mijil	6
		Kinantri	13
		Pucung	8
		Gambuh	8
		Megatruh	11
		Maskumambang	49
16	<i>Amarna Namaning Pethetan Korton,</i>	Patrabalita	24

	<i>Sekar Patrabala</i>		
17	<i>Sekar Salisir Kagem Gerongan</i>	Salisir	30
18	<i>Rerepen Nawung Branta</i>	Kinanthy	10
19	<i>Ngelmu Kedhokteran</i>	Sinom	5
20	<i>Iber-iber</i>	Walagita	12
		Pucung	2
		Kinanthy	3

#### 4) Isine Teks

*SWI* minangka sawijining reriptan sastra Jawa *klasik* kang tuwu minangka sastra piwulang. Isine *SWI* iku bisa kawawas saka irah-irahane reriptan sastr kasebut. Saka tembung wira kang kamot sajroning irah-irahan iku nuduhake yen isine reriptan sastra iki arupa piwulang kaprawiran. Teges sawantaha saka tembung kaprawiran pancen nuduhake yen piwulang kasebut kawedharake tumrap prajurit, nanging sejatine ora kaya mangkono. Piwulang kaprawiran iku ora mung katuduhake saka tumindak bae, nanging uga *ideologi*, saengga bisa diwedharake kanggo sakabehing anggotane bebrayan. Kaprawirane saben anggotane bebrayan iku ora padha, amarga manut marang kalungguhan lan jinis klamine. Sajroning panliten iki, piwulang kaprawiran iku sinebut *etika Jawa*.

*SWI* nduweni teges reriptan sastra kang ngemot piwulang kaprawiran utawa kuwanen, mula isine uga ora uwal saka pirembugan kasebut. Isine *SWI* iku bisa diperang manut bab utawa perangane reriptan sastra kasebut kang diwedharake tumrap saben-saben golongan. Isine *SWI* kayata, 1) babagan olah asmara, yaiku *GA* lan *GT*, 2) piwulang tumrap putra, yaiku *WR* lan *WPa*, 3) piwulang tumrap putri, yaiku *WPi*, *SJS*, *SDd*, *SDr*, *SW*, *SMC*, *SPJ*, *WDPBIX*, *WW*, lan *SC*, 4) piwulang tumrap prajurit, yaiku *WPu*, lan bab tambahan, yaiku *ANPK*, *SSKG*, *RNB*, *NgK*, lan *Ii*.

#### 2. Struktur Reriptan Sastrane Serat Wira Iswara

Pirembugan ngenani *struktur* tumrap panliten reriptan sastra wis dadi bab kang wajib diandharake. Cara ngandharake saben panliten ora padha, ana kang diandharake kanthi jlentreh utawa mirungan lan ana kang sinawung sajroning pirembugan liyane. Tumrap panliten iki, *SWI* bakal dirembug *struktur* reriptan sastrane kang kaperang dadi loro, yaiku *struktur* lair lan *struktur* batin.

##### a. Struktur lair

*Struktur* lair tumrap reriptan sastra luwih ditengenake marang kahanan wujude. Wujud laire sastra lumrahe dumadi saka wewujudan basa endah kang ngemot karep-karep tartamtu. *SWI* nduweni wujud lair arupa tembang macapat, mula pirembugan *struktur* lair reriptan sastrane wis mesthi gegayutan karo perkara kasebut. Manut sipate, tembang macapat nduweni saperangan paugeran kang kudu ditengenake sajroning

panggunane, saengga wewujudane nduweni titikan kang mligi lan beda karo wujude reriptan sastra liyane.

##### 1) Guru Gatra, Guru Wilangan, lan Guru Lagu

*SWI* minangka reriptan sastra *klasik* kang awujud tembang macapat, temtu bae ora uwal saka telung paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Saka pamawas kang wis ditindakake, sakabehe jinis tembang sajroning *SWI* iku akeh-akehe tinemu bener utawa panulise laras karo paugeran. Senajan asiling kaya mangkono, nanging isih tinemu saperangan jinis tembang macapat kang salah utawa ora laras karo paugeran telu mau. Tuladhané kaya ing pethikan iki.

roning kamal kang pupus (sinom)  
rapaling wong Islam (sahadat) wohing kunu  
(utawa wahing kudhu) (pace)  
wus adat wongane den pracekani  
anteping budaya gupuh (wagu)  
karane wong iku  
kudu-kudu winurut panggawe becik  
padhangging wayang ginantung (balencong)  
dimene aja malencong (*SJS. P.VII.2*)

Pethikan kang awujud tembang Gambuh iku kawawas ora bener, amarga panulisane ora manut guru gatrane. Tembang Gambuh iku sejatine nduweni guru gatra lima, nanging ing pethikan kasebut ana wol. Larik kapisan tumekane larik kapapat iku kawawas isih manut guru wilangan lan guru gatrane, nanging larik kalima wis ora manut paugeran mau. Guru wilangan lan guru lagune tembang Gambuh ing larik kalima iku kudune *wolu-o*, nanging sajroning pethikan kasebut ana *enem-u*.

##### 2) Pamedhote Gatra Tembang

Jinising puisi Jawa *klasik*, kayata tembang macapat iku lumrahe digunakake kanggo lelagunan utawa sinebut ditembangake. Supaya anggone nembangake bisa becik kudu bisa ngatur anggone ambegan. Tumrape panembang, carane ngatur ambegan bisa ditindakake kanthi cara netepi paugeran ngenani pamedhote gatra tembang macapat. Kanggone pawongan kang nduweni napas landhung bisa langsung sajroning sagatra, nanging kang ora nduweni napas landhung kudu ditengenake pamedhote gatra tembang. Pirembugan iki bakal ngandharake tuladha tumrap pamedhote gatra tembang macapat kang dicakake tumrap *SWI*.

##### a) Gatra kang Isine Limang Wanda

aywa age ngubungi karsa tan yogya  
saringen dipun wening  
pituturing jaman  
kuna manungsa tapa  
den temen sira memundhi

*brekahing bapa*  
nabi ratu myang wali (WPa. P.IX.1)

Gatra ing tembang Durma kang dumadi saka limang wanda, yaiku ing larik kaenem. Unine larik kalima kaya mangkene, *brekahing bapa*. Pamedhote gatra tembang kasebut kang laras karo pugeran, yaiku telu-loro. Cethane kaya mangkene *brekahing / bapa*.

**b) Gatra kang Isine Enem Wanda**

nembang pucung parlu mardi dibyeng kawruh  
*wruhing tatakrama*  
myang nistha madya utami  
tumraping wong wanita salaminira (SW. PI.1)

Pethikan tembang pucung iku, ana gatra tembang kang unine *wruhing tatakrama*. Gatra tembang kasebut yen dietung gunggunge ana enim wanda. Pamedhote gatra tembang kasebut, yaiku loro-papat. Jlentrehe kaya mangkene *wruhing / tatakrama*.

**c) Gatra kang Isine Pitung Wanda**

kasmaran jeng sri bupati  
ingkang lagya mangun suka  
neng Langenarja karsane  
animbalii wadyanira  
*lelangen Jeng Pangeran*  
Prangwadana (Mangkunegara V) kehe catur  
wuta bucu wujil dhengkak (WPu. P.I.1)

Larik kang nuduhake gatra tembang kanthi isi pitung wanda iku ana ing larik lima, yaiku tembang Asmaradana. Unine larik kasebut kaya mangkene, *lelangen Jeng Pangeran*. Pamedhote gatra kang kaya mangkono iku nggunakake pamedhote gatra telu-papat utawa papat-telu. Cethane tumrap pamedhote gatra tembang iku kaya mangkene, *lelangen / Jeng Pangeran* utawa *lelangen Jeng / Pangeran*.

**d) Gatra kang Isine Wolung Wanda**

kinanthi pinurweng kidung  
sri narendra kang mandhiri  
Surakarta kaping sanga  
puwara widagdeng kawi  
wasising gendhing wus kondhang  
mumpuni kidung palupi (WPa. P.I.1)

Sakabehing gatra sajroning tembang Kinanthi iku dumadi saka wolung wanda kabeh, saengga becik banget digunakake kanggo tuladha ing pirembugan mangkene.

kinanthi / pinurweng / kidung  
sri narendra / kang mandhiri  
Surakarta / kaping sanga  
puwara / widagdeng / kawi  
wasising / gendhing / wus kondhang  
mumpuni / kidung / palupi

**e) Gatra kang Isine Sangang Wanda**

wijiling reh siwayeng narpati  
amangripta kintaki kidungan  
kinarya panglipur tyase  
ring tyas dahat wibuh kung  
*amangun kung manggung geng wingit*  
kinarya samudana  
sesendhon sastranung  
manungku ring cipta maya  
kamayaning kiyaming nala maluyi  
miyatting cahya maya (GA. P.I.1)

Tembang Dhandhanggula iku dumadi saka sepuluh gatra kang salah sijine nduwensi sangang wanda. Pethikan saka GA iku nuduhake anane gatra kanthi isi sangang wanda, yaiku ing gatra kalima. Unine gatra tembang iku kaya mangkene, *amangun kung manggung geng wingit*. Pamedhote gatra tembang kasebut nggunakake cara kaya mangkene papat-telu-loro. Cethane ngenani pamedhote gatra tembang kasebut kaya mangkene *amangun kung / manggung geng / wingit*.

**f) Gatra kang Isine Sepuluh Wanda utawa Luwih**

kawite kala wungu  
*bataling tindak manungsa iku*  
candu mina (petis) yen wicara tan patitis  
simpangging wreksa pinuju (nalisip)  
sisiping laku tan menggok (SJS. P.VII.1)

Pethikan kang nuduhake anane gatra tembang kanthi sepuluh wanda iku dumunung ing larik kapindho. Unine gatra tembang kasebut kaya mangkene, *bataling tindak manungsa iku*. Pamedhote gatra tembang kasebut bisa nggunakake cara papat-papat-loro. Pangecake tuladha iki kaya mangkene, *bataling tin / dak manungsa / iku*.

Sutajaya wus widada  
*darbe turun wanudya yu linuwih*  
ginarwa marang sang prabu  
Paku Bwana ping tiga  
apeputra kaping pat kang madeg ratu  
ing mangkyia nurunken marang  
kusuma Surakartaji (WPa. P.VII.8)

Gatra tembang kanthi isi sewelas wanda iku dumunung ing larik kaloro saka tembang Pangkur kasebut. Unine gatra tembang kasebut kaya mangkene,

*darbe turun wanudya yu linuwih.* Pamedhote gatra tembang kasebut, nggunakake paugeran papat-papat-telu. Tuladhane kanthi cetha kaya mangkene, *darbe turun / wanudya yu / linuwih.*

*apeparab Sang Retna Dewi Sulastri  
tuhu yu utama  
legawa anrusing budi  
susila solah pasaja (SC. P.VIII.1)*

Larik kapisan saka tembang Maskumambang iku nduweni gatra tembang kanthi rolas wanda, dene unine kaya mangkene, *apeparab Sang Retna Dewi Sulastri*. Miturut paugeran, gatra tembang kanthi rolas wanda iku bisa kapedhot kanthi cara papat-papat-papat. Pamedhote gatra tembang ing larik kapisan iku cethane kaya mangkene, *apeparab / Sang Retna / Dewi Sulastri*.

### 3) Pamilihe Tembung

SWI minangka reriptan sastra Jawa *klasik* nduweni kaluwhinan, yaiku diripta dening sawijining narendra kang asmane Susuhunan Paku Buwana IX. Kasunyatan kaya mangkono iku bisa ndayani marang becike basaning sastra sajroning SWI. Wujude basaning sastra kang digunakake sajroning SWI, katuduhake kanthi anane pamilihing tembung, kayata kang sinebut *baliswara, dayasastra, purwakanthi, wangsalan, bebasan*, lan sapanunggalane.

#### a) Baliswara

Baliswara minangka sarana kang kudu ditindakake sajroning ngripta tembang macapat, supaya bisa laras karo paugeran tembang, kayata guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Basaning sastra kasebut, uga tinemu sajroning perangan SWI. Pethikan iki minangka tuladhane perkara kasebut.

*yen anaa nanging kiraning tyas ingsun  
maksih kalah anjekining  
gandes luwes amor esmu  
sedhep sumeh merak ati  
gapyak-gapyuk kapinujon (GA. P.IX.6)*

Saka pethikan kasebut tinemu gatra tembang *gapyak-gapyuk kapinujon* ing larik pungkasan. Tembung *gapyak-gapyuk* asale saka tembung *gapyuk* kang kalunguhane minangka wasesa, dene tembung *kapinujon* iku minangka tetenger wektu kang lagi lumaku tumrap tembung *gapyak-gapyuk* lan lumrahe dumunung ing ngarepe. Lelandhesan marang paugeran kasebut, mula gatra tembang iku yen digancarake kudune *kapinujon gapyak-gapyuk*. Pangripta nggunakake gatra tembung *gapyak-gapyuk kapinujon*, amarga mburu guru lagu o ing gatra tembang kang pungkasan kasebut.

#### b) Dayasastra

Basaning sastra kang lumrahe sesambungan karo aksara kang mbrengengeng iku sinebut dayasastra. Kagunan basa iki lumrahe bisa kawawas yen sawijining reriptan sastra ditulis nggunakake aksara Jawa. Tumrap SWI wis *diterbitake ilmiah*, mawas wujude dayasastra iku rada kangelan, amarga ora nggunakake aksara Jawa maneh. Tembung kang lumrahe mujudake dayasastra iku wis tinulis kanthi kawuwuhan aksara mbrengengeng utawa ater-ater anuswara. Senajan kahanane kaya mangkono isih bisa tinemu saperangan tembung kang bisa dadi tuladhane dayasastra.

*kasmaran miyarsa warti  
ngeresing tyas sru *udrasa*  
drawaya ngraras driyane  
anaratas kadi tigas  
ginagas temah wawas  
pinupus nora kapupus  
pinapas nir ingkang was-was (GA. P.VIII.1)*

*iku sayektine gagar  
ping kalih nyenyuda guling  
sanadyan anyuda nendra  
nanging yen linali-lali  
bebasan tanpa kardi  
katranganing nyuda turu  
samya dipun waspada  
upamane sira nini  
wus *mbaliyut* ingkang panggah ciptanira (WPi.  
P.III.9)*

Pethikan kapisan iku ngemot tembung *udrasa*. Tembung *udrasa*, tegese tangis. Panulisane tembung *udrasa* yen ora sinawung ing tembang, yaiku *ngudrasa*. Tembung kasebut minangka tuladha wujude dayasastra, amarga yen pocapane mesthi nuwuahake swara mbrengengeng kaya aksara *m* utawa sinebut ater-ater anuswara. Pethikan kapindho, yaiku tinemu tembung *mbaliyut* minangka wujude dayasastra, kaya ing pethikan sadurunge. Saka rong tuladha kasebut bisa diweruhi anane wujud kang beda, yaiku ing pethikan kapisan ora tinulis nggunakake ater-ater anuswara, dene ing pethikan kapindho wis nggunakake ater-ater anuswara. Cara panulisane tembung dayasastra kang kawawas bener, yaiku panulisane tembung dayasastra ing pethikan kapindho. Panulisan kang ora nggunakake ater-ater anuswara iku lumrahe kanggo panulisane aksara Jawa tumrap tembung kanthi purwaka kang ora bisa luluh karo ater-ater kasebut. Panulisan kaya mangkono iku kanthi paugeran, yen katulis nggunakake ater-ater anuswara bakal nuwuahake gunggungé wilangan kang luwih saka guru wilangane tembang kang dikarepake.

c) **Purwakanthi**

Pirembugan ngenani purwakanthi iku bakal kaandharake kanthi telung tuladha. Tuladha kapisan, yaiku kapethik saka WR kang wujude tembang Dhandhanggula, yaiku dumunung ing pada kaping wolu. Wujude pethikan kasebut kaya mangkene.

*titi teteuh tetela tinali  
lelabuhan leluhuring kuna  
kakenan kabudayane  
tinimbang tumrapipun  
lan kang kanggo ing jaman mangkin  
kinira sinuksmeng tyas  
lan tarining kayun  
ngayomana ing sapraja  
pamudyamba dhuh gusti sang narpasiwi  
ngadila lir sri nata (WR. P.I.8)*

Pethikan kasebut nuduhake anane tuladha tumrap purwakanthi swara. Purwakanthi iku saka arane bae wis bisa kawawas, yen samethine ngrembug aksara swara kang ditulis bola-bali. Larik kapisan saka pethikan ing ndhuwur tinulis kanthi gatra tembang *titi teteuh tetela tinali*. Gatra tembang iku bisa diarani purwakanthi swara, amarga nuduhake panulisan aksara swara *i* lan *e* kang tinulis bola-bali. Aksara swara *i* tinulis ing tembung *titi* lan *tinali*, dene aksara swara *e* tinulis ing tembung *teteuh* lan *tetela*.

*rumaras raras rum-arum  
rum-arumira pinurih  
rumaketa pawongmitra  
memitran samaning janmi  
sapraja ywana bencorah  
rahayuning kang pinurih (WPa. P.I.6)*

Larik kapisan saka pethikan ing ndhuwur ana gatra tembang *rumaras raras rum-arum*. Gatra tembang iku bisa sinebut purwakanthi sastra. Titikane basaning sastra kasebut, yaiku saka anane aksara sigeg kang tinulis bola-bali. Gatra tembang iku yen kawawas nuduhake anane aksara sigeg *r* kang tinulis bola-bali. Tembung-tembung sajroning gatra tembang iku ngemu aksara *r* kabeh, yaiku *rumaras, raras, lan rum-arum*.

*sih sinihaning sawegung  
gung kinudang sapraja di  
dining kanang suru kaonang  
onang jananung sajawi  
wirotama trahing tapa  
turta sinihan dewadi (WPa. P.I.10)*

Saka pethikan iku bisa dingertenin ana saperangan wanda ing pungkasane larik kang tinulis maneh ing wanda kang dumunung ing wiwitane larik bacute. Wanda-wanda kasebut, kayata *gung* ing

pungkasane larik siji kang tinulis maneh ing wiwitane larik loro, *di* ing pungkasane larik loro kang tinulis maneh ing wiwitane larik telu, *onang* ing pungkasane larik telu kang tinulis maneh ing wiwitane larik papat, sarta *wi* ing pungkasane larik papat kang tinulis maneh ing wiwitane larik lima. Lelandhesan kahanan kang kaya mangkono iku, mula pethikan iku minangka purwakanthi basa.

d) **Wangsalan**

Basaning sastra kang awujud wangsalan iku bisa kadeleng ing pethikan tembang iki. Pethikan iku arupa tembang Kinanthi saka pada telulas sajroning WW. Wujude pethikan iku cethane kaya mangkene.

*jaman katon jroning turu (ngimpi)  
marga we kang munggeng tritis (talang)  
den kaepi sakeh wulang  
tinimbang mrih babar budi  
budiman baboning gesang  
sarana parek mring Gusti (WW. P.III.13)*

Pada tembang Kinanthi iku pancen ngemu wangsalan. Basaning sastra iku wujude saemper karo cangkriman, nanging luwih nggampangake pamaca, amarga batangane wis disebutake. Dununge wangsalan ing pethikan kasebut, yaiku ing larik kapisan tumeka katelu. Unine wangsalane kaya mangkene, *jaman katon jroning turu (ngimpi), marga we kang munggeng tritis (talang), den kaepi sakeh wulang*. Wangsalan iku yen kawawas kanthi satiti, larik kapisan lan pakindho minangka cangkrimane lan larik katelu minangka batangane. Jlentrehe ngenani wangsalan iku, *jaman katon jroning turu* iku diarani ngimpi lan *marga we kang munggeng tritis* iku diarani talang. Tembung kang saemper karo pocapane rong tembung kasebut, yaiku kaepi lan wulang kang tinulis ing larik katelu minangka batangane.

e) **Paribasan**

Paribasan minangka basaning sastra kang saemper karo saloka, nanging tegese wantah, dudu pepindhan. Teges kasebut kudu tumancep sajroning pamikiran, supaya ora rancu anggone mawas kagunan-kagunan basa kasebut. Tuladhane basaning sastra kasebut kaya mangkene.

*paribasan wong labet temen tinemu  
aran Kyai Sara  
ing Manggaran dhukuh Pinggir  
ring narmada lelakoni Kyai Sara (WPa. P.VI.11)*

Pethikan kang awujud tembang Pucung ing pada sewelas saka perangan WPa kasebut, ngemu paribasan ing larik kapisan. Unine paribasan iku kaya mangkene,

*paribasan wong labet temen tinemu.* Gatra tembang iku kawawas minangka paribasan, amarga wis nglungguhi paugeran kang dadi titikane paribasan, yaiku unen-unen iku ajeg panganggone lan nduweni teges wantah. Tegese paribasan *wong labet temen tinemu*, yaiku tumrape wong kang nindakake pakaryan utawa panggaweyan kanthi temen kanggo nggayuh panjangkane, mesthi bakal katekan apa kang dadi panjangkane kasebut.

#### f) Bebasan

Basaning sastra kanthi aran bebasan, yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, ngemu surasa pepindhan, lan kang dipindhakake iku kahanane wong utawa tindak-tanduke. Wujude pethikan kaya mangkene.

iku sayektine gagar  
ping kalih nyenyuda guling  
sanadyan anyuda nendra  
nanging yen linali-lali  
*babasan tanpa kardi*  
katranganing nyuda turu  
samya dipun waspada  
upamane sira nini  
wus mbaliyut ingkang panggah ciptanira (WPi. P.III.9)

Pethikan iku nuduhake anane basaning sastra kang awujud bebasan. Dununge bebasan iku ing larik katelu tumekane kalima. Unine basaning sastra iku kaya mangkene, *senadyan anyuda nendra, nanging yen linali-lali, bebasan tanpa kardi*. Makna kang bisa kajupuk saka gatra iku, menawa manungsa iku kepengin nyuda anggone turu, nanging isih durung bisa ajeg anggone nindakake, iku bisa dibebasakake utawa diarani tanpa guna. Tumindak nyuda turu kang ora ajeg sajroning pethikan iku, dipepindhakake kaya tumindak kang ora nduweni piguna.

#### g) Panyandra

Panyandra minangka salah sawijine basaning sastra kang tinemu sajroning SWI. Basaning sastra iku nduweni titikan, yaiku unen-unen kang ngemu surasa nggambiar utawa amarna kaendahan utawa kahanan sarana pepindhan. Tuladhané kaya ing pethikan iki.

jenar pasariranipun  
kadi kancana sinangling  
wadana puksmeng sasangka  
liringe galak amanis  
budiman ingkang umulat  
sedhet dedege respati (SC. P.IV.2)

Pethikan kasebut kajupuk saka SC kang wujude tembang Kinanthi, yaiku ing pada loro. Saka jenenge reriptan sastrane bae wis nuduhake marang dununge

basaning sastra kasebut. Poerwadarminta (1939: 624) ngandharake, candra tegese crita kahanane mawujud sarana pepindhan, Poerwadarminta (1939: 530) uga ngandharake, rini tegese wong (bocah) wadon. Adhedhasar jenenge reriptan sastra kasebut, bisa dingertené yen isine reriptan sastra iku minangka pepindhane wong wadon, cethane ngenani para garwane raden Permadi. Pirembungan iki njupuk tuladha panyandra dewi Srikandhi kang isine kaya wujud gancaran mau.

#### b. Struktur Batin

SWI wujude sastra piwulang, mula nduweni struktur batin kang menjila. *Struktur batine SWI* ora uwal saka wewujudane tembang macapat kang disandhang. Perangan kang bisa diwudhari, kayata *tema* utawa *bab, nada* lan swasana, rasa-pangrasa, lan piweling utawa *amanat*, saliyane iku uga wewatakan lan pananggone tembang macapat.

##### 1) Tema utawa Bab

*Tema* iku minangka punjere pamikiran saka sawijining reriptan sastra. SWI nduweni *tema mayor* lan *tema minor* minangka maknane reriptan sastra. Saka *tema-tema* kasebut, bisa kawiyarake saengga dadi wujud reriptan sastra kang wutuh. *Tema mayor* iki bisa diweroahi sawise kadudut saka sakabehe pirembungan kang ana ing SWI utawa pangumpule saka *tema-tema minore*. SWI minangka jinising sastra piwulang, mula *tema mayore* yaiku pamulang utawa budi pakerti.

*Tema minor* minangka *tema* kang nyengkuyung anane *tema mayor*. Wewujudane *tema minor* sajroning SWI iki maneka-warna, laras karo wujude reriptan sastra iku kang wiyar. Tumrape SWI nduweni *tema minor* kang gegayutan karo pamulang utawa budi pakerti. *Tema-tema minor* SWI kaya mangkene.

##### a) Tema Ka-Pangeranan

Salah sijine piwulang kang kamot sajroning SWI, yaiku piwulang agama. Saka wujude piwulang agama kasebut, bisa dingertené menawa SWI nduweni *tema* ka-Pangeranan utawa *religius* minangka *tema minor*. Pethikan iki minangka tuladha kang nuduhake anane *tema* ka-Pangeranan sajroning SWI.

agama iku perlune yekti  
pikukuhe tetimbanganing tyas  
mrting nistha madyatamane  
mung iku rasanipun  
dalil kadis kang den semoni  
supaya animbangga  
sagunging pra ratu  
wadya kang sawaleng karsa  
pinrih sirep saking kuwasaning aji  
wewaton kitab Kur'an (WR. P.I.3)

Pethikan tembang Dhandhanggula pada telu saka *WR* iku nuduhake anane *tema* ka-Pangeranan utawa *religius*. Sajroning pethikan iku disebutake kalungguhane agama minangka paugeran tumrap budi pakertine manungsa. Sumbering paugeran wong urip iku dumunung ing Al-Quran lan Al-Hadist kang digunakake kanggo punjer lan tetimbangan prentahe Ratu.

**b) Tema Asmara**

*SWI* yen kawatas manut isine, saperangan gedhe dumadi saka piwulang tumrap wanita. Laras karo wewujudan kasebut, Susuhunan Paku Buwana IX minangka pangripta kanthi sengaja ngandharake saperangan piwulange sarana wujud gandrungan kayata *GA* lan *GT*.

wijiling reh siwayeng narpati  
amangripta kintaki kidungan  
kinarya panglipur tyase  
ring tyas dahat wibuh kung  
amangun kung manggung geng wingit  
kinarya samudana  
sesendhon sastranung  
manungku ring cipta maya  
kamayaning kiyaming nala maluyi  
miyating cahya maya (*GA. P.I.1*)

Babagan asmara kang karembug ing tembang kasebut, yaiku saka dayane rasa kasmaran iku bisa digunakake kanggo sesendhon utawa gandrungan. Senajan mung wujude tembang, nanging kanthi sinambi memuji marang Pangeran, mula bakal bisa nambani rasa kasmaran. Lelandhesan marang tuladha iku, mula dununge *tema* asmara minangka *tema minor* ing reriptan sastra iki bisa kabukten.

**c) Tema Patriotik**

*SWI* nduweni pirembugan kang migunani kanggone bebrayan agung. Salah sijine pirembugan kang diwedharake dening Susuhunan Paku Buwana IX, yaiku ngenani *nilai* kaprawiran. Pirembugan iki uga minangka *tema minor* kang nyengkuyung wewujude *SWI*.

mangka perlu pangrunguningsun duk kuna  
ageme Senapati  
Ngalaga Mataram  
ngelmu kanggo ngayuda  
arep nendra mentas guling  
yekti kawangwang  
ywa pegat angulati (*WPa. P.IX.11*)

Kedaden ngenani kawentare Panembahan Senopati minangka Ratu ing Mataram kang nduweni ngelmu paperangan iku nuduhake *tema patriotik*. Saka tembang kasebut kawatas, yen pangripta kepengin menehi kawruh tumrape pamaca ngenani kadadene

Panembahan Senopati ing babagan ulah paperangan. Sawise mangerten, banjur bisa nulad lelakon kasebut. Senajan saka pethikan kasebut ora bisa diweruhi kanthi jangkep lelakone Panembahan Senopati, nanging saorang-orane wis bisa nuduhake anane *tema patriotik* sajroning *SWI*.

**2) Nada lan Swasana**

*Nada* yaiku sawijining pamawase pangripta marang pamaca. *Nada* iku bisa kawatas saka carane pangripta medharake rasa-pangrasane lumantar reriptan sastrane. Saben pangripta iku nduweni *nada* kang beda-beda, amarga panganggone *nada* bisa becik yen laras karo sipate pangripta. *Nada* kang digunakake ngripta reriptan sastra uga kudu dilasaraake karo tujuwane pangripta. Perkara iku kudu ditindakake supaya reriptan sastrane bisa tinampa becik dening bebrayan agung. *Nada* iku bakal nuwuhake swasana tumrake reriptan sastra.

*SWI* minangka reriptan sastra Jawa *klasik*, wujude wiyar banget amarga dumadi saka rong puluh perangan lan diripta dening paraga kang beda-beda. Mawas wewujudane *SWI*, samesthine nduweni *nada* lan swasana kang beda-beda uga. Senajan kahanane kaya mangkono, nanging ing pirembugan iki bakal kawedharake *nada* lan swasana kang paling unggul lan kerep digunakake.

**a) Nada Kharismatik**

*Nada kharismatik* minangka sawijining *nada* kang unggul sajroning reriptan sastra iki. *Kharismatik* yaiku asipat *kharisma*. Sugono (2008: 643) ngandharake, *kharisma* yaiku kahanan utawa kagunan kang ana sesambungan karo ketrampilan kang becik banget ing babagan kapandhegane sawijining pawongan kanggo nuwuhake pangalembana lan rasa nggumun saka bebrayan agung marang dheweke. Pethikan kang nuduhake *tema kharismatik*, kaya mangkene iki.

kinanthi pinurweng kidung  
sri narendra kang mandhiri  
Surakarta kaping sanga  
puwara widagdeng kawi  
wasising gendhing wus kondhang  
mumpuni kidung palupi (*WPa. P.I.1*)

Pethikan tembang iku nuduhake *nada* kang *kharismatik* saka pangriptane. *Nada* kasebut katuduhake kanthi sinebute jenenge pangriptane, yaiku ing larik kaloro lan katelu. Unine gatra tembang ing larik-larik kasebut kaya mangkene, *sri narendra kang mandhiri*, *Surakarta kaping sanga*. Sunan kaping sanga ing kasunanan Surakarta yaiku Susuhunan Paku Buwana IX. Panjenengane minangka sunan kang baut ing babagan

ulah kaprajan lan wasis ing babagan ulah sastra. Kaluwihane Susuhunan Paku Buwana IX ing babgan ulah sastra sinebutake ing pethikan tembang kasebut. Unine kaya mangkene, *puwara widagdeng kawi, wasisinggendhing wus kondhang, mumpuni kidung palupi*. Pethikan ing ndhuwur senajan mung sapada, nanging kawawas bisa dadi patuladhan tumrap panganggone *nada kharismatik* ing *SWI*.

b) *Nada Filosofis*

*Nada filosofis* uga klebu golonganing *nada* kang unggul sajroning *SWI*. Tembung *filosofis* tegese nuduhake kahanan kang asipat *filosofi* utawa *filsafat*. Sugono (2008: 410) ngandharake, *filsafat* yaiku kumpulané pamawas, gagasan, lan laku (sipat) batin kang diduweni dening pawongan utawa bebrayan (*falsafah*). Pethikan iku nuduhake *nada filosofis* kang digunakake sajroning ngripta *SWI*.

aywa age ngubungi karsa tan yogya  
saringen dipun wening  
pituturing jaman  
kuna manungsa tapa  
den temen sira memundhi  
brekahing bapa  
nabi ratu myang wali (WPa. P.IX.1)

Pethikan tembang iku nuduhake *nada filosofis*.

Tumrap sawijining sunan ing Surakarta kang wasis ing babagan ulah sastra, kahanan kasebut panceñ wis trep. Saka pethikan iku, *nada filosofis* katuduhake kanthi anane gatra tembang ing larik kapisan lan kapindho. Unine gatra tembang kasebut kaya mangkene, *aywa age ngubungi karsa tan yogya, saringen dipun wening*. Makna kang bisa kajupuk saka gatra tembang kasebut yaiku samubarang kekarepan iku kudu kawawas kanthi weninge ati lan aja gampang kajurung ing tumindak kang ora becik. Gatra tembang kasebut bisa dadi unen-unen kang ndayani tumprape urip ing bebrayan agung. Kahanan kang kagambar sajroning pethikan iku nuduhake laku *filsafat* kang kudu ditindakake dening bebrayan agung supaya uripe bisa rahayu.

3) *Rasa-pangrasa*

Rasa-pangrasa minangka *aspek* kang wigati tumrape ngripta *puisi*. Rasa-pangrasa iki kang bakal amarnani isine *puisi*. Wujude rasa-pangrasa bisa diwedharake manut ing kekarepane pangripta kang ngripta *puisi* kasebut. Rasa-pangrasa iki ana gegayutane karo pamacane *puisi*, amarga kanggo mangerteni rasa-pangrasa iku bisa ditindakake kanthi cara maca *puisi* iku kanthi banter lan *ekspresif*. *SWI* minangka reriptan sastra kang awujud tembang macapat, uga nganggo rasa-pangrasa sajroning ngriptane. Rasa-pangrasa kang digunakake sajroning ngripta *SWI* ana maneka warna lan cethane nduweni sesambungan karo sipate *SWI* minangka

sastra piwulang. Senajan kahanane kaya mangkono, ana rasa-pangrasa kang kawawas unggul tinimbang rasa-pangrasa liyane.

a) *Rasa Welas Asih*

Rasa welas asih minangka sawijining rasa-pangrasa kang melu ngrenggani perangan rasa-pangrasane *SWI*. Rasa welas lan asih minangka rasa kang nduweni teges saemper. Poerwadarminta (1939: 660) ngandharake, welas yaiku rasa mesakake marang wong liya, dene asih yaiku tresna marang sih (Poerwadarminta, 1939: 20). Tuladha tumrap pirembugan iki kaya mangkene.

dhuh ngger putri putraningsun  
nadyan wus kanthi pinasthi  
marang Hyang Kang Murbeng Titah  
graitaning para putri  
saprahasthaning pra putra  
arantanuning pamikir (WPi. P.I.1)

Pethikan iku nuduhake rasa welas asih saka pangripta *SWI*. Saka basa kang digunakake ing pethikan kasebut kang paling wigati sajroning pamawas iki. Gatra tembang kang kapisan ing pethikan iku unine kaya mangkene, *dhuh ngger putri putraningsun*. Basane gatra tembang iku yen kawawas krasa sareh amarga ora nyebutake jenenge kanthi langsung, nanging mung nyebutake kanthi sesulih *ngger putri putraningsun*.

b) *Rasa Bombong*

Rasa bombong minangka sawijining rasa kang tinemu sajroning reriptan sastra iki. Poerwadarminta (1939: 67) ngandharake, bombong tegese mantep utawa seneng. Rasa-pangrasa kaya mangkono iku bisa katliti sajroning pethikan saka *WR* ing tembang Dhandhanggula pada kalima.

tetela yen gampang mamrih picis  
nagri Surakarta wus kasusra  
wong dagang mesthi payone  
supenuh isinipun  
ironing praja myang desa sami  
lyan bangsa samya krasan  
wismeng dhusun-dhusun  
gampang met pangupajiwa  
tata tentrem dursila mirut awingwrin  
saking marmaning Suksma (WR, P.I.5)

Tuladha kang wujude pethikan tembang Dhandhanggula iku nuduhake panganggone rasa bombong. Isine pethikan iku nuduhake kahanane kasunanan Surakarta. Pangripta minangka pawongan kang urip ing laladan Kasunanan Surakarta rumangsa bombong meruhi kahahane papan dununge kasebut. Lelandhesan marang isine pethikan kang wis

kagancarake kasebut, mula nuduhake rasa-pangrasa bombong bisa dibuktekake.

#### c) Rasa Prihatin

Rasa prihatin uga tinemu sajroning reriptan sastra iki. Prihatin minangka rasa kang dirasakake nalika meruhi kahanan kang sing diarep-arep ora bisa dirasakake asile. Poerwadarminta (1939: 513) ngandharake, prihatin yaiku sedhih merga ngrasakake kasekengan. Tuladha tumrap pirembugan iki, bisa ditiliti ing pethikan tembang Dhandhanggula pada kaping limalas kang kajupuk saka perangan *WPa*.

wus winawas ing jaman samangkin  
akeh wong mangarti basaning lyan  
kapiran basane dhewe  
jamake wong met kawruh  
den salesih wajibireki  
den manggon tekadira  
ywa was-was ing kalbu  
iku lagi ngupayaa  
kawruh liyan dadia busaneng nagri  
ywa malbu kalbunira (*WPa*, P.II.15)

Pethikan kasebut nuduhake anane rasa prihatin saka pangripta. Bisa kadeleng saka saka pethikan kasebut, menawa kahanane wong mudha saiki wis wiwit lali marang budayane dhewe lan wiwit kasengsem marang kabudayan manca negara. Pangripta rumangsa prihatin meruhi kahanane wong anom kang kaya mangkono iku. Kekarepane pangripta iku, senajan nyinaoni budaya manca negara, nanging uga kudu tetep ngelingi budayane dhewe.

#### 4) Piweling utawa Amanat

Piweling minangka perangan kang wigati tumrape reriptan sastra. Tumrape pangripta piweling minangka tujuwan kang kepengin diwedharake dening pangripta lumantar reriptan sastrane, dene tumrape pamaca piweling minangka piwulang kang bisa dialehi sawise maca reriptan sastra. Pamaca bisa mangertenpiweling kasebut sawise maca sakabehe wujude reriptan sastra. Piweling kudu kawawas dhewe dening pamaca, amarga piweling iki gumantung marang pamawase pamaca dhewe-dhewe. Senajan kaya mangkono, wujude piweling iku ora bakal uwal saka *tema* kang kepengin diwedharake. *SWI* kang dumadi saka rong puluh perangan iku nduweni maneka warna piweling. Piweling iku katujokake kanggo bebrayan agung iki supaya bisa didadekake paugeran. Pamawas tumrap piweling ing *SWI* iki bisa digolongake dadi patang piweling.

##### a) Piweling tumrape Priya

Piweling tumrape priya iki salugune minangka piwelinge tumrap anake ratu kang bakal nggenteni kaprabone bapake. Pangripta kepengin menehi piwulang

kanggo anake supaya bisa ora kaget nalika nyekel paprentahane negara. Tuladha saka piweling kasebut kaya ing pethikan iki.

rehning ta maksih taruna  
gustiku sang dibya pekik  
aywa karem peprenesan  
kang tan pantes den lakoni  
sayogyane angathik  
wadya kang utameng kewuh  
pininta wulangira  
lelabuhaning narpati  
kang utama pangreksaning praja wirya (*WR*. P.II.1)

Piweling kasebut nuduhake yen sawijining priya kang ngancik diwasa iku kudu bisa nindakake penggaweyan. Tuladha kang diandharake, yaiku tumrap anake Ratu, kudu bisa mandhegani para prajurit. Penggaweyan iku yen kawawas tumrap jaman saiki yaiku nindakake penggaweyan manut karo kagunane dhewe-dhewe, saengga bisa dadi pawongan kang migunani tumrap negarane. Piweling liyane, yaiku tumrape wong anom kang durung kebak ing sesurupan kudu bisa nulad marang lelabuhane wong tuwa kang becik.

##### b) Piweling tumrape Wanita

Piweling kang diwedharake tumrape wanita ing *SWI* iku gungunge akeh banget. Mawas marang wewujudane *SWI* kang kaya mangkono, mula bakal kajupuk saperangan minangka tuladha. Pethikan ing ngisor iki minangka tuladha tumrap piweling kanggo putra putri.

di adining putri prabu  
utameng tyas kang pinusthi  
tegeze utama sabar  
mring pancabayaning ati  
tinampuan sukur lan lila  
legaweng tyas nrusing budi (*WPi*. P.I.15)

Wujude piweling tumrape wanita saka pethikan kasebut, yaiku anane saperangan sipat kang kudu diduweni. Sipat-sipat kasebut kaya kang wis diandharake ing wujud gancaran ing ndhuwur. Para wanita kudu nduweni sipat becik ing ndhuwur mau, supaya bisa mikolehi jodho lan nurunake putra kang bagus lan becik.

##### c) Piweling tumrape Wong Ngaluhur

Piweling tumrape wong ngaluhur iku bisa dideleng ing pethikan tembang iki. Pethikan tembang kasebut, yaiku tembang Maskumambang ing pada kapisan sajroning perangan *WR*. Wujude pethikan kasebut kaya mangkene.

harjaning kang praja myang isine sami  
kuwasaning raja  
sabyantuning naya kaki  
ing batin purbaning suksma (WR. P.VII.1)

Wong ngaluhur kang dikarepake sajroning pirembugan iki, yaiku sawijining pangarsa praja. Piweling tumrape wong ngaluhur kaya mangkene, katentremane praja iku minangka kuwajibane pangarsane. Saliyane iku anggone mandhegani kawula sapraja iku uga dikantheni nganggo sipat wicaksana. Sawijining pangarsane praja kang gelem nindakake piweling iku, kajab bisa ndayani marang luhure praja kang dipandhegani.

#### d) Piweling tumrape Wong Cilik

Pethikan tembang iki minangka tuladha piweling tumrape wong cilik. Pethikan kasebut kajupuk saka WR kang awujud tembang Asmaradana. Wujud pethikane kaya mangkene.

aturira marang gusti  
iku pancadan utama  
mirmakake utamane  
mring karsane gustinira  
iku tetepe tresna  
wajibe wong dadi batur  
males rumekseng bendaro (WR. P.VIII.2)

Pethikan mau mujudake piweling marang para pamaca ngenani kuwajibane wong cilik. Kuwajibane wong cilik iku kudu nduweni pangucap lan tumindak kang becik marang bendarane utawa pangarepe. Tujuwane pawongan nduweni pangucap lan tumindak becik iku ora kango wong liya, nanging asiling kanggo pawongan iku dhewe. Kajab kanthi nindakake piweling kasebut, sawijining pawongan iku bisa tansah ngati-ati sajroning nindakake panggaweyane.

#### 5) Wewatakan lan Panganggone Tembang

Pirembugan iki minangka perangan kang asipat njangkepi pirembugan babagan *nada* lan swasana, sarta rasa-pangrasane reriptan sastra kang wis dirembug sadurunge, amarga nduweni wujud tintingan kang saemper. Wewatakan tembang macapat melu ndayani tumrap panganggone sajroning reriptan sastra. SWI dumadi saka maneka jinis tembang macapat. Perkara iku manut marang tujuwan pangriptane reriptan sastra, yaiku menehi piwulang tumrap sakabehe bebrayan agung. Perkara iku kawatas laras banget, saka jinising tembang macapat kang akeh gunggunge iku bisa digunakake kanggo medharake piwulang tumrap sadhengah pawongan ing bebrayan agung. Jlentrehe ngenani perkara kasebut kaya mangkene.

**Tabel 4: Wewatakan Tembang Macapat sajroning Serat Wira Iswara**

No.	Irah-irahan	Tembang	Watak	Pangang-gone
1	<i>Gandrung Asmara</i>	Dhan-dhanggula	luwes utawa resep	gandrung-an
		Kinanthi	tresna	gandrung-an
		Pucung	kendho	crita asmara kang sakepenake
		Mijil	wedhare rasa	gandrung-an
		Sinom	renyah utawa grapyak	medharake pitutur asmara
		Masku-mambang	nelangsa	crita asmara kang nelangsa
		Gambuh	rumaket utawa kulina	medharake pitutur asmara
		Asmara-dana	sedhih	crita asmara
		Megatruh	sedhih lan kingkin	medharake rasa nelangsa
		Mijil	wedhare rasa	crita gandrung-an
2	<i>Gandrung Turida</i>	Asmara-dana	seng-sem	crita asmara
		Dhan-dhanggula	luwes lan resep	gandrung-an
		Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur bab asmara
		Mijil	wedhare rasa	gandrung-an
3	<i>Wulang Ratuputra</i>	Kinanthi	asih	crita asmara utawa gandrung-an
		Dhan-dhanggula	luwes lan resep	medharake pitutur
		Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur
		Gambuh	rumaket lan kulina	medharake pitutur
		Kinanthi	asih	medharake pitutur
		Mijil	wedhare rasa	medharake pitutur
		Pucung	kendho	crita tanpa kamem-pengan
		Masku-mambang	nelangsa	medharake rasa pangrasa kang nelangsa
		Asmara-dana	sedhih	crita medharake rasa tresna
		Megatruh	sedhih lan	medharake rasa keranta-

		kingkin	ranta			nelangsa
	Pangkur	sereng	medharake pitutur kang sereng		Gambuh	rumaket lan kulina
	Dhan-dhanggula	luwes lan resep	medharake pitutur	7	Serat Darma-duhita	Kinanthy
	Girisa	wanti-wanti	medharake pitutur kanthi wanti-wanti	8	Serat Darmarini	Pucung
4	<i>Wulang Putra</i>	Kinanthy	asih	medharake pitutur	Gambuh	rumaket lan kulina
		Dhan-dhanggula	luwes lan resep	medharake pitutur	9	Serat Wara-yatna
		Mijil	wedhare rasa	medharake pitutur	10	Serat Menak Cina
		Gambuh	rumaket lan kulina	medharake pitutur	Mijil	wedhare rasa
		Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur	Asmara-dana	seng-sem
		Pucung	kendho	crita tanpa kemem-pengan	11	Serat Panji Jayeng-sari
		Pangkur	sereng	crita kang sereng	Dhan-dhanggula	luwes lan resep
		Masku-mambang	nelang-sa	medharake rasa pangrasa kang nelangsa	12	Wulang Dalem Paku Buwana IX dhuma-teng Prames-wari
		Durma	muntab	medharake rasane ati kang nepsu	Kinanthy	asih
		Megatruh	sedhilih lan kingkin	medharake rasa gegetun	13	Wulang Punggawa
		Asmara-dana	prihatin	crita asmara	Asmara-dana	seng-sem
5	<i>Wulang Putri</i>	Kinanthy	asih	medharake pitutur	Dhan-dhanggula	luwes lan resep
		Masku-mambang	nelang-sa	medharake rasa pangrasa kang nelangsa	Gambuh	rumaket lan kulina
		Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur	Masku-mambang	nelang-sa
						medharake rasa pangrasa kang nelangsa
6	<i>Serat Jayeng Sastra</i>	Dhan-dhanggula	luwes lan resep	medharake pitutur	Kinanthy	asih
		Mijil	wedhare rasa	medharake pitutur	Sinom	renyah lan grapyak
		Kinanthy	asih	medharake pitutur	14	Wulang Wanita
		Pucung	kendho	crita tanpa kemem-pengan	Dhan-dhanggula	luwes lan resep
		Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur	Asmara-dana	prihatin
		Maskumam-bang	nelang-sa	medharake rasa pangrasa kang	Kinanthy	asih
					Mijil	wedhare rasa
					15	Serat Candra-rini
					Sinom	renyah lan grapyak
					Asmara-dana	seng-sem
					Mijil	wedhare

			rasa	pitutur
	Kinanthi	seneng	medharake pitutur	
	Pucung	kendho	crita kang sakepenake	
	Gambuh	rumaket lan kulina	medharake pitutur	
	Megatruh	sedhilih lan kingkin	medharake rasa pangrasa sedhilih	
	Masku-mambang	nelang-sa	medharake rasa pangrasa kang nelangsa	
16	<i>Amarna Namaning Pethetan Korton, Sekar Patrabalita</i>	Patrabalita	-	-
17	<i>Sekar Salisir Kagem Gerongan</i>	Salisir	-	-
18	<i>Rerepen Nawung Branta</i>	Kinanthi	tresna	gandrung-an
19	<i>Ngelmu Kedhok-teran</i>	Sinom	renyah lan grapyak	medharake pitutur
20	<i>Iber-iber</i>	Walagita	-	-
		Pucung	kendho	crita kang sakepenake
		Kinanthi	asih	medharake pitutur

### 3. Refleksi Etika Jawa sajroning Teks Serat Wira Iswara

Pirembungan iki minangka andharan kang njlentrehake refleksi etika Jawa sajroning teks SWI. Refleksi iki minangka salah sijine cara kang digunakake kanggo nggoleki wewujudane etika Jawa sajroning teks SWI kang kalungguhane minangka inti sarine etika bebrayan agung ing jaman kasebut. Wujude etika kang kamot sajroning SWI iku minangka inti sarine etika Jawa kang digunakake dening bebrayan agung nalika reriptan sastra kasebut karipta, yaiku kurang luwih padha karo gesange Susuhunan Paku Buwana IX ing antarane taun 1830 tumekane taun 1893 utawa abad 18 M. Etika Jawa kang kamot sajroning SWI kaya mangkene.

#### a. Etika Jawa tumrape Wong Ngaluhur

Golongan wong ngaluhur kang dikarepake sajroning SWI iki luwih tumuju marang sawijining Ratu minangka pangarsane praja. Tumrape para pangarsane praja iku, saperangan gedhe uripe dumunung ing kraton. Kalungguhan kasebut kagolong dhuwur, yen

katandhingake kalungguhane wong cilik kang dumadi saka para prajurit lan kawula. Endraswara (2010: 140) ngandharake, Ratu kudu nduweni wolung sipat kang sinebut astha brata, yaiku watake dewa cacah wolu. Watake dewa cacah wolu iku, kayata (1) Endra, nurunake turun kang wrata, (2) Yama, menehi paukuman marang wong kang luput, (3) Surya, ngati-ati, alon-alon supaya ora nandhang bot-repot, (4) Candra, becik yen disawang, akeh gumuyune, manis, (5) Bayu, ngematake sakabehe tumindak, (6) Kuwera, asipat asih, menehi panganggo kang endah, ora sawenang-wenang, (7) Baruna, ngadili durjana, tliti sajroning ngadili, lan (8) Brama, mbakar kang nindakake tumindak ora becik. Astha brata iku minangka budi luhur kang kudu ditindakake dening sawijining Ratu.

#### 1) Njaga Kaluhurane Praja lan Panguwasane

Ratu minangka pangarsane praja iku nduweni kuwajiban kang ora entheng, amarga ora mung nduweni tanggung jawab marang dhiri pribadi lan kulawargane, nanging uga marang kawulane. Ratu nglungguhi dhampar keprabon kanggo mandhegani sakabehe kawulane sapraja, mula kudu bisa njaga kaluhurane praja lan panguwasane.

atur ulun ingkang wus kawijil  
sayogya rinaos  
dhuh gustiku wus ndungkap wektune  
akil baleg wajibe ngawruhi  
prakaraning nagri  
paraboting hukum (WR. P.V.1)

murat maksude kudu ginalih  
lan ngulama kaot  
supaya trang ing galih tan cewet  
tinimbanga lan adating nagri  
ingkang wus linuri  
leluhur pra ratu (WR. P.V.3)

kudu-kudu linalar linuri  
luhuring kaprabon  
sinuksmeng tyas priye bubukane  
saking asor dadi luhur yekti  
tinanyakna maring  
para sepuh-sepuh (WR. P.V.3)

Sawijining Ratu iku nduweni kuwajiban kang kudu ditindakake, yaiku njaga kaluhurane praja lan panguwasane. Kuwajiban iku sabisa-bisane kudu ditindakake dening sawijining Ratu supaya kalungguhane minangka pangarsa bisa lestari. Manut pethikan mau, cara kang kudu ditindakake kanggo njaga kaluhurane praja lan panguwasane, yaiku kudu nenimbang kanthi becik perkara negara lan piranti hukume. Tumrape Ratu kang isih mudha, kudu bisa ngleluri kaluhurane leluhur

kanthi tansah cedhak lan njaluk sesurupan marang ulama minangka guru kang wasis sajroning ngelmu.

## 2) Memayu Karahayon

Ratu minangka pawongan kang wis pinilih dening kawulane kanggo mandhegani lan nduweni tanggung jawab marang kawula kang dipandhegani. Pamawas iku yen kawawas luwih jembar maneh, kuwajibane Ratu iku ora mung marang wujude manungsa bae, nanging kudu bisa memayu hayuning bawana.

kayumanan ing sakayun  
mamayu isining bumi  
mardawa darunanira  
riringane wus rinukti  
tan pepeka lumaksana  
pinardi dimen lestari (WPa. P.I.13)

Memayu isine bumi minangka *etika* Jawa tumrape wong ngaluhur kang kudu ditengenake saka pethikan mau. Wujud memayu isine bumi iki minangka wujud kang jembar saka tumindak memayu. Sawijining pangarsane praja kaya Ratu iku nduweni kawenangan kanggo nata wewengkone. Supaya bisa becik anggone nata wewengkone, sawijining Ratu becike nengenake marang *etika* Jawa sajroning pethikan iku mau.

## 3) Asih marang Andhahane

Ratu minangka pangarsane praja kudu nduweni sipat asih marang andhahane. Salah sawijining andhahane ratu, yaiku prajurit. Sakabehing dhawuhing Ratu iku kudu ditindakake dening para parjurit, amarga kanggo kabecikane prajane. Prajurit nduweni kuwajiban nindakake dhawuhing Ratu, dene Ratu kudu bisa tumindak asih marang prajurit. Ratu lan prajurit kudu bisa nindakake panggaweyan iku kanthi laras, supaya kahanane praja bisa becik lan tumata.

yen sinewa den awas ningali  
marang wadya apa karyanira  
aywa dhompo pamintane  
mring karya wajibpun  
tuwin wadya ciptane rungsit  
tan bares sedya lawan  
parentahireku  
wong agung aywa kuciwa  
agal-alus mring karepe wadya mamrih  
durcara tan prasaja (WPa. P.II.14)

Pethikan mau nuduhake anane pituduh marang Ratu supaya bisa tumindak asih marang para prajurite. Ratu minangka pangarsaning praja, wis samesthine mangerteni sakabehe tumindake para prajurit. Ratu kang mangerteni kahanane prajurit iku luwih gampang kanggo menehi prentah lan bisa gampang anggone nggayuh

tujuwane paprentahane. Kasil lan orane sawijining tujuwane paprentahan iku uga gumantung marang panyawijining Ratu lan para prajurit utawa andhahane. Endraswara (2010: 140) ngandharake, pangarsa kudu nengenake marang *etika* kang padha pangertene karo andhahane, supaya bot-repote negara bisa diayahi. Sakabehe iku bakal mawujud yen dilambari kanthi *manunggaling kawula-Gusti*.

## 4) Memitran karo Bangsa Liya

Pangarsane praja, kayata sawijining Ratu iku nduweni panguwasa manjero lan manjaba. Panguwasanane Ratu manjero iku wis lumrah lan luwih gampang anggone ngolehake tinimbang panguwasa manjaba. Panguwasa manjero iku dituduhake kanthi anane tumindak manut saka kawula marang prentah Ratune, dene panguwasa manjaba iku dituduhake kanthi anane sesambungan utawa memitran kang becik antarane praja siji lan liyane, kanthi *simbol* yaiku sesambungan para Ratune.

pamitran sakehing bangsa  
prayogane den kawruhi  
lair batine den kena  
tinitiha den patitis  
tumraping kawruh sami  
ywa dhompo pamintanipun  
wijange kinawruhan  
tumraping angga pinardi  
dadine kanggongin kawruh ywa bencorah (WPa. P.V.14)

Wujude *etika* Jawa tumrap wong ngaluhur ing pethikan iku katuduhake kanthi anane piwulang supaya nindakake memitran karo bangsa liya. Piwulang iku dijlentrehake, yen nindakake memitran karo bangsa liya iku ora mung dideleng saka laire bae, nanging uga kudu dideleng saka batine. Piwulang iku kudu ditindakake supaya anggone memitran bisa nuwuhake asil kang becik tumrape bangsa kangnindakake memitran kasebut. Babagan kang wigati sajroning memitran, kanggo bisa mangerteni sipate saben bangsa. Bangsa kang nindakake memitran uga kudu ngelingi marang unen-unen *desa mawa cara negara mawa tata*. Santosa (2012: 118) ngandharake, *desa mawa cara negara mawa tata* iku nduweni teges desa nduweni aturan dhewe lan negara mempunyai tatan dhewe.

### b. Etika Jawa tumrape Wong Cilik

Wong cilik yen kawawas saka kalungguhane bae, wis katon beda karo wong ngaluhur sajroning pirembutan iki. Miturut Kuntjaraningrat (1984: 231), warga kutha saperangan gedhe gunggunge yaiku para tukang kang penggewene kasar (*tiyang alit*: basa krama saka wong cilik) kayata dagang cilik-cilikan, buruh cilik, lan tukang-tukang kang ana ing pasar, ing pinggir dalan, utawa ing warung-warung. Manut kalungguhane, wong cilik iku nduweni kalungguhan kang suwaliye karo wong ngaluhur. Lelandhesan saka kalungguhane, pramila *etika*

Jawa kang diduweni dening wong cilik uga beda karo wong ngaluhur. Endraswara (2010: 142) ngandharake, *etikane* wong cilik dumadi saka nindakake tumindak kaya mangkene, (1) nengenake wiradat utawa pangupayane dhewe, melu ombyaking kahanan utawa pangrembakane jaman, (2) sregep nyambut gawe, (3) ngrewangi njaga katentremane negara, (4) njaga supaya negara ora rugi, (5) melu njaga negara yen ana bebaya, sarta (6) aja lila yen negarane dirusak dening wong liya.

### 1) Sregep Seba marang Pangarsa

Sawijining kawula utawa prajurit minangka jejere wong cilik, nduweni kalungguhan kang luwih cendhek tinimbang Ratu lan punggawa praja liyane. Adhedhasar kalungguhan mau, kawula utawa prajurit iku kudu nindakake kuwijabane, yaiku seba utawa sowan marang pangarsa. Saben praja iku nduweni *tradisi* seba kang ditindakake nalika Ratune tedhak siniwaka ing sitinggil kraton. Seba kudu ditindakake dening kawula utawa prajurit kanggo tandha bekti marang Ratune.

suku jungkung (welah) layar kaga (swiwi)  
den parigel salahira sumiwi  
bayem arda (lateng) kursi agung (remban)  
den anteng neng paseban  
aja mulih lamun durung wayahipun  
den nedya suwiteng nata  
aja kesed aneng panti (*WPa. P.VII.2*)

Isine pethikan mau, yaiku ngenani wigati para punggawa praja lan prajurit kang nindakake seba menyang Ratune. Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake yen sawijining punggawa utawa prajurit iku kudu prigel tumindake. Pirembugan kang wigati, yaiku carane wong kang seba ing sitinggil kraton. Carane wong seba manut pethikan mau mau, yaiku kudu anteng lan ora oleh mulih yen durung wektune. Tumindak-tumindak kaya mangkono iku kang kudu ditindakake dening wong kang suwita marang Ratu ing praja.

### 2) Merak Ati lan Sumarah marang Karsane Gusti

Kawula kang kepengin oleh ganjaran iku kudu bisa nyenengake atine Gustine. Cara kang bisa ditindakake kanggo nyenengake atine Gusti iku akeh banget jinising, salah sijine yaiku kanthi tumindak merak ati lan sumarah. Sejatinne tumindak loro iku gampang anggone nindakake, yen saben pawongan nduweni sipat lila lan sabar. Senajan kaya mangkono, cak-cakane tumindak loro iku bisa uga abot yen ora dikulinakake lan ora ngrumangsani yen uripe kinayoman dening Gusti.

kalosa kentaring toya (*sarah*)  
jobin citra wijil Eropah nagri (*marmer*)  
den merak ati ing tembung  
sumarah ing sakarsa  
marang gusti suling kukila kang muluk (*sawangan*)  
arka kang munggeng wadana (*tingal*)  
sawangen tingaling gusti (*WPa. P.VII.3*)

Pethikan tembang mau nggunakake kagunan basa, yaiku wangsalan kanggo medharake piwulange. Miturut Susuhunan Paku Buwana IX, sawijining prajurit utawa kawula iku kudu bisa nyenengake Gustine. Tumindak kaya mangkono iku wis dadi kuwajiban tumrape para prajurit. Prajurit kang gelem nindakake tumindak iku bakal ditresnani dening Gustine lan bisa mundhak kalungguhane. Endraswara (2010: 166) ngandharake, R.Ng. Ranggawarsita tau medharake unen-unen *sing sapa ngerti ing panuju, prasasat pagere wesi*. Tegese unen-unen iku kaya mangkene, sapa bae kang ngerti carane nyenengake wong liya, dheweke kaya pinageran wesi.

### 3) Temen lan Taberi

Wong cilik uga nduweni *etika* Jawa kudu ditindakake, salah sawijining yaiku temen lan taberi. Sipat kolorone iku minangka lelambaran wong kang nindakake suwita marang Ratu ing kraton. Poerwadarminta (1939: 601) ngandharake, temen tegese terusing ati kalawan mempeng, dene miturut Poerwadarminta (1939: 584) taberi tegese sregep sarta tlaten. Rong tembung iku nduweni teges kang saemper.

kang kakiki sayektine ingkang wredhi  
basa wong suwita  
kudu temen lan taberi  
ras arasnya binuwang (*WPu. P.IV.3*)

Pethikan tembang saka *SWI* iku ngemot piwulang kanggone wong cilik kang bakal suwita marang Ratu. Manut pethikan mau, sipat kang kudu diduweni dening wong kang bakal suwita marang Ratu, yaiku kudu temen lan taberi. Rong sipat iku minangka sangu kang ora kena ditinggalake dening wong kang bakal suwita ing praja. Andharan mau laras karo unen-unen *sapa teken golek teken bakal tekan*. Santosa (2012: 126) ngandharake, *sapa teken golek teken bakal tekan* iku tegese sapa teken nggolek teken bakal tumeka panjangkane. Tembung teken ing andharan iku ora ateges teken sawantahe, nanging teken iku bisa diarani sawijining sarana kanggo nggayuh panjangka.

#### c. Etika Jawa tumrape Putra Putri lan Rabi

*Etika* Jawa kanggone wanita iku kudu luwih ditengenake, amarga mawas kalungguhane wanita iku kang rumpil. S. Poedjowardojo sajroning pethikan mancawarna ngandharake, tumraping lare estri pancen kathah sawan saha awisipun, keladuk ing gujeng, kesoran ing pangandikan, kekesahan piyambak, punika sedaya asring nuwuhaken alangan alangan ageng, menggahing para putra putri (Endraswara, 2010: 12). Intine saka panemu mau, menehi katrangan menawa anane pambeda antarane *etikane* wanita lan priya sajroning bebrayan Jawa. Endraswara (2010: 149) ngandharake, *etika* Jawa kanggone wanita iku kaperang dadi loro yaiku sesambungan karo bebrayan lan karo lakine. Sesambungan karo bebrayan yaiku kudu njaga *etika* kanthi (1) ngati-ati, (2) asipat gemi, (3) njaga kaluhuran, sarta (4) sakabehe tumindake kudu dipikirake kanthi

wening lan tujuwan kang becik. Sesambungan karo lakine yaiku (1) sregep, (2) nyungkiri tumindak cacat, (3) aja nengenake kabutuhan pribadi, (4) kudu empan papan, lan (5) kudu nenimbang sakabehe perkara (duga-duga).a

### 1) Wulang Wanita Babagan Takdir

Wanita minangka titah Pangeran kang nduweni rasa alus. Lumraha para wanita luwih nengenake marang rasa-pangrasa nalika nindakake samubarang penggaweyan, klebu nalika wanita nalika meruhi takdire. Poerwadarminta (1939: 586) ngandharake, takdir yaiku pepesthen utawa saka karsane Allah. Wanita nalika nampa takdir utawa pepesthen iku ora gampang anggone nata atine. Wanita nalika nampa takdir kang becik bisa nuwuhake rasa kang gumedhe, dene nalika nampa takdir kang ala bisa nuwuhake rasa sedhiih kang matumpatumpa.

satuhune sira durung  
terang lir hyang murbeng pasthi  
marma ngger putra wanudya  
samya sedyaa ing ati  
tata titining cumadhang  
angadhang takdiring widhi (WPi. P.I.13)

di adining putri prabu  
utameng tyas kang pinesthi  
tegese utama sabar  
mring pancabayaning ati  
tinampelan sukur lan lila  
legaweng tyas nrusing budi (WPi. P.I.14)

Wanita kang nduweni rasa-pangrasa kang alus, kudu bisa mapanake atine kanthi becik nalika nampa takdir. Manut isine pethikan mau, nalika wanita nampa takdir iku kudu linambaran kanthi ati kang tumata, amarga takdire Pangeran iku durung bisa dingerten yen durung kelakon. Susuhunan Paku Buwana IX uga njangkepi katrangane ngenani ati kang tumata iku kanthi nduweni sipat sabar. Andharan iku laras kaaro unen-unen iki, Achmad (2012: 56) ngandharake, *sabar iku lire momot kuwat nandhang sakabeheh coba lan pandhadharaning ngaurip*. Kekarepane saka unen-unen iku, dibebasakake minangka sawijining cagak utawa saka kang bakuh, mula sipat sabar bakal bisa nyangga wanguan supaya tetep ngadeg, senajan ana angin kang ngguncang wanguan iku. Saliyane kanthi ati kang sabar, takdir iku bisa tinampa kanthi sukur lan lila. Manut pethikan mau, dununge ati kang tumata iku bisa ketara tumrape wong kang nduweni sipat sabar, sukur, lan lila.

### 2) Laku Patang Perkara nalika Ketaman Pacoban

Wanita iku luwih sedhiih sajroning ati nalika nandhang pacoban, tinimbang priya. Tembung pacoban iku dumadi saka tembung lingga coba. Poerwadarminta (1939: 645) ngandharake, coba nduweni teges neter arep supaya nyumurupi kahanan kang sejatine. Manut teges kang wis diandharake mau, Pangeran iku menehi

pacoban marang titahe supaya nyumurupi kahanan kang sejatine.

sumurupa ing laku kawan prakawis  
dhiihin yen kataman  
ing coba kudu mangesthi  
budi temen lan tarima (WPi. P.II.3)

kang kapindho dhuh angger lakuning ati  
yen kataman rundah  
legawa lila den kesthi  
kaping tri lakuning jiwa (WPi. P.II.4)

ing sarehning dumadine jiwa nini  
wus alus kalawan  
sukci sira kudu musthi  
kandel-kumandeling suksma (WPi. P.II.5)

kang kaping pat lakuning rahsa sarehning  
rahseku wus mulya  
kudu musthi awas eling  
maring kodrating hyang suksma (WPi. P.II.6)

lawan maning sumurupa putra mami  
lakuning agesang  
iku satuhune mesthi  
kataman suka sungkawa (WPi. P.II.7)

Pethikan tembang saka SWI mau nuduhake anane patang perkara kang kudu ditindakake dening wanita nalika nampa pacoban. Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake, nalikane nampa pacoban iku kudu linambaran kanthi sipat temen lan nriman. Saliyane iku pacoban kudu tinampa kanthi legawa lan lila. Sipat-sipat sabanjure kang ana sesambungane karo andharan sadurunge, yaiku kandele ati sarta awas lan eling iku uga kawawas bisa kanggo nyandhet pacoban. Santosa (2012: 122) ngandharake, *kridhaning ati ora bisa mbedhah kuthaning wesi*, tegese penggaweyane ati iku ora bisa njebolake bebentenge pepesthen.

### 3) Panca Wisaya

Panca wisaya dumadi saka rong tembung yaiku panca lan wisaya. Miturut Poerwadarminta (1939: 466), panca iku asale saka basa kawi kang tegese lima, dene Poerwadarminta (1939: 466) ngandharake, wisaya tegese pirantine pancadriya. Saka andharan iku, panca wisaya nduweni teges limang perakara kang ana sesambungane kara pirantine pancadriya.

dhuh putrengsun samya sumurupa nini  
tegese kang panca  
wisaya mengko winarni  
ingkang kapisan rogarda (WPi. P.II.18)

maksudira laraning badan sayekti  
kalih sangsararda

yeke rekasaning dhiri  
katelu ingkang winarna (*WPi. P.II.19*)

wirang arda tegese laraning ati  
kaping pat cuwarda  
yeke rekasaning ati  
durgarda pringganing nala (*WPi. P.II.20*)

dhuh ngger srananira kang sawiji-wiji  
bab panca prakara  
juga yen kataman sakit  
ing badan enggal ngesthia (*WPi. P.II.21*)

setyaning tyas lawan legawa kaping dwi  
manawa kataman  
rekaeng angganta nini  
angesthia betah ngangkah (*WPi. P.II.22*)

lawan lembah manah dene kang kaping tri  
menawa kataman  
laraning atinta nini  
ngesthia titi lan taha (*WPi. P.II.23*)

teteg tuwin ngati-atiang ati  
kaping pat menawa  
kataman rekaeng ati  
iya enggal angesthia (*WPi. P.II.24*)

eneng ening awas eling de kang kaping  
lima yen kataman  
pringganing ati angesthi  
angandel kandel kalawan (*WPi. P.II.25*)

kang kumandel netel santosa ing budi  
muluring wasita  
yen sira arsa dumadi  
sinebut putri utama (*WPi. P.II.26*)

Piwulang panca wisaya iki ngenani laku lair lan batin sajroning ngudhari reruweting urip. Piwulange Susuhanan Paku Buwana IX iki kawedharake kanthi jangkep sajroning SWI, yaiku wujude panca wisaya, tegese lan cara ngrampungine. Piwulang babagan iki asipat wigati banget lan kudu ditengenake supaya urip iki ora nandhang sedhilih kang kadlarung-dlarung, saengga bisa urip kanthi tumata lan becik.

#### 4) Teges lan Watake Putri

Andharan iki ngrembug paraga putri kawawas saka teges lan watake. Saben tembung iku wis samesthine nduweni teges, amarga tumrape ngelmu basa iku wis ditepungi anane rong jinis teges yaiku wantah lan entar. Watak kang bakal kaandharake sajroning pirembugan iki wujude jarwadhosok. Kagunan basa iku lumrah tinemu ing kasusastran Jawa lan nuduhake yen bebrayan Jawa kebak ing pasemon.

dene ta pitutur ingsun  
marang putraningsun estri  
den eling ing aranira  
sira pan ingaran putri  
kang aputih kang sanyata  
tri tetelu tegese di (*SDd. P.I.1*)

bekti nastiti ing kakung  
kaping telune awedi  
lair batin aja esak  
nglakoni tuduhing laki  
laki ciptanen bendara  
mapan wong wadon puniki (*SDd. P.I.2*)

wajib manut marang kakung  
aja pisan amapaki  
marang karepe wong lanang  
sanadyan atmajeng aji  
alaki lan panakawan  
sayekti wajib ngabekti (*SDd. P.I.3*)

Miturut Susuhanan Paku Buwana IX, tembung *putri* iku dumadi saka wanda *pu* kang tegese putih lan *tri* tegese telu. Mawas saka tegese iku, mula bisa kadudut wewatakane putri yaiku edi utawa endah, bekti-nastiti marang guru lakine, lan wedi lair-batin nalika nglakoni prentahé laki. Watak kaya mangkono iku kudu dilungguhi dening jejere putri. Tembung putri iku nduweni pepadhan yaiku tembung wanita. Endraswara (1999: 151) ngandharake, ing jaman kawuri, wanita iku ditegesi kanthi jarwadhosok wani ing tata.

#### 5) Watake Wanita Manut Filosofi Driji Lima

Watake wanita kaandharake maneh ing pirembugan iki. Sajroning perangan iki, watake wanita kagamarake kanthi wujude driji lima. Susuhanan Paku Buwana IX ngandharake yen saben wujude driji, yaiku jempol, panuduh, panunggul, manis, lan jenthik iku nduweni makna *filosofi* dhewe-dhewe. Makna *filosofi*-ne driji lima iku banjur digayutake karo *etika* Jawa kang kudu diduweni dening wanita.

lawan ana kojah ingsun  
saking eyangira swargi  
pawestri elinga sira  
lamun ginawan dariji  
lelima puniku ana  
dununge sawiji-wiji (*SDd. P.I.11*)

jejempol ingkang rumuhun  
panuduh kang kaping kalih  
panunggul kang kaping tiga  
kaping pat dariji manis  
dene ta kang kaping lima  
wekasan aran jejenthik (*SDd. P.I.12*)

kawruhana karsanipun  
mungguh semuning hyang widhi

wong wadon wus ginawan  
dalil panggonaning estri  
iku wajib kinawruhan  
karepe sawiji-wiji (*SDd. P.I.13*)

mula ginawan sireku  
jejempol marang hyang widhi  
den kayem pol manahira  
yen ana karsaning laki  
tegese pol den agampang  
sabarang karsaning laki (*SDd. P.I.14*)

mula ginawan panuduh  
aja sira kumawani  
nikelken tuduhing priya  
ing satuduh anglakoni  
panunggul pan ginawan  
iku sasmita sayekti (*SDd. P.I.15*)

prihen ta karyane unggul  
miwah lamun apaparing  
iya sira unggulena  
sanadyan amung sathithik  
wajib sira unggulena  
mring guna kayaning laki (*SDd. P.I.16*)

marmane sira puniku  
ginawan dariji manis  
dipun manis netyanira  
yen ana karsaning laki  
apa maning yen angucap  
ing wacana kudu manis (*SDd. P.I.17*)

aja dhoso amarengut  
nora merakaken ati  
ing netya dipun sumringah  
sanadyan rengu ing batin  
yen ana ngarsaning priya  
buwangen aja na kari (*SDd. P.I.18*)

marmane ginawan iku  
iya dariji jejenthik  
dipun athak kaithikan (thak-thik)  
yen ana karsaning laki  
karepe athak ithikan  
den tarampil barang kardi (*SDd. P.I.19*)

Dudutan saka isine pethikan iku, saben wanita iku nduweni *etika* Jawa laras karo gegambarane driji lima. *Etika* Jawa tumrape wanita manut driji lima iku (1) ayem pol manut karsane laki, (2) ora nikelake panuduhe laki, (3) karsane laki kudu ditindakake kanthi unggul, (4) nduweni polatan manis, lan (5) aja seneng othak-athik utawa kudu trampil.

## 6) Syarate Wanita kang Bakal Sesomahan

Wong putri nalika isih timur minangka tanggung jawabe wong tuwane. Nalika wong putri wis ngancik

diwasa bakal winengku dening priya lan dadi tanggung jawabe lakine. Wong putri kang bakal diwengku dening priya iku kudu nduweni sipat utama yaiku nengenake *etika* sajroning bebrayan agung utawa mligine *etika* Jawa ing bebrayan Jawa.

kang tinutur marna reh mring para sunu  
wanodya kang samya  
manungku ing palakrami  
pan mangkana ingkang winedharing kata (*SDr. P.I.1*)

dipun tuhu anglakonana puniku  
kang sangang prakara  
wijange sawiji-wiji  
dhingin mantep lire tan niyat mring liyan (*SDr. P.I.2*)

kajaba mung ngamungna ingkang amengku  
iku lakinira  
kapindho temen winarni  
temen iku nora silip ing sabarang (*SDr. P.I.3*)

dora wuwus dene ta kang kaping telu  
dipun anarima  
apa sapanduming laki  
ping pat sabar tegese ywa sinung duka (*SDr. P.I.4*)

cepak nepsu ping lima bektyieng kakung  
de bekti mangkana  
tan wani sarta ngajeni  
nora lancang ywa wani andhinginana (*SDr. P.I.5*)

barang laku mengku ngekul nora ayun  
babaganing priya  
wedia benduning laki  
kanemira kang gumati marang priya (*SDr. P.I.6*)

kusung-kusung sesaji ngopeni kakung  
barang kang kinarsan  
tanapi yen suker sakit  
mulasara sung usada mrih waluya (*SDr. P.I.7*)

kang kapitu mituhu sabarang tuduh  
manut nora pugal  
kawolu rumekseng laki  
bisa simpen yen ana wadining garwa (*SDr. P.I.8*)

tyasira suu ngeman ngowel ywa katempuh  
sakehing bebaya  
kasanga wiweka pasthi  
pradikaning wiweka ingkang santosa (*SDr. P.I.9*)

*Etika* Jawa tumrape wong putri kang bakal sesomahan iku yen manut andharane Susuhanan Paku Buwana IX ana sanga, yaiku (1) manteb lan ora niyat

marang priya liya, (2) temen sajroning ngucap, (3) nrima marang sepira bae pawewehe lakine, (4) sabar, (5) bekti marang lakine, (6) gumati marang laki, (7) mituhu sakabehe pituduhe laki, (8) rumeksa marang lakine kanthi nyimpen wewadine, lan (9) ngati-ati tumrap kalonggaran kanthi kukuhe ati. Sakabehe *etika* Jawa iku kudu diduwensi dening wong putri kang kepengin winengku dening priya.

### 7) Wewaler Pegatan

Pegatan minangka sawijining tumindak kang ora disenengi dening Pangeran tumrape wong kang sesomahan. Pegatan dumadi saka tembung pegat. Poerwadarminta (1939: 482), pegat yaiku pedhot, pepisahan, utawa talak. Laki lan rabi sajroning sesomahan nduweni kuwajiban supaya tansah rukun lan ngedohi pegatan.

witana kang kadulu  
kang kapyarsa wanodya puniku  
lamun pegat denira apalakrami  
ana ping pindho ping telu  
ping pat ping lima kalakon (*SDr. P.II.2*)

sangsaya wuwuh-wuwuh  
pocapane ala nganggo saru  
li warise kesel gone dadi wali  
kajaba yen pegatipun  
nora tulus karahayon (*SDr. P.II.3*)

Bebrayan Jawa nduweni wewaler ngenani pegatan. Sajroning sesomahan, antarane laki lan rabi kudu bisa padha pangertene lan bisa nindakake kuwajibane dhewe-dhewe. Laki-lan rabi kang ora bisa nindakake tumindak kaya mangkono iku, uripe mung bakal cecongkrahan utawa padu bae lan pungkasane nindakake pegatan. Miturut Susuhunan Paku Buwana IX, pegatan iku ora becik ditindakake. Panjenengane nyarujuki tumindak pegatan, yen pegatan iku ditindakake amarga salah sawijine saka laki utawa rabi tinggal donya.

### 8) Bisa Njaga Wewadi

Wong jejodhoan utawa sesomahan, antarane laki lan rabi iku kudu bisa lumaku kanthi laras. Laki lan rabi kudu bisa padha momot perkara kang disandhang dening kekarone. Salah sawijining kuwajibane laki lan rabi, yaiku kudu bisa njaga wewadi. Tembung wewadi dumadi saka tembung lingga wadi. Poerwadarminta (1939: 652) ngandharake, wadi tegese prakara kang dikeker ora diwedharake marang wong liya. Kahanane kaya mangkono iku kudu luwih ditengenake dening rabi.

ingsun cekak supaya enggal dhinapur  
nini putraningwang  
estokena basa gati

basa wadon iku wadi tegesira (*SW. P.I.9*)  
milanipun wadi tan kena kawetu  
kudu rinawatan  
tan kena leh wer ing kardi  
dipun sami eling jenenging wanodya (*SW. P.I.10*)

Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake kautamaning wanita kang bisa njaga wewadine kulawarga. *Etika* Jawa iku kadudut saka jenenge paragane ing pirembugan iki, yaiku wadon. Miturut panjenengane, tembung wadon iku bisa ditegesi wadi, mula wong wadon kudu bisa njaga wewadi. Wanita kang bisa njaga wewadi iku bakal luwih diajeni dening wong liya, amarga drajade kulawargane uga kajaga. Santosa (2012: 119) ngandharake, *ajining dhiri dumunung ing lathi, ajining raga saka busana*. Tegese unen-unen kasebut, yaiku regane kapribaden iku dumunung ing lathi utawa tuturane, dene regane raga utawa badan iku kagambar saka panganggone.

### 9) Manut marang Lakine

Kulawarga iku bebasan sawijining wujud kang wutuh saka bapak, ibu, lan anak. Jejering bapak utawa laki iku nduweni kalungguhan minangka pandhega lan nduweni tanggung jawab ngayomi kulawargane. Wanita nduweni kuwajiban manut marang prentahe lakine lan dadi ibu kang becik tumrape putrane. Putra nduweni kuwajiban ngabekti marang wong tuwane. Kuwajibane wanita minangka rabi kang kudu manut marang prentahe lakine iku, bakal dirembug sajroning pethikan iki.

sapoluhe yen wong amrih becik  
den amrih karaos  
pon-ponane kapoka ing tembe  
nora kena anak lawan rabi  
luput ngapureki  
tan wande anempuh (*SMC. P.I.8*)

Kuwajibane wanita kang kudu manut prentahe lakine iku kudu ditengenake, amarga wanita kudu mawas marang kalungguhane priya kang dadi pandhega tumrape kulawarga lan nduweni tanggung jawab ing donya tumekaning dina akhir. Prentahe laki kang kena dinut, yaiku prentah kang nglungguhi jejering bebener. Tumrape prentahe laki kang nerak paugeran agama lan negara utawa ndadekake piawon oleh ditinggalake ditinggalake dening rabi.

### 10) Bisa Njaga Bandha Donya

Wanita kang utama, yaiku wanita kang bisa nindakake kuwajibane ing kulawarga. Salah sawijining kuwajibane wanita ing kulawargane, yaiku kudu bisa njaga bandha donyane laki. Kuwajiban iki kudu ditindakake dening wanita nalika ngatur wetune dhuwit utawa blanja, luwih-luwih kanggone wanita kang ditinggal nyambut gawe dening bojone.

lamun ana putri den pasrahi  
rajabrama pan banjur den angkah  
branane wus den wehake  
sayekti duwek ingsun  
iku anggep wong tahiyyoli  
luwih nisthaning nistha  
pakematan agung  
dudu anggeping akrama  
beberandu beruwun setan kaeksi  
dudu sipating janma (SPJ. P.I.12)

Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake, wanita iku dibebasakake kaya wong nggaduhu. Wong kang nggaduhu iku kuwajibane njaga barang kang digaduhu, nanging ora oleh ngakoni barang kasebut. Sakabehe bandha donya kang ana sajroning omah iku minangka bandha donyane laki, dene rabi nduwени kuwajiban supaya bisa njaga lan ora kena ndhaku sarta nggunakake bandha donya iku kanthi cara kang ora pener. Wanita kang kepengin blanja kudu njaluk idin dhisik marang lakine, saengga anggone blanja ora mung sakepenake dhewe, nanging manut karo kabutuhane kulawarga.

### 11) Pinter Leladi

Wanita kang ditresnani dening priya iku kanthi lelandhesan pirang-pirang perkara. Salah sawijining lelandhesaning wanita pinilih minangka rabi dening priya, amarga pinter anggone leladi. Tembung leladi iku dumadi saka tembung lingga ladi. Poerwadarminta (1939: 254) ngandharake, ladi utawa leladi iku tegese nyenyawisake lan kaulungake marang wong liya ing sajroning pista, nyambut gawe, lan sapanunggalane.

ingkang sedya amartuwi  
pirang bara lamun bisa  
nyugata amrih sukané  
kadang mitra ingkang samya  
tuwin krasan rarasan  
saking bisa tindak-tanduk  
ingaranan boja krama (WW. P.II.8)

boja suguh ranireki  
krama tembung kang mrih lejar  
tyasing tamu mrih jenake  
tan age mulih dumadya  
pratandhane yen sira  
sinihan sesaminipun  
janma yogya linuria (WW. P.II.9)

Pirembungan pinter leladi tumrape wanita sajroning *SWI* iku ora mung mandheg ing carane wanita olah-olah lan nyuguhanake panganan bae, nanging uga kang nengenake marang solah bawa lan tata kramane nalika leladi. Wanita kang kawawas becik, yaiku wanita kang nalika nindakake leladi iku bisa ngecakake solah bawa lan basa kang becik uga. Pawongan kang disuguh,

klebu para tamu bakal jenak, yen meruhi kahanan kaya mangkono iku.

### 12) Sembah Lair lan Batin

Sembah minangka tumindak kang ditindakake kanggo menehi pakurmatan marang pawongan kang nduwени kalungguhan luwih dhuwur. Miturut Poerwadarminta (1939: 554), sembah, yaiku tandhaning pangaji-aji sarana nangkepake tangan kang kapener jempol kagatokake ing irung. Tegese sembah kang diandharake dening Poerwadarminta iku asipat lair utawa sawantahe bae. Sembah iku wujude ora mung ditindakake kanthi lair bae, nanging kanthi rasa pangaji iku uga bisa diarani sembah.

mapan pae patrapipun  
sembah lair sembah batin  
laire sarana tangan  
batine dumunweng ati  
tinata dipun tetela  
laraping don pinrih titi (WW. P.III.15)

Sawijining wanita iku diprentahake nindakake sembah rong warna, yaiku sembah lair lan batin. Miturut Susuhunan Paku Buwana IX, sembah lair iku wujude sarana tangan, dene sembah batin iku sarana ati. Mawas andharan iku, cetha yen sakabehe tumindake wanita minangka *etika* Jawa iku kaperang dadi loro, yaiku tumindak kang bisa ditindakake kanthi tangan lan tumindak kang mung bisa ditindakake kanthi ati. Sakabehe iku kudu ditindakake kanthi laras karo paugerane lan ora kena kang ditinggalake yen tanpa sebab kang gumathok.

### 13) Lila Diwayuh

Wanita utama sajroning *SC*, yaiku wanita kang lila diwayuh. Poerwadarminta (1939: 653) ngandharake, wayuh tegese nduve bojo luwih saka siji. Wanita kang lila diwayuh iku mujudake tumindak kang abot. Pamawas kaya mangkono iku amarga tumrape wanita kang diwayuh iku kudu bisa nata atine supaya ora goreh dening tumindake marune. Adhedhasar panemu iku, mula ora akeh wanita kang lila diwayuh.

liring kang wiyata arja  
ujar ugering pawestri  
kang winayuh denny krama  
yogya ngupakareng dhiri  
majrenih mardiweni  
wiwida ganda rum-arum  
rumarah ngadi warna  
winoring naya memanis  
mangesthia ing reh cumondhonging karsa (*SC*. P.I.2)

Pethikan mau ngrembug wanita kang lila lair lan batin nalika diwayuh dening lakine. Pethikan iku kajupuk saka *SC*, kang jangkepe diandharake kanthi tuladha para

garwane raden Arjuna, kayata Sumbadra, Hulupi, Gandawati, Srikanthi, Manikharja, Maeswara, Rasasati, lan Sulastri. Sajroning reriptan sastra kasebut digambarake kahanane para garwane Raden Arjuna kang ora serik marang marune, nanging asipat manis lan rukun.

#### d. Etika Jawa tumrape Para Mudha

Para mudha iku nduwensi sipate kebak greget kanggo nyambut gawe. Greget iku minangka sipayat kang wigati kanggo nggayuh panjangka. Senajan kahanane kaya mangkono, wong mudha uga kudu nengenake *etika* supaya bisa rahayu sajroning uripe. Endraswara (2010: 147) ngandharake, sawijining wong mudha utawa anak iku kudu nglungguhi *etika*, kayata (1) eling marang lelabuhane leluhur lan percaya marang kakuwatane dhewe, (2) wong tuwane kudu ndongakake putrane supaya bisa nerusake panjangkane wong tuwa, (3) wong tuwa kudu menehi tetimbangan kanggo jejodhowane putrane supaya nduwensi jodho kang setimbang, (4) kudu nduwensi omah lan panggaweyan dhewe, (5) kudu nduwensi kalungguhan kang mesthi, (6) nduwensi kawibawan kang gedhe, (7) nduwensi sipayat nrima ing pandum, lan (8) bisa sukur.

#### 1) Cedhak lan Mbangun Turut marang Wong Tuwa

Para mudha, yaiku anggotaning bebrayan agung kang bakal nerusake penggaweyane wong tuwa kanggo nggayuh panjangka-panjangka kang durung bisa kagayuh. Tumindake wong mudha supaya ora nalisir saka bebener, bisa ditindakake kanthi laku cedhak lan mbangun turut marang wong tuwa. Perkara iku kudu ditindakake dening para mudha, amarga wong tuwa iku wis tau nindakake lelakon ing donya iki kanthi luwih akeh, saengga ndadekake wong tuwa iku sugih kawruh utawa ngelmu.

rama ibu ambabar tuladhanipun  
leluhuring kuna  
kang nistha madya utami  
sayogane piniliha kang utama (WR. P.VI.2)

utamane tumana leket wong sepuh  
ingkang sugih kojah  
anajah kawruh baresih  
sinaunen gusti mupung maksih mudha (WR.  
P.VI.3)

Susuhunan Paku Buwana IX medharake pitutur marang para mudha supaya uripe cedhak karo wong tuwane (bapak lan ibu). Wong tuwa kang kudu dicethaki, yaiku wong tuwa kang sugih kojah. Karepe saka tembung kojah sajroning pethikan mau, yaiku pitutur. Wong tuwa

kang medharake pitutur luhur iku prayogane tansah disrawungi dening para mudha. Saka pituture wong tuwa iku bakal bisa kadudut isine, yaiku perkara nistha, madya, lan utama. Saka telung perangan iku kudu pinilih sipayat kang utama, amarga bakal bisa nggawa kabecikan kanggo dhiri pribadi, apadene wong liya.

#### 2) Mituhu Dhawuhing Guru

Ngudi ngelmu tumrape para mudha, iku minangka perkara perlu banget ditindakake, malah bisa diarani wajib. Supaya bisa nduwensi kagunan, para mudha kudu bisa milah lan milih pawongan kang bisa dadi gurune. Sajroning paguron, para mudha kang dadi jejere siswa kudu mituhu marang dhawuhing guru. Lelamarane wong golek ngelmu, yaiku kapercayan. Guru tumrape siswa minangka sawijining wong tuwa kang kapindho sawise wong tuwa kang asli, mula ora ana guru kang kepengin njolomprongake siswane supaya nemoni piawon.

tuladhane puruhita  
mring guru zaman kariyin  
kadi Arya Bratasena  
mantep anglabuhi pati  
tur ta nora sayekti  
pituduhe gurunipun  
mamrih sirnane Sena  
malbeng telenging jaladri  
nora mati malah antuk sihing dewa (WPa.  
P.V.9)

Raden Bratasena minangka jejere siswa kang tuhu lan bekti, mula mituhu marang sakabehe dhawuhing gurune. Lelakon iku isih tetep ditindakake dening Raden Bratasena, senajan kudu labuhi kanthi jiwa lan ragane. Pungkasane crita, Raden Bratasena bisa nggayuh ngelmu kasampurnan saka Dewa Ruci amarga gedhene rasa percayane marang gurune.

#### 3) Nggedhekake Tapa Brata

Para mudha iku minangka jejere pawongan kang isih amba jangkahe sajroning urip iki. Mawas marang kahanane wong mudha kang kaya mangkono iku, mula dheweke kudu nggedhekake anggone tapa brata. Laku tapa brata iku minangka sawijining sarana kanggo nggayuh panjangka. Tapa brata iku dilakoni kanthi nyedhakake awak utawa badan minangka kawula marang Pangarane.

tapo brata puja mantra  
dene kang dipun wastani  
iya nini tapa brata  
limang prakara sayekti  
juga angengirangi  
ing bukti sarananipun  
narima nadyan nyegah  
dhahar menawa sireki  
tan narima apa ing saananira (WPi. P.III.8)

iku sayektine gagar  
ping kalih nyunyuda guling  
sanadyan anyuda nendra  
nanging yen linali lali  
bebasan tanpa kardi  
katranganing nyuda turu  
samya dipun waspada  
upamane sira nini  
wus mbaliyut ingkang panggah ciptanira (WPi.  
P.III.9)

den jak ngaluyut supaya  
tan koyup dening pakarti  
ning bliyut kang kaping tiga  
angawisana sanggami  
srana lila ing ati  
mangkene pakartinipun  
anyuda ing sanggama  
yen karep dipun sabari  
mrih ywa kongsi kabanjur kajating nala (WPi.  
P.III.10)

lalu buru karaharjan  
kang kaping pat sira nini  
angampeta pangandika  
tegese panggagas nini  
catur kang tanpa kardi  
nini kalakone iku  
kudu panggah santosa  
sanadyana sira nini  
tan ngandika yen mengku karsa sandeya (WPi.  
P.III.11)

ing lima sira ngilangna  
duka cipta srana saking  
cahyaning locananira  
angresepi ingkang sami  
sumewa nadyan nini  
tanpa duka cipta tuhu  
nanging yen kurang marta  
tan widada iku dadi  
sadayeku kudu nganggo empan papan (WPi.  
P.III.12)

sira samya sumurupa  
liring empan iku nini  
manawa dalu mangsanya  
tarbukanira ing kapti  
bebuka sarat saking  
sareh sarekaning kayun  
liring papan muriha  
papan ingkang samun sepi  
tegesipun nyirnakken sanggarungginya (WPi.  
P.III.13)

Susuhunan Paku Buwana IX wis menehi  
pamerang tumrape tapa brata, kayata (1) betah luwe, (2)  
nyuda anggone turu, (3) arang anggone saresmi, (4)  
ngempet wicara, (5) ngilangi sungkawa. Limang perkara  
iku mau kudu bisa ditindakake dening para mudha

kanggo nggayuh panjangkane. Njangkepi andharan mau,  
Endraswara (2010: 154) uga ngandharake, ana patang  
etika kang kudu ditindakake dening wong tapa, yaiku (1)  
*tapa anarima* tegese kudu nurut karsane Pangemanan, (2)  
*tapa geniara* tegese kudu ora kagodha dening swara-  
swara kang memanas ati, (3) *tapa banyuara* tegese manut  
piwelinge sedulur, lan (4) *tapa patiara* tegese kudu ora  
nuduhake kabecikane dhewe.

#### 4) Aja Kagodha dening Wanita

Manungsa urip ing donya iki mesthi bakal  
nandhang panggodha. Bebrayan Jawa wis tepung banget  
marang wujude godhane urip ing bebrayan iki, kayata  
pangkat, bandha donya, lan wanita. Para mudha  
minangka pawongan kang isih kurang sesurupane mesthi  
luwih gampang kagodha dening panggodha kaya  
mangkono iku, mula becike diupadi carane supaya ora  
kagodha dening telung perkara iku.

tyas tan keguh memanising estri  
mring ature wadya kang tan lonya  
yogya winawas yektine  
ywa sorah dipun samun  
amet daya ywa ngatarani  
den wani atinira  
ing netya aywa ru  
sirung lengus wacanarda  
tan jadnika ing poleh nora prayogi  
den manis ulatira (WPi. P.II.3)

Sajroning pethikan tembang mau diandharake  
kanthi satleraman ngenani godhane wanita marang priya.  
Senajan kaya mangkono, perkara iku kudu diawas  
luwih jeru maneh. Manut pamawas iku, wanita iku bisa  
dadi digolongake dadi rong golongan, yaiku wanita kang  
bisa njurung marang panjangkane para mudha lan kang  
ngreridhu panjangkane para mudha. Wanita kang njurung  
marang panjangkane wong mudha, yaiku wanita kang  
nduweni bebuden becik lan mbesuke bakal dadi sisihane.  
Wanita kang bakal ngreridhu marang panjangkane para  
mudha, yaiku wanita kang nduweni bebuden kurang  
becik.

#### 5) Nuntun Wong Tuwa marang Kabecikan

Sakabehe wong tuwa lumrahe nduweni  
peppeningan supaya putrane luwih pintar tinimbang wong  
tuwane. Saka maneka warna kahanane wong tuwa, wis  
sameshine bakal nengenake marang pangkulawenthahe  
marang putrane. Senajan wong tuwa iku uripe ing desa  
lan sarwa kekurangan, nanging mesthi ora pengin yen  
putrane nduweni nasib padha dheweke. Wong tuwa  
nduweni panjangka, yen putrane wis digulawenthah  
kanthi bener, mbesuke bisa mulyakake wong tuwa, yaiku  
kanthi nuntun wong tuwane marang kabecikan.

lir jamaning Majalengka  
Bre Wijaya kang mungkasi  
pantes kinarya ruwiya  
patraping bapa lan siwi  
Rahaden Patah nami  
kang ginadhang madeg ratu  
tur sedya mrih utama  
rumasuk agama sukci  
kumawawa amardi marang kang rama (WPa. P.V.5)

Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake lelakone Prabu Brawijaya V karo putrane kang asmane Raden Patah. Sawise gedhi, Raden Patah bisa mumupuni ing babagan agama Islam. Dheweke ora gelem, yen wong tuwane ora rahayu ing donya lan akhir, mula Prabu Brawijaya dielingake dening Raden Patah supaya ngrasuk agama Islam. Tumindake Raden Patah kaya mangkono iku nuduhake minangka sawijining anak kang bekti marang wong tuwane.

## 6) Piwulang Urip ing Praja

Para mudha kang wis cukup anggone ngudi ngelmu, wajibe kudu bisa nindakake darmane sajroning bebrayan agung. Ngelmu kang nduweni piguna, yaiku ngelmu kang ditindakake dening saben pawongan lan midunani tumrape bebrayan agung. Saben pawongan nduweni kagunan kang beda-beda, yaiku manut karo ngelmu kang diudi ing papan pasinaone. Salah sawijining papan kango nindakake ngelmu kang wis diudi dening para mudha, yaiku ing praja utawa negara.

semuning nom nampaa wulang utami  
kang kanggo neng praja  
lumrahing jamanireki  
aywa luwihi lawan kurang (WPa. P.VIII.9)

pasemone kuda curigestri tulis  
jarwane mangkana  
kuda den kuwat tarampil  
curiga landheping cipta (WPa. P.VIII.10)

wanitadi den bisa ngenaki ati  
tur manising sabda  
karya kayungyuning laki  
sastra parigeling basa (WPa. P.VIII.11)

Pethikan tembang saka SWI iku nuduhake uripe para mudha ing praja. Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake, para mudha kang urip ing praja iku dipasemokake kaya mangkene, *duka (kuda) curigestri tulis*. Manut pasemon iku, para mudha kudu nduweni sipat (1) kuwat lan trampil, (2) landhep pangangangene, (3) manis wicarane lan ngenakake ati, lan (4) prigel ing babagan basa. Wujude pasemon iku laras karo andharane Padmosoekatjo (1960: 78), yaiku lambang utamane watak lan tindak. Sajroning andharan iku,

disebutake *kuda* iku nggamarake tekad lan kandele ati, *curiga* nggamarake tegese landhep ing budi, lan *wanita* tegese alusing solah bawa.

## e. Etika Jawa tumrape Pandhita

SWI minangka sastra piwulang, uga ngrembug piwulang *etika* Jawa tumrape pandhita. Miturut Endraswara (2010: 154), *etika* kang kudu diduwensi dening pandhita (guru) yaiku (1) asih marang siswa, (2) tekun anggone mulang, (3) tanpa pamrih, (4) tanggap ing sasmita, (5) meruhi apa kang dipenginake dening siswa, (6) bisa menehi wangsanan tumrap pitakonane siswa, (7) ora ngenthengake kakuwatane siswa, lan (8) ora edan ing pangalembana lan keminter.

### 1) Ora Melik Pawewehing Liyan

Sawijining guru iku minangka pawongan kang mumpuni ing babagan ngelmu. Guru iku nduweni kuwajiban nggulawenthang marang siswa-siswane. Kuwajibane guru iku bisa kawatas minangka pengaweyan kang mulya, amarga lumrahe guru iku ora melik pawewehe liyan. Guru iku ora kena melik duweke siswa, apa maneh nduweni sipat drengki.

heh mulane nguni bener wulangipun  
kaping pat sri narapati  
lamun sira anggeguru  
ngulama kang nora melik  
ya marang pawewehing wong (WPa. P.X.12)

Pethikan mau minangka wujude pepeling tumrape guru lan siswa. Sejatine piwulang kang diandharake dening Susuhunan Paku Buwana IX iku kapethik saka piwulange Susuhunan Paku Buwana IV. Piwulang tumrape guru, yaiku kudu bisa njaga tumindake supaya ora melik marang duweke liyan, apa maneh nduweni sipat drengki. Piwulang tumrape siswa, yaiku kudu bisa nggolek guru kang ora nduweni sipat melik marang duweke liyan.

### 2) Titis lan Mumpuni Kitab

Piwulang iki ngrembug kagunan kang kudu diduwensi dening sawijining guru. Sakabehe guru iku kudu mumpuni ing babagan ngelmu. Guru iku dibebasakake minangka sawijining tuk kang saben dina metu banyune. Banyu kang metu saka tuk iku, bakal digunakake dening saben pawongan kang njupuk nggunakake timba lan piranti sapanunggalane. Timba lan piranti sapanunggalane kang digunakake kanggo njupuk banyu saka tuk iku minangka bebasane siswa.

pan ing nguni ana ngulama pinunjul  
Ngabdulkahar abibisik  
sareh titis lamun muruk  
tur mring kitab amumpuni

bisa nawang kareping wong (WPa. P.X.13)

Pethikan mau nyritakake kahanane Abdul Kahar, yaiku gurune Susuhunan Paku Buwana IX kang dununge ing Ngruweng. Panjenengane minangka sawijining guru nduweni sipay titis lan mumpuni ing babagan kitab. Rong sipay iku nduweni sesambungan yaiku tumrape wong kang mumpuni kitab iku bakal titis sajroning nggulawenthah siswa-siswane. Mumpuni ing babagan kitab iku minangka wujud panggambarane wong kang sugih ngelmu. Endraswara (2010: 154) ngandharake, sajroning *tradisi Jawa*, pandhita utawa guru ana kang oleh sesebutan *pandhita sastra genya*, kang tegese pandhita kang pance (satemene) wignya utawa lebda ing babagan ngelmu. Tumrape siswa kang kepengin ngudi ngelmu, saora-orane uga kudu milih guru kang titis lan mumpuni ing babagan kitab.

### 3) Bisa Ngukur Kakuwatane Siswa

Sawijining guru iku nduweni kuwajiban nggulawenthah siswa-siswane. Saben guru anggone nggulawenthah siswa-siswane iku kanthi cara kang beda-beda, nanging kang perlu tengenake, yaiku kudu bisa ngukur kakuwatane siswane. Perkara iki bisa kawawas kaya andharan sadurunge, yaiku siswa iku dibebaskanake kaya wadhab banyu. Saben wadhab banyu iku nduweni ukuran kang beda-beda, mula banyu kang disokake uga kudu manut karo ukurane. Banyu kang disokake marang wadhab kanthi ora mawas ukurane, banyu iku bakal luber utawa kutah. Gegambaran iku uga uga dumadi marang daya pamikire siswa kang ana wewatesaning.

lamun ana wong minta kawruh kang luhung  
nora banjur den turuti  
binobot sakuwatipun  
upamane desa cilik  
tan kuwat kanggonan katong (WPa, P.X.14)

Susuhunan Paku Buwana IX nyritakake kahanane Abdul Kahar minangka guru kang wasis ing babagan nggulawenthah siswa-siswane. Sajroning pethikan iku, Abdul Kahar iku nduweni sipay wicaksana, dheweke ora tansah ngunggung siswane, nanging dideleng dhisik kakuwatane siswane iku. Panjenengane iku jejere guru kang ora mung mentingake kaperluwane dhewe, nanging uga nengenake marang kabutuhane para siswane. Abdul Kahar tansah nggatekake siswa-siswane supaya gampang anggone nampa piwulange.

#### f. Etika Jawa Sapanunggalane

Pirembugan iku bakal njlentrehake etika Jawa saliyane kang wis diandharake ing perangan ndhurur. Etika Jawa iku kaandharake sajroning sub-bab kang beda, amarga nduweni wewujudan kang beda. Pirembugan iku

njlentrehake etika Jawa kang kudu ditindakake dening saben pawongan ing bebrayan agung iki. Wujude etika Jawa iku dumadi saka etika nindakake agama (*spiritual*), etika solah bawa utawa budi pakerti (solah bawa), sarta etika sajroning basa, sastra, lan seni utawa budaya.

#### 1) Etika Nindakake Agama

Manungsa urip ing alam donya iki ora bisa kapisahake karo babagan agama. Poerwadarminta (1937: 18) ngandharake, agama iku tegese kakumpulan tata cara manembah marang Pangeran (Allah), piwulang-piwulang, pangandel sarta tindak kautaman. Kanthi cara *etimologis*, agama dumadi saka tembung Sanskerta, *a* kang tegese ora lan tembung *gama* kang tegese lumaku utawa malih, saengga agama tegese kang ora malih (Said, 1980: 49). Anane agama utawa wong kang ngrasuk tatanane agama iku bakal ndadekake uripe manungsa ora rusak lan bisa rahayu.

agama iku perlune yekti  
pikukuhe titimbangan tyas  
mring nistha madya tamane  
mung iku rasanipun  
dalil kadis kang den semoni  
supaya animbangga  
sagunging pra ratu  
wadya kang sawaleng karsa  
pinrih sirep saking kuwasaning aji  
wewaton kitab Quran (WR. P.XI.3)

Susuhunan Paku Buwana IX sajroning SWI ngandharake wigatiné saben pawongan iku kudu ngrasuk agama suci utawa Islam. Sajroning pethikan iku nuduhake yen kanthi ngrasuk agama Islam, saben pwongan iku bakal bisa mangertení wujude tumindak nistha, madya, lan utama. Agama iku ngemot babagan paugerane urip, yaiku wiwit saka esuk tumekane wengi, sarta wiwit kapentingane pribadi nganti tumekane bebrayan agung. Yen sakabehe manungsa mawas marang sipaye agama kang kaya mangkono mau, wis salumrahe manungsa iku kudu nggunakake agama minangka paugeran uripe. Paugeran sajroning agama iku ora mung kanggo ngatur tumindake manungsa bae, nanging uga kanggo menehi pepadhang kanggone reruwet kang sinandhang dening manungsa. Sajroning pethikan iku uga diandharake sumbering paugeran agama Islam yaiku Al-Quran lan Al-Hadits.

#### 2) Etika Solah Bawa utawa Budi Pakerti

Budi pakerti minangka sawijining tetembungan kang digunakake ngarani tumindak utawa solah bawane manungsa. Sajroning bebrayan agung, wong kang nduweni sipay lan tumindak kang becik iku diarani wong kang berbudi pakerti. Tetembungan budi pakerti dumadi saka rong tembung yaiku budi lan pakerti. Poerwadarminta (1939: 158) ngandharake, budi tegese

nalar utawa pikiran lan miturut Poerwadarminta (1939: 1422), pakerti tegese panggawe utawa panggawean. Saliyane iku, uga diandharake dening Santosa (2012: 19), budi pakerti iku minangka salah bawa, watak, utawa *akhvak*.

iba-iba trahing nata  
yen lelabuhane becik  
utawa berbudi sabar  
pasthi wahyune sumandhing  
lir sang mulki astha ji  
ngantuk anemu praja  
nging abot lakanira  
cegah wanita jekining  
yen kang nurat mentak ampun boten bisa (WPa. P.V.11)

Pethikan mau nuduhake anane piwulang budi pakerti ngenani carane njaga tumindak becik, supaya bisa nampa wahyu. Susuhunan Paku Buwana IX ngandharake, kanggone wong kang nduwensi tumindak becik, wahyune bakal tinampa. Saliyane iku, uga diwedharake tuladhane tumindak ala iku kanthi wong kang kagodha dening wanita.

### 3) Etika Sajroning Basa, Sastra, lan Seni

Manungsa minangka titahing Pangeran (Allah) kang sampurna, diwenehi kanugrahan awujud rasa, cipta, lan karsa kang tundhane ndadekake manungsa ora bakal bisa uwat saka babagan kaendahan. Wujud-wujud kaendhan iku saora-orane gegayutan karo telung pirembungan iki, yaiku basa, sastra, lan seni. Poerwadarminta (1939: 32) ngandharake, basa yaiku sarana ginawe medharake gagasan awujud keklumpukan tembung, upamane Jawa, Inggris, lan sapanunggalane. Poerwadarminta (1939: 547) uga ngandharake, sastra yaiku kawruh bab layang utawa tutulisan. Sugono (2008: 1316) ngandharake, seni yaiku kagunan nggawe reriptan kang nduwensi *nilai* (kawawas saka aluse, kaendahane, lan sapanunggalane).

keh warnane wong murih utami  
wonten sing wiraos  
ajar basa mamrih basukine  
supayane ingandel sesami  
nanging jroning ati  
gorohe ngendhukur (WR. P.V.8)

Basa iku nduwensi piguna kanggo nggayuh kautaman lan supaya nemoni rahayu (basuki). Andharan iku yen kawawas panceun bener, larasa karo unen-unen *aja waton omong, nanging omonga nganggo wewaton*. Santosa (2012: 119) ngandharake, aja ngomong waton, nanging ngomonga nganggo wewaton, tegese manungsa iku aja mung angger omong, nanging omonga kanthi nganggo paugeran kang cetha.

lawan kudu bisa basa sastra telu  
Jawa Arab Landa  
kinarya sangune ngabdi  
dadi nora kidhung lamun ana karsa (WPa. P.VI.22)

Susuhunan Paku Buwana IX iku minangka sunan kang wicaksana. Perkara iku katitik saka isine pethikan mau. Sajroning pethikan iku bisa diweruhi piwulange ngenani wujude basa. Sakabehe pawongan ing bebrayan Jawa iku diprentah nyinaoni basa lan sastra telu yaiku Jawa, Arab, lan Landa. Saka andharan iku nuduhake yen bebrayan Jawa iku asipat tinarbuka marang basa lan sastra saka mancanegara, mligine kang asipat laras lan njurung marang pangrembakane basa lan sastra Jawa.

lamun sira dhemen anabuh gamelan  
ywa pijer ngelak-ngelik  
semuning pradangga  
sayekti kawruhana  
jer iku yasaning wali  
amesthi ana  
semune kang pinigit (WPa. P.IX.3)

barang katon karungu sayekti kena  
pinet upamaneki  
lamun dhemen sira  
ngingu mireng panepang  
nyamleng lan panemu mami  
pasemonira  
kawula lawan gusti (WPa. P.IX.4)

Susuhunan Paku Buwana IX menehi pepeling tumrap bebrayan agung sajroning pethikan mau. Pepeling iku kajupuk saka wujude gamelan minangka piranti tetabuhan ing laladan Jawa. Wujude pepeling iku ana loro, (1) saben pawongan iku aja mung nyawang laire bae, nanging kudu tumekane batine lan (2) gamelan iku minangka pasemone kawula lan Gusti.

### 4. Refleksi Etika Jawa sajroning Konteks Serat Wira Iswara

Wiwit jaman kawuri tumekane saiki, *etika Jawa* isih ditindakake dening bebrayan Jawa, senajan wis ngalami owah gingsir. Bebrayan Jawa becike tansah mawas dhiri supaya uripe tansah rahayu lan adoh saka piawon. Salah sawijine cara kanggo nggayuh kahanan kasebut, yaiku kanthi nindakake *refleksi etika Jawa* sajroning *konteks SWI*. Endraswara (2010: 34) ngandharake, *etika Jawa* uga mujudake *refleksi* saka *self control*, amarga sakabehe iku mau digawe lan ditemtokake kanggo saben pawongan utawa kekumpulan iku dhewe.

### a. Inti Sarine Etika Jawa

Sajroning SWI tinemu saperangan etika Jawa kang bisa ditliti minangka wujud nyata saka inti sarine etika Jawa kasebut. Tabel iki minangka gegambaran kang ringkes tumrape etika Jawa sajroning SWI kang direfleksi tumrap bebrayan agung.

**Tabel 5: Refleksi Etika Jawa sajroning Serat Wira Iswara**

No	Wujude	Pambijine Narasumber			
		Nara-sumber I		Nara-sumber II	
		Iya	Ora	Iya	Ora
<b>Etika tumrape Wong Ngaluhur</b>					
1	Njaga kaluhurane praja lan panguwasane.	✓		✓	
2	Memayu karahayon.	✓		✓	
3	Asih marang andhahane.	✓		✓	
4	Memitran karo bangsa liya.	✓		✓	✓
<b>Etika tumrape Wong Cilik</b>					
5	Sregep seba marang Ratu.		✓	✓	
6	Merak ati lan sumarah marang karsane Gusti.	✓		✓	
7	Temen lan taberi.	✓		✓	
<b>Etika tumrape putra putri lan rabi</b>					
8	Wulang wanita babagan takdir.		✓	✓	
9	Laku patang perkara nalika nandhang pacoban.		✓	✓	
10	Panca wisaya.	✓		✓	
11	Teges lan watake putri.		✓	✓	
12	Watake wanita manut filosofi drijji lima. • Ayem pol manut karsane laki. • Ora nikelake panuduhe laki. • Karsane laki ditindakake kanthi unggul. • Polatane manis. • Aja seneng othak-athik.		✓	✓	
13	Syarate putri kang bakal sesomanan. • Manteb marang lakine. • Ngucap kang temen. • Bisa nrima. • Sabar. • Bektii marang lakine.	✓	✓	✓	
14	Wewalere pegatan.	✓		✓	
15	Bisa njaga wewadi.	✓		✓	
16	Manut marang lakine.		✓	✓	
17	Bisa njaga bandha donya.	✓		✓	
18	Pinter leladi.	✓		✓	
19	Sembah lair lan batin.	✓		✓	
20	Lila diwayuh.		✓		✓

	Etika tumrape para mudha			
21	Cedhak lan mbangun turut marang wong tuwa.	✓		✓
22	Mituhu dhawuhing guru.	✓		✓
23	Nggedhekake tapa brata.		✓	✓
24	Aja kagodha dening wanita.	✓		✓
25	Nuntun wong tuwa marang kabecikan.	✓		✓
26	Piwulang urip ing praja. • Kuwat lan trampil. • Landhep pangangen-angene. • Manis wicarane. • Prigel basa.	✓ ✓ ✓ ✓	✓ ✓ ✓ ✓	✓ ✓ ✓
<i>Etika tumrape pandhita</i>				
27	Ora melik pawewehing liyan.	✓		✓
28	Titis lan mumpuni kitab.	✓		✓
29	Bisa ngukur kakuwatane siswa.	✓		✓
<i>Etika Jawa Sapanunggalane</i>				
30	Etika nindakake agama.	✓		✓
31	Etika solah Bawa utawa budi pakerti. • Sabar supaya wahyune sumandhing. • Sepi ing pamrih rame ing gawe. • Nyingkiri ma-lima. • Aja tumindak adigang adigung adiguna.	✓ ✓ ✓ ✓		✓ ✓ ✓ ✓
32	Etika sajroning basa, sastra, lan seni. • Nyinaoni basa supaya uripe rahayu. • Nyinaoni sastra Jawa lan manca. • Nggegulang seni.		✓ ✓ ✓	✓ ✓ ✓

### b. Aktualisasi Etika Jawa

Etika Jawa iku kudu kawawas lan kasurasa kanthi jangkep supaya bisa rumasuk sajroning ati, saengga bener yen nduwensi kalungguhan minangka pandam-pandoming ngaurip tumrape saben pawongan. Salah sijine cara kanggo meruhi refleksi etika Jawa sajroning konteks SWI, yaiku kanthi niteni aktualisasi etika kasebut ing bebrayan Jawa. Panindake etika Jawa saben dina iku kang diarani aktualisasi. Endraswara (2010: 24) ngandharake, aktualisasi yaiku sawijining pangupaya nyurasa sajroning laku mbabar jati dhiri sajroning bebrayan agung. Etika Jawa sajroning teks SWI kang wis karembug ing andharan sadurunge bakal karembug aktualisasine ing andharan iki, nanging mung saperangan bae kanthi tetimbangan supaya luwih jlentreh anggone ngandharake.

## 1) Etika Jawa tumrape Wong Ngaluhur

Pirembungan iki bakal njintrehaake wujude *etika* Jawa tumrape wong ngaluhur sajroning *SWI* kang isih diugemi ing bebrayan agung saiki. *Aktualisasi etika Jawa tumrape wong ngaluhur* sajroning pirembungan iki kaya mangkene.

### a) Asih marang Andhahane

*Etika Jawa* kang wajib ditindakake dening wong ngaluhur, yaiku asih marang andhahane. *Etika* kasebut dirembug sajroning *SWI* ing perangan *WPa. P.II.14*. *Etika Jawa* kasebut isih laras tumekane jaman saiki. Suharmono Kasiyun uga nyaruji marang pirembungan iki.

“Migatekaken prajurit, taksih laras. Ingghipunika tumrapipun tiyang-tiyang ingkang ndhuwur, nanging kagem kawula alit ingghipunika perlu (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Suharmono Kasiyun njentrehake yen mitigatekake prajurit iku minangka *etika* kanggo para pangarsa, dudu *etika* tumrape wong cilik. *Etika Jawa* iki yen kawawas pancen isih laras yen ditindakake ing jaman kaya mangkene iki. Para panguwasa kang nindakake *etika Jawa* kasebut, tundhane bakal disuyudi dening andhahane. Tuladha nyatane sajroning bebrayan agung saiki kaya mangkene.

Saploke DKI Jakarta dipimpin Gubernur Jokowi – Wagub Ahok, pejabat Pemprov. ora bisa leha-leha maneh. Telung sasi njabat wis ketok, akeh pejabat sing ora bisa ngimbangi kinerjane gubernur dalah wakile. Kanggo nggolek pejabat sing siap ngladeni rakyat, jabatan camat lan lurah bakal dilelang. Tegese sing duwe prestasi antuk promosi, ning sing nguler kambang kapeksa ditendhang (Gunarso T.S., 2013: 6).

Pethikan pawarta saka kalawarti kasebut nuduhake yen jaman saiki isih ana panguwasa kang nengenake kapentingane kawulane. Paraga kang didadekake pirembungan, yaiku Gubernur DKI Jakarta kang asmane Ir. Joko Widodo. Panjenengane wis menangake pemilu kang ditindakake kanthi rong puteraan ing pungkasane taun 2012 kepungkur. Bebrayan agung ing DKI Jakarta banget anggone nggegadhang marang Gubernur Joko Widodo, saperlu ngangkat drajade para bebrayan kang uripe sarwa kecingkrangan lan ngrampungi perkara banjir, apadene macet ing dalandalan. Pranyata ing wiwitane taun 2013 iki, Gubernur Joko Widodo miwiti ngemong kawulane kanthi cara milih camat lan lurah kang bener-bener bisa ngladeni lan ngayomi bebrayan agung ing DKI Jakarta. Carane milih

camat lan lurah kasebut ditindakake kanthi cara lelang jabatan.

### b) Memitrana karo Bangsa Liya

*Etika Jawa* tumrape wong ngaluhur, yaiku memitrana karo bangsa liya iku karembug sajroning *SWI* ing perangan *WPa. P.V.14*. Memitrana karo bangsa liya iku isih lumaku tumekane saiki. Tjintariani nduwensi panemu ngenani pirembungan kasebut. Wujude panemu iku kaya mangkene.

“Memitrana kaliyan bangsa sanes, saged inggih saged mboten. Inggihipun, amargi saged nambah wawasan. Tiyang Jawi punika luwes. Sedaya punika saged dipunrangkul. Semua dapat diterima, baik bagus atau jelek. *Musik apapun, seni apapun, masuk disitu* (mliginipun). Mbotenipun, ada batasan (Tjintariani, 23 Mei 2013).”

Panemu mau ngemot rong pamawas kang beda. Tjintariani menehi rong pamawas tumrap pirembungan iki, yaiku memitrana karo bangsa liya iku bisa ditindakake sauger bisa nambahi kabecikane bebrayan Jawi lan ora oleh dirindakake yen nuwuhaake piawon.

Ora gampang kanggo narik kawigatene paraga bisnis saka Negara Swiss. Negara kang wis oleh sesebutan paling kompetitif ing donya saka World Economic Forum 2012 iku mesthi ngeacakake standar kang dhuwur sajroning laku bisnise, mligine kanggo milih papan anggone menehake modale. Nanging, perkara kang angel iku katon gampang ditindakake dening Jawa Timur (<http://www.kaltimpost.co.id>, Senen, 3 Juni, 00.55 WIB.).

Pethikan pawarta saka internet kasebut nuduhake anane sesambungan utawa memitrana antarane pamrentah Provinsi Jawa Timur karo bangsa manca, yaiku para paraga bisnis saka Negara Swiss. Sesambungan rakete pamrentah Provinsi Jawa Timur karo paraga bisnis saka negara Swiss iku, nuwuhaake kabecikan tumrap kahanane ekonomi ing Provinsi Jawa Timur. Pamrentah Provinsi Jawa Timur wis nuduhake sipate bebrayan Jawa kang grapyak lan sumanak nalikane sesrawungan karo bebrayan liya. Pamrentah Provinsi Jawa Timur kang nindakake *etika* sesrawungan kaya mangkono iku banjur bisa ndayani marang sakabehe perkara bisa dadi gampang anggone nindakake, senajan kawawas angel tumrape bebrayan liya.

## 2) Etika Jawa tumrape Wong Cilik

Salah sijine *etika* tumrape wong cilik, yaiku sregep seba marang pangarsa. *Etika Jawa* kasebut dirembug sajroning *SWI* ing perangan *WPa. P.VII.2*. Ing jaman kawuri, wis lumrah yen wong cilik iku seba

marang pangarsa ing kraton. Wujud nyata saka tumindak kaya mangkono iku kanthi anane upacara gendera.

“Sregep seba dhumateng raja (pangarsa negari), inggih. Sregep punika macem-macem, *disiplin*. Sapunika taksih laras? Taksih, menawi mbotten mekaten, mbotten wonten *komunikasi*. Contonipun menawi wonten upacara. Saben seminggu sepindhah, kedah upacara (Tjintariani, 23 Mei 2013).”

Miturut Tjintariani, seba marang pangarsa iku isih laras ing jaman saiki. Panjenengane medharake carane seba marang raja utawa pangarsa, yaiku kanthi upacara gendera. Tumrape Tjintariani, tumindak sregep seba iku uga nduweni karep kang luwih saka siji, ing antarane minangka wujud *disiplin*. Sugono (2008: 358) nganbdharake, *disiplin* iku tegese nuduhake rasa panrimane marang paugeran kang ana. Kawawas saka tembung *disiplin* kasebut, seba marang pangarsa iku bisa ditegesi minangka wujud rasa panrima marang panguwasane pangarsa kang wis menehi pangayoman marang dhiri pribadine.

Pamrentah Kecamatan Malalak, Kabupaten Agam, mengeti dina Ambal Warsane kang kaping 6 kanthi nindakake upacara gendera ing plataran kantor camat kasebut, Senen (27/5). Upacara dirawuhi Muspika Kecamatan Malalak, majelis guru, lembaga kecamatan, wali negara, lembaga negara sa-Kecamatan Malalak. Kang nindakake jejibahan minangka Inspektur Upacara Camat Malalak, Hendra Putra, S.STP. lan Komandan Upacara, Serda Zainir Afri (<http://agamkab.go.id>, Senen 3 Juni 2013, 00.40 WIB.).

Sajroning pethikan pawarta ing ndhuwur mau, djlentrehake kahanane upacara gendera kang ditindakake dening pemrentah Kecamatan kango mengeti dina Ambal Warsane kang kaping enam. Sajroning upacara gendera iku, dirawuhi dening Muspika Kecamatan Malalak, majelis guru, lembaga kecamatan, wali negara, apadene lembaga negara sa-Kecamatan Malalak. Upacara gendera ing Kecamatan Malalak iku minangka tuladha tumrape kawula kang seba utawa sowan marang pangarsane ing jaman saiki, sebab katon yenadicara iku bisa ngumpulake golongan panguwasa lan andhahane.

### 3) Etika Jawa tumrape Putra Putri lan Rabi

*Etika Jawa* kang ngrembug babagan wanita iku akeh banget gunggunge. *Etika Jawa* kasebut ngrembug *etikane* wanita kang lagi ngancik diwasa tumekane wanita kang wis sesomahan. Saperangan saka *etika Jawa* kasebut, karembug ing andharan iki.

#### a) Wulang Wanita Babagan Takdir

Salah sijine *etika Jawa* tumrape wanita, yaiku wulang babagan takdir. *Etika Jawa* iku diandharake sajroning SWI ing perangan WPi. P.I.13 lan WPi. P.I.14. Sawijining wanita iku bisa tumindak empan papan nalika nindakake *etikane* ing babagan nampa takdire Pangeran. Tjintariani (23 Mei 2013) ngandharake, “Wulang wanita babagan takdir, menawi manggihi takdiripun kedah sabar, sukur, lan lila. Inggih, senaosa wanita *karir*.” Panjenengane wis menehi panemu kang dilarasake karo kahanane bebrayan saiki.

Nanging dikaya ngapa abote sanggan minangka wanita *karir*, kudu tansah nengenake tugas pokok, minangka ibu ramah tangga. Tetepa ngugemi minangka wanita sejati, kang kaiket dening kodrat, dikaya ngapa sibuke urusan penggaweyan kang diayahi ana sajabane omah, kudu bisa mbagi wektu kanthi cermat lan tanggung jawab. Aja nganti urusan kakung, putra, lan kulawarga liyane, malah mung dianggеп entheng, didadekakne nomer pira kono (Nyi Somardi-Sastraoetama, 2013: 45).

Pethikan *artikel* saka kalawarti kasebut bisa kawawas kalungguhane wanita nalika nampa kodrate saka Pangeran. Manut andharane Nyi Somardi-Sastraoetama, kalungguhane wanita kang utama, yaiku ngurusi kakunge, putrane, lan kulawargane. Saliyane kuwajiban utama kasebut, wanita uga bisa dadi wanita karir. Antarane kuwajiban kang utama lan minangka wanita karir iku kudu bisa lumaku kanthi setimbang. Panjenengane Nyi Somardi-Sastraoetama uga menehi pepeling supaya ngugemi minangka wanita sejati kang wis kaiket dening kodrat, senajan penggaweyane akeh banget.

#### b) Teges lan Watake Putri

*Etika Jawa* ing pirembugan iki sadurunge wis kaandharake sajroning SWI ing perangan SDd. P.I.1 tumekane SDd. P.I.3. *Etika Jawa* kasebut ana sesambungan karo teges lan watake putri. Tjintariani minangka narasumber kapindho ing panliten iki, menehi panemu kaya mangkene.

“Tegesipun putri inggih punika putih lan tiga, sarta watakipun putri inggih punika edi (endah), bekti-nastiti dhumateng guru lakinipun, lan wedi lair-batin wekdal nindakaken dhawuhipun laki. Jarwadhosok putri punika, pu punika putih, trinipun tegese telu mbotten tiga. Tiga punika tigan, dados wanita punika *harus bisa mempunyai anak*. Telu iku kudu maelu, kudu melu (Tjintariani, 23 Mei 2013).”

Andharan mau nuduhake panemu kang ora mandheg ing tembung sarujuk apa ora bae, nanging

Tjintariani muwuhi kanthi menehi teges kang beda antarane tembung telu lan tiga. Sajrone kasunyatan, tembung putri kang ngemu surasa tri. Miturut panjenengane, tembung tri yen ditegesi telu iku ngemu karep wanita kudu maelu lan melu apa prentahé lakine, dene tembung tri yen ditegesi tiga, ngemu karep tigan, yaiku wanita iku kudu nduwéni anak.

“Anu Pak, aku maeng bali ka pasar ketemu Tutik.” Cluluke Darminah sing nyedhak karo ngladekake wedang kopi nggereng angger ireng ing ngarepe Suyatman. Banjur bacute, “Dheweke mentas saka Puskesmas, priksa. Anu... dheweke jebul ngandheg! Wis telung wulan iki Pak,” muni ngono karo ketara bungah (Tiwick S.A., 2009: 14).

Sajroning pasinaon sastra, tinemu sawijining pamarekan kang jenenge *mimesis*. Najid (2009: 47) ngandharake, pamarekan *mimesis*, yaiku mawas prosa fiksi minangka asil reriptane manungsa kang tinulis adhedhasar bahan-bahan kang diangkat lan pengalaman uripe pangripta utawa asil panyurasane panulis marang panguripane bebrayan. Andharan ing ndhuwur iku kapethik saka novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwick S.A. Reriptan sastra kasebut diterbitake ing taun 2009 kanthi *latar* papan ing Kutha Tulungagung. Nglarasake karo pamarekan *mimesis*, mula kahanane novel kang kapethik ing ndhuwur mau bisa kajupuk dadi tuladha ing pirembugan iki. Sajroning pethikan iku, Darminah minangka jejere rabi, nduwéni sipat bekti marang lakine. Dheweke ngladekake wedang kopi marang lakine kang lagi mulih kerja. Ngelingi taun ngripta lan *latar* papane novel *Carang-Carang Garing* kasebut, mula bisa kawawas yen wanita ing bebrayan Jawa saiki isih ngugemi etika Jawa.

#### 4) Etika Jawa tumrape Para Mudha

Salah sijining etika Jawa tumrape para mudha kang bisa *diakutualisasi* sajroning bebrayan saiki, yaiku cedhak lan mbangun turut marang wong tuwa. *Etika Jawa* kasebut, karembug sajroning SWI ing perangan WR. P.VI.2 lan WR. P.VI.3. Suharmono Kasiyun (22 Mei 2013) ngandharake, “Rumaket lan mbangun turut dhumateng tiyang sepuh, taksih laras.”

Kawawas kanthi satiti, panceñ kuwajibane wong mudha kang utama iku kudu ngabekti marang wong tuwane sakloron. *Etika Jawa* kang ngrembug kuwajibane wong mudha kang kudu rumaket lan mbangun turut marang wong tuwane iku ora mung asipat laras karo etika Jawa bae, nanging wis dadi dhawuhé Pangeran sajrone agama. Lelandhesaning saka etika Jawa kasebut, yaiku wong tuwa sakloron wis dadi lelantarané para putra kang lair ing donya iki lan wis menehi panggulawenthah supaya para putra bisa dadi wong becik ing mburine.

Urip *religius* kang dicakake dening kulawargene Fatin, prnyata bisa mujudake Fatin dadi sawijining anak kang bekti marang wong tuwane. Kanthi koceh bebungah saka anggone

dadi juwara X Faktor Indonesia, banjur ora ndadekake Fatin lali lan seneng-seneng. Malah dhuwit kasebut, ora digunakake kanggo senenge dhewe kaya lumrahe bocah-bocah sapantarane, nanging diwenehake marang wong tuwane sakloron kanggo ragad munggah kaji (<http://www.dakwatuna.com>, Senen, 3 Juni 2013, 01.12 WIB.).

Gegambaran sajroning bebrayan agung saiki, tumrape etika Jawa iki katuduhake kanthi tuladha kahanan uripe Fatin Sidqia Lubis. Durung suwe iki, sajroning TV swasta digiyarake sawijining kontes nyanyi lan kang dadi juwarane yaiku Fatin. Dheweke saiki wis dadi sawijining aktris kang kawentar ing jagading seni Negara Indonesia, nanging dheweke isih asipat tuhu bekti marang wong tuwane. Dhuwit bebungah saka diasilake menang kontes nyanyi iku ora kango senenge dhewe, nanging digunakake kanggo mbudhalake wong tuwane munggah kaji.

#### 5) Etika Jawa tumrape Pandhita

Pandhita utawa sinebut guru, yaiku paraga kang dadi tepe patuladhané para siswane. Salah sijining etika Jawa tumrape pandhita utawa guru, yaiku ora melik pawewehing liyan. Etika Jawa iku karembug sajroning SWI ing perangan WPa. P.X.12. Suharmono Kasiyun minangka sawijining dosen Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia ing Universitas Negeri Surabaya, menehi panemune kang gegayutan karo pirembugan iki.

“Mboten melik pawewehipun liyan, taksih laras. Wujud nyatanipun inggih punika nrima ing pandum, kedah ngrumaosi sedaya rejekinipun. Dados salebetipun tumindak punika mboten nggadhahi raos melik. Tuladha nyatanipun kagem guru, saged dipunwastani ikhlas. Upaminipun ngeten, muridipun dipunkengken les ing njawi, mbayar. Punika kirang prayogi. Guru menawi unggah-unggahan melik, muridipun marangi hadhiyah. Punika melik pawewehing liyan (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Suharmono Kasiyun nyarujuki yen sawijining guru iku nduwéni sipat ora melik marang pawewehing liyan. Miturut panjenengane, sawijining guru iku kudu nrima ing pandum utawa diarani ikhlas. Sajroning panemune mau, Suharmono Kasiyun uga tuladha nyatane, kayata guru ora becik yen mrentahake siswane saperlu les ing njaba lan ora kena nduwéni pepenginan nampa hadhiyah saka siswane nalika unggah-unggahan klas. Tumindak kaya mangkono iku wis wiwit ilang utawa wis ora ditindakake dening para guru ing jaman saiki.

Arepa cabang-cabange wis sumebar sa-Indonesia, nanging sanggar iku tetep nduwensi kawicaksanan gawe beya kursus samurah-murahe. Yaiku Rp.10.000saben wulane. “Beya kursus Rp.10.000 saben wulan iku wae lagi wae diundhakake. Sadurunge kanggo melu latihan tari ing sanggar iku mung ditarik Rp.6.000,” critane Muljono (Hamid Nuri, 2013: 21).

Pethikan pawarta saka kalawarti mau nuduhake kahanane sekolah seni tari ing Sanggar Tari Kembang Sore Indonesia kang mapan ing kutha Yogyakarta. Sanggar tari kasebut ora kepengin ngabot-boti sanggane wong tuwane siswa kanthi bayaran kang larang. Wektu iki ragade siswa kang melu sekolah tari ing sanggar tari kasebut gunggunge Rp.10.000 saben sasine. Muljono, yaiku paraga kang ngedekake sanggar tari kasebut ngendika yen ragad semono iku lagi bae diundhakake sawetara wektu iki. Sadurunge iku, Sanggar Tari Kembang Sore mung njaluk ragad Rp.6.000 saben sasine. Wong tuwane siswa padha ora nyarujuki, amarga kawawas kemurahan.

## 6) Etika Jawa Sapanunggalane

*Etika Jawa* kang kawawas sajroning pirembungan iki ora cukup yen mung kaperang manut pamerang sadurunge, mula isih ana kang dirembung ing perangan iki. Wujude aktualisasi saka *etika-etika* Jawa sajroning teks SWI ing pirembungan iki kaya mangkene.

### a) Etika Solah Bawa utawa Budi Pakerti

*Etika Jawa* kang kaandharake iki karembug sajroning SWI ing perangan WPa. P.V.11 kang menehi piwulang supaya anggotaning bebrayan iku kudu nduwensi sipat sabar. Bebrayan Jawa wis kawentar minangka sawijining bebrayan kang tansah nduwensi suba-sita, mula ora nggumunake yen para anggotane bebrayan nduwensi sipat sabar. Kahanan kaya mangkono iku ora bisa teka kanthi sakarepe dhewe, nanging bebrayan Jawa uga kudu ngulinakake kanthi tumindak-tumindak kang becik.

“Bebrayan Jawi nggadhahi filosofi ingkang sanget berakar. Filosofinya sangat kuat. Contonipun, “mboten pareng njupuk tangan kiwa!” Kok ditiru? Tidak pernah akan ditanya. Seumur hidup ya itu. Tangan kiri dilemahkan. Otak kanan kita kuat, sehingga pangrasa kita kuat. Kedhe ora pareng, saru. Padahal, sedaya punika paringanipun Gusti (Tjintariani, 23 mei 2013).”

Panemune Tjintariani mau nuduhake yen bebrayan Jawa iku nduwensi pakulinan kang becik, yaiku sakabehe tumindak kang sesambungan karo kabecikan lan wong liya, kudu ditindakake nganggo tangan tengen. Miturut panjenengane, bebrayan Jawa kang nduwensi

pakulinan nindakake samubarang pakulinan kang sesambungan karo kabecikan lan wong liya nganggo tangan tengen, amarga kanggo nyuda dayane tangan kiwa lan nguwatake pikirane sing sisih tengen, saengga rasa-pangrasane bisa kuwat utawa becik.

*Etika* mangan ing Jawa iku sejatine ana rong jinis, yaiku *etika* mangan *tradisional* lan *etika* mangan *modern*. Wong Jawa *tradisional*, lumrahe mangan ing amben, nggelar klasa, lungguh sila, lan nggunakake tangan. Cara lungguhe wong-wong kang mangan iku ditata kanthi becik. Beda karo tatacara mangan kang jaman saiki utawa *modern*, temtu bae arang kang nggunakake tangan maneh, kejaba kanthi sendhok (Endraswara, 2010: 134).

Manut andharane Endraswara iku mau bisa dingerten ien carane mangan wong Jawa iku kaperang dadi loro, yaiku cara *tradisional* lan *modern*. Sakabehe cara kasebut wis dijlentrehake kanthi jangkep dening panjenengane. Cara mangan kang ana gegayutan karo *filosofine* wong Jawa, yaiku cara *tradisional* kang nganggo tangan nalikane ngemplok sega. Tangan kang digunakake kanggo mangan lumarahe tangan tengen, dudu tangan kiwa. Perkara iku minangka tuladha kang nyata tumrap *filosofine* wong Jawa kang tansah ngendhakake panganggone tangan kiwa lan nguwatake utek sisih tengen, saengga rasa-pangrasane bisa ngrembaka kanthi becik.

### b) Etika sajroning Basa, Sastra, lan Seni

Bebrayan Jawa iku kawentar ing babagan senine. Pirembungan iki minangka tuladha nyata saka pirembungan babagan seni kang diandharake sajroning SWI ing perangan WPa. P.IX.4, yaiku gamelan. Akeh jinising seni kang digegulang lan ngrembaka ing tanah Jawa. Ora mung seni kang padha karo seni ing bebrayan manca bae, nanging uga ana seni kang mligi ana ing tanah Jawa bae, yaiku wayang kulit kang nggunakake gamelan minangka piranti pangiringe.

“Nggekulang seni. Seni punika kalih, seni lisan lan tulis. Seni uga bisa diperang kados mekaten, 1) seni sastra, 2) seni rupa (gambar utawi bentuk) ingkang wonten sastra Jawi, ndamel wayang punika sinebut sungging, 3) seni tari punika seni gerak, 4) seni musik punika wonten tradisional, seni musik inggih klebet seni swara termasuk nyanyi. Wonten malih 5) seni drama. Wonten tambahan malih ing bab pusaka. Pusaka inggih klebet refleksi etika Jawa. Sapunika ingkang taksih wonten, kadosta keris (Tjintariani, 23 Mei 2013).”

Saka andharan mau, ana kang narik kawigaten yaiku seni wayang kulit. Seni kasebut wis kawentar tumekane manca negara lan wis antuk pikukuhan saka

UNESCO ing taun 2004. Pethikan iki menehi gegambaran kang nyata saka pirembungan kasebut, yaiku babagan keseniyan wayang kulit.

Malaysia tau ngakoni yen wayang kulit iku minangka budayane. Senajan wis cetha yen wayang kulit iku minangka budaya khas Jawa. Pagelaran wayang kulit wis dakoni dening UNESCO ing tanggal 27 November 2003, minangka karya kabudayan kang nengsemake ing babagan crita narasi (<http://www.belantaraindonesia.org>, Senin, 3 Juni 2013, 00.49 WIB.).

Wayang kulit bisa didadekake tepe patuladhan dening bebrayan agung saiki. Sababe wayang kulit bisa didadekake tepe patuladhan, amarga uga ngemot piwulang luhur kang sesambungan karo *etika* Jawa. Amir (1997: 19) ngandharake, wayang ora mung dadi salah sawijining sumber kanggo nggoleki *nilai-nilai* kang dibutuhake kanggo lumakune urip sawijine bangsa, nanging wayang uga dadi salah sawijine wawasan utawa sarana ngkulawenthah watak kang becik.

### c. Wujud Nyebal saka *Etika* Jawa

Bebrayan Jawa anggone nindakake *etika* Jawa iku bisa kawwas dadi rong perangan, yaiku ana kang mbangun turut karo *etika* Jawa lan ana kang nyebal karo *etika* Jawa. Perangan kang mbangun turut saka *etika* Jawa wis karembug sajroning andharan sadurunge, yaiku aktualisasi *etika* Jawa. Sajroning pirembungan iki bakal karembug wewujudane tumindak kang nyebal saka *etika* Jawa. Endraswara ngarani wong kang nduweni tumindak nyebal saka *etika* Jawa kanthi tetembungan *pembangkang* Jawa (Endraswara, 2010: 20).

#### 1) Wong Ngaluhur kang Nyebal saka *Etika* Jawa

*Etika* Jawa tumrape wong ngaluhur kang wis ana wiwit jaman kawuri, yaiku njaga kaluhurane praja lan panguwasane. *Etika* Jawa kasebut dirembug sajroning SWI ing perangan WR. P.V.1 tumeka WR. P.V.3. Tjintariani menehi pamawas tumrap *etika* Jawa kasebut.

“Njagi kaluhuranipun praja lan paprentahan punika saged. Marang panguwasa iku aja sampek nglamak (*istilahe* wong Surabaya). Yen wong Jawa mbiyen, aja sampek kere munggah mbale (Tjintariani, 23 Mei 2013).”

*Etika* Jawa kasebut, miturute Tjintariani isih laras yen ditindakake dening bebrayan agung saiki. Panjenengane uga njlentrehake, yen sawijining panguwasa iku ora kena tumindak serakah utawa kepengin menange dhewe. Tumindak kaya mangkono iku wis nyebal saka *etika* Jawa kang kudune ditindakake.

Tuladhane tumindak kang nyebal saka *etika* Jawa kasebut, bisa kadeleng ing pethikan iki.

Ngendikane para pinisepuh, wong urip kuwi taline isin. Ning jaman saiki dhestun diwalik, sing isin ora isi. Merga butuh isi, mulat korupsi hangrasa wani. Saiki pejabat lan petinggi partai ora isin rikala distempel KPK, kesangkut kasus korupsi. Sajake wis ora dianggep ninatha. Tersangka malah disemangati pejabat, dalasan rikala mobil arep disita KPK partaine nggegeki (Gunarso T.S., 2013: 4).

Pethikan pawarta saka kalawarti kasebut ngrembug babagan tumindak korupsi kang ditindakake dening para panguwasa negara lan pandhegane partai politik ing Negara Indonesia. Nalika jaman kawuri, anan unen-unen *wong urip taline isin*, nanging ing jaman saiki wis ora digunakake dening bebrayan Jawa. Sajroning bebrayan Jawa saiki luwih nengenake marang unen-unen *sing isin ora isi*. Tumindake para panguwasa negara lan pandhega partai politik ing negara Indonesia kasebut nuduhake yen wis nyebal saka *etika* Jawa, yaiku ora njaga kaluhurane negara lan panguwasane.

#### 2) Wong Cilik kang Nyebal saka *Etika* Jawa

Salah sijine *etika* Jawa tumrape wong cilik, yaiku sregep seba marang pangarsa kaya kang diandharake sajroning SWI ing perangan WPa. P.VII.2. *Etika* Jawa kasebut kawwas wis ora laras. Pirembungan iku laras karo panemune Suharmono Kasiyun.

“Sregep seba dhumateng raja (pangarsa negari), mboten laras amargi dereng kantenan menawi pangarsa negari punika kersa nampi pisowaninanipun kawula (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Senajan ing andharan sadurunge *etika* Jawa iki diarani isih laras, nanging Suharmono Kasiyun menehi panemu yen *etika* Jawa kasebut wis ora laras ditindakake. Akeh pawarta saka media elektronik lan media cetak kang nuduhake, kepriye tumindake panguwasa kang nalika iku disowani dening kawulane. Akeh panguwasa kang ora kersa disowani dening para kawulane. Pethikan ing ngisor iki bakal nuduhake kahanan satemene saka pirembungan iki.

Mangka adat kalumrahane, pejabat iku sok wibawa, ketemu dheweke kudu ndhaftar dhisik. Jan-jane pejabate ana, nanging ing njaba ana tulisan: tidak ditempat (Gunarso T.S., 2013: 7).

Kahanane pangarsa saiki kang ora kersa disowani dening andhahane utawa kawulane iku minangka sesawangan kang nyata tumrap bebrayan

agung saiki. Para pangarsa kasebut tansah ngabot-aboti kawulane kang bakal sowan, yaiku kudu *daftar* luwi dhisik. Yen ora kaya mangkono, para pangarsa iku lumrahe rewa-rewa yen ora bisa ditemoni kanthi pawadan lagi ana kawigaten ing njaba rangkah. Pangarsa kaya mangkono iku ora becik dadi pangayomane kawula, amarga dheweke ora bisa momong marang kawulane.

### 3) Putra Putri lan Rabi kang Nyebal saka Etika Jawa

Wanita iku dibebasakake minangka barang rumpil kang gamang pecah, saengga akeh *etika* Jawa kang ngrembug babagan iki. Anane *etika* Jawa kasebut, sejatine uga kanggo njaga kautamane wanita kasebut. Senajan kaya mangkono, sajroning kasunyatane isih akeh tumindake wanita kang nyebal saka *etika* Jawa.

#### a) Wulang Wanita Babagan Takdir

Wanita iku lair ing donya wis dadi takdire Pangeran. Wanita kudu bisa nrima kanthi lila lan tansah nindakake darmane kanthi becik. Perangane *SWI* kang ngrembug *etika* Jawa iki, yaiku *WPi. P.I.13* lan *WPi. P.I.14*. Kahanan nyata ing jaman saiki, kaya-kaya akeh wanita kang ora nrimakake takdire minangka wanita.

“Wulang wanita babagan takdir, inggih punika menawi manggihi takdiripun kedah: sabar, sukur, lan lila, sampun mboten laras (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Wanita ing jaman saiki kadhang kala lali karo takdire. Wanita wis wani nerak paugeran, mung jalaran kepengin nggayuh gegayuhane minangka wanita karir. Sejatine wanita iku oleh nindakake sakabehe pengaweyan kang laras karo ketampilane, nanging aja nganti ninggal darmane wanita kang utama, yaiku minangka ibu kanggo anake lan minangka rabi kanggo lakine.

Kira-kira 45 pekerja seks komersial (*PSK*) saka saperangan papan *lokalisasi* diulihake dening pamrentah kutha (Pemkot Surabaya, Jawa Timur). Adicara ngulihake *PSK* iku dipandhegani langsung dening Wali Kota Surabaya Tri Rismaharini ing kantor Kelurahan Putat Jawa, Sawahan. Sajroning pidhatone Risma nduweni pangarep-arep, mantan *pekerja seks* iku ora bali menyang *profesi* iku lan miwiti panguripan kang anyar (<http://id.berita.yahoo.com>, Senen, 3 Juni 2013, 00.52 WIB.).

Tumindake para wanita kang diwedharake ing pethikan pawarta kasebut ora pantes tinulad dening bebrayan agung saiki. Para wanita iku ora ngelingi kodrate minangka wanita kang wis ginarisake dening

Pangeran. Wanita iku nduweni kuwajiban dadi ibu lan rabi ing kulawargane, nanging para wanita ing pawarta iku wis wani tumindak ora becik, yaiku adol jiwa ragane marang priya kang dudu guru lakine. Saliyane iku, lekase Wali Kota Surabaya, Ibu Tri Rismaharini kang ngulihake wanita pelanyahan saka Kutha Surabaya iku pantes tinulad.

#### b) Syarate Putri kang Bakal Sesomahan

*Etika* Jawa ngenani syarate putri kang bakal sesomahan iku karembug sajroning *SWI* ing perangan *SDr. P.I.1* tumakane *SDr. P.I.9*. Jejere wanita kang wis ngancik diwasa iku bakal winengku dening priya. Wanita utama bakal nemu jodho, yaiku priya kang utama uga. Senajan akeh kang nyebutake kaya mangkono, carane wanita kang bakal nindakake sesomahan iku ora gampang. Sajroning perangan iku karembug kuwajiban kang kudu ditindakake dening wanita supaya bisa mbangun kulawarga kang becik.

Syarate wanita kang bakal sesomahan, yaiku kedah manteb lan mboten niyat dhumateng tiyang kakung sanes, kejawi naming dhumateng lakinipun, inggih. Temen salebetipun ngucap lan mboten wonten ingkang goroh, inggih. Kedah saged nrimah marang sepinten kemawon pawewehipun lakinipun, inggih. Sabar, tegesipun sampun ngantos nggadhai sipat ingkang remen nesu utawi cumepak kanepsonipun, inggih. Kedah bekti dhumateng lakinipun ingggih mboten wantun lan ngajeni, mboten lancang lan wantun ngrumiyini lampahipun laki, inggih. Sedaya punika menawi dipunlampahi mboten badhe wonten *KDRT* (Tjintariani, 23 Mei 2013).

Tjintariani menehi pamawas tumrap pirembugan iki, sakabehe kuwajibane wanita kasebut isih laras yen ditindakake dening bebrayan agung saiki. Panjenengane uga njlentrehake, yen sakabehe kuwajiban mau ditindakake dening wanita, mula ora nuwuhake *KDRT* (*Kekerasan Dalam Rumah Tangga*). Kedaden kang akeh dumadi ing bebrayan agung saiki, yaiku sajroning mbangun kulawarga iku kerep ana tumindak *KDRT*. Tumindak kaya mangkono iku bisa dumadi jalaran antarane laki lan rabi padha-padha ora bisa mawas dhiri, kekarone mung kepngin menange dhewe. Gegambaran kang nyata saka kahanan kaya mangkono iku, bisa dideleng ing pethikan iki.

Wakil Wali Kota Magelang, Joko Prasetyo dituntut rong sasi penjara dening *Jaksa Penuntut Umum (JPU)* Pengadilan Negeri Kutha Magelang sajroning *kasus dugaan Kekerasan Dalam Rumah Tangga (KDRT)*. Miturut JPU Ashari Kurniawan lan Slamet Supriyadi, Joko

Prasetyo kabukten nduweni salah yaiku wis nindakake *KDRT* marang rabine Siti Rabida (Ida) ing tanggal 9 November 2012 kepungkur ing omahe, dalan Ketepeng Trunan Kelurahan Tidar Kutha Magelang (<http://regional.kompas.com>, Senen, 3 Juni 2013, 01.29 WIB.).

Pethikan pawarta saka internet kasebut nuduhake anane tumindak *KDRT* kang ditindakake dening Wakil Wali Kota Magelang, Joko Prasetyo. Kahanan kaya mangkono iku nuduhake yen *etika Jawa* wis ora ditengenake maneh. Salah sijine perkara kang njalari perkara kasebut bisa dumadi, yaiku para wanita ora bisa nindakake kuwajibane minangka rabine guru lakine. Bapak Joko Prasetyo kang wis nindakake *KDRT* marang rabine, banjur kapatrapan pidana kurungan kang suwene rong sasi. Mawas kahanan kang kaya mangkono iku, mula kudu ngati-atih sajroning tumindak saben dina.

#### c) Lila Diwayuh

Gunggunge wanita ing donya iki luwihi akeh tinimbang priya, mula ana priya kang nduweni rabi luwihi saka siji. Jaman kawuri, akeh bebrayan Jawa kang nduweni rabi luwihi saka siji, kayata golongan panguwasa utawa Ratu lan para priyayi. Sajroning *SWI* ing perangan *SC. P.I.2* diandharake titikane wanita utama, yaiku lila diwayuh.

“Lila dipunwayuh, mboten laras, amargi wanita samenika sampun mandhiri. Dados mboten gumantung dhumateng guru laki. Dados sapunika kathah ingkang mboten lila dipun wayuh. Sedaya punika ugi akibat saking *emansipasi* wanita (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Miturut andharane Suharmono Kasiyun mau, tumindak lila diwayuh iku wis ora laras karo kahanane bebrayan agung saiki. Panjenengane uga njlentrethane, wanita kang ora lila diwayuh iku minangka wujud nyata saka *emansipasi* wanita. Sugono (2008: 384), ngandharake, *emansipasi* yaiku pepadhané hak sajroning hukum (kayata pepadhané hak antarane watina lan priya). Wanita nduweni kalungguhan kang padha karo priya, iku minangka lelandhesan tuwuhe rasa ora lila yen diwayuh. Wanita kepengin kalungguhane iku diakoni dening lakine, sarta kepengin tresnane lakine marang dheweke iku ora kaperang maneh kanggo wanita liyane.

Tumekane saiki, Eyang Subur isih durung mbalekake rabine kang kapung pitu, Ani, marang wong tuwane lan kulawargane kang dumunungan ing Cianjur, Jawa Barat. Adi Bing Slamet uga ora nyaruji tumindak mantan guru *spirituale* kang kukuh ngondheli Ani

(<http://showbiz.liputan6.com>, Senen, 3 Juni 2013, 19.30 WIB.).

Pethikan pawarta saka internet iku wis menehi gegambaran lelakone Eyang Subur. Sawetara wektu iki, lelakone Eyang Subur wis dadi pirembugane bebrayan agung sa-Indonesia. Panjenengane minangka paraga sepuh kang nduweni garwa luwihi saka siji. Tumrap para garwane ora ana kang katon gela sajroning atine nalika diwayuh dening Eyang Subur. Bebrayan kang weruh tumindake Eyang Subur kasebut, banjur tuwuhan rasa kepengin njejegake adil kanthi menehi pepeling marang Eyang Subur supaya ora nduweni garwa luwihi saka papat. Adi bing Slamet minangka mantan saswane tansah aweh pepeling, nanging tumekane saiki isih durung nemoni asil.

#### d) Wewalering Pegatan

*Etika Jawa* iku minangka pirembugan kang ana sesambungan karo pirembugan sadurunge. *Etika Jawa* kasebut, yaiku wewalering pegatan kang karembug sajroning *SWI* ing perangan *SDr. P.II.2* lan *SDr. P.II.3*. *Etika Jawa* iku isih dadi wewaler tumekane jaman saiki, nanging kasunyatane akeh kulawarga ing bebrayan agung saiki kang nindakake pegatan. Suharmono Kasiyun menehi panemune ngenani wewalere wong pegatan kasebut. Miturut panjenengane, “Wewaler pegatan, taksih laras.” Kahanan kang nyata saka pirembugan iki, bisa kadeleng ing pethikan iki.

Pegatane Lydia lan Jamal Mirdad ora dinuga sadurunge. Amarga puluhan taun mbangun kulawarga, kalarone kerep katon guyup rukun lan adhem ayem bae. Nanging, sapa kang ngira yen pegatane kekarone dijalari saperangan alasan. “Bisa dikandhakake iki dijalari anane saiganan antarane kekarone sajroning nggolek dhuwit. Pancen aneh, nanging iku kang dumadi antarane Jamal lan Lydia,” kandhane salah sawijine kadange Jamal kang ora gelem dijlentrethane *identitase* marang Liputan6.com, Setu (20/4/2013) (<http://showbiz.liputan6.com>, Senin, 3 Juni 2013, 17.52 WIB.).

Gegambarane tumindak pegatan wis kaandharake lumantar tuladha mau. Pasangan *aktor* lan *aktris* kang kawentar ing jagading seni Indonesia, yaiku Lydia lan Jamal Mirdad jebule bakal nindakake pegatan. Bebrayan agung ora ana kang ngira yen kedaden kasebut bakal dumadi. Miturut kadange Jamal, anggone pegatan paraga kekarone iku mung jalanan rebutan penggaweyan bae. Mawas lelakone anggotane bebrayan agung saiki kang kaya mangkono, ateges wewaler tumrap tumindak pegatan iku wis diterak dening bebrayan agung saiki.

#### 4) Para Mudha kang Nyebal saka *Etika Jawa*

Para mudha minangka paraga panyambung lelabuhane wong tuwane kudu cancut tali wanda kanggo nguri-uri *etika* Jawa minangka kabudayane. Saiki wis akeh tumindake para mudha kang nerak *etika* Jawa. Andharan iki ngrembug tumindake para mudha kang nyebal saka *etika* Jawa kang wis karembug sajroning *teks SWI*.

##### a) Nggedhekake Tapa Brata

Para mudha kudu ngakehake anggone mawas dhiri minangka sarana tapa brata, supaya ora kagodha dening gumebyare kahanan donya saiki. Sajroning *SWI* ing perangan *WPi*. P.III.8 tumekane *WPi*. P.III.13. diandharake yen salah sijine wujud tapa brata, yaiku kudu ngempet anggone saresmi. Kahanane para mudha saiki wis padha ilang kaparyitname lan tansah kagiwang dening budaya manca, saengga nerak *etika* Jawa kasebut.

“*Etika* Jawa punika *nilai-nilai ideal* tumrap bebrayan Jawi, nanging samenika *pengaruh* saking njawi punika ageng sanget, pramila *nilai-nilai* punika kathah ingkang dipuntilaraken, utaminipun dening para mudha (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Bebrayan Jawa kang ora gelem mawas dhiri, tundhane bakal ninggalake *etika* Jawa lan kagodha dening kabudayan manca kang durung mesthi laras karo *etika* Jawa. Suharmono Kasiyun menehi kawigaten kang mligi tumrape para mudha. Kahanan kaya mangkono iku pancen wis dumadi ing jaman saiki lan kang banget mrihatinake, yaiku kahanane para mudha kang kagiwang dening budaya manca sarta wiwit ninggalake *etika* Jawa. Pethikan iki bakal muwuhi pirembugan kasebut.

Wiwit taun 2012 sepene gunggunge bocah wadon korban *perkosaan massal* saya ngebrah. Iki ngelingake kasus Sum Kuning ing Yogyakarta taun 1969. Mung bedane perkosaan saiki akeh sing ketangkep, kasuse Sum Kuning nganti sepene ora kawiyak merga nyangkut anak-anak pejabat. Penyebabe antara liya situs porno ing internet, merga 90% remaja Indonesia karem mbukak situs lekoh (Gunarso T.S., 2013: 6).

Kahanan kang bisa katampa sawise maca andharan kasebut, yaiku tumindake para mudha saiki wis adoh nalisire saka *etika* Jawa. Para mudha wis keblinger pikirane, amarga kadayan saka kabudayan manca. Pawarta ing nduwur menehi gegambaran yen gunggunge bocah wadon minangka korban *perkosaan massal* iku, wiwit taun 2012 tumekane saiki tansaya tambah akeh. Kahanan kaya mangkono iku kudu cepet-cepet

dipungkasi, yaiku kanthi menehi panggulawenthahan kang bener tumrap para mudha.

##### b) Aja Kagodha dening Wanita

Salah sijine perangan *SWI* kang ngrembug *etikane* para mudha, yaiku *WPi*. P.II.3. Perangan kasebut ngrembug piwulang supaya para mudha ora kagodha dening wanita. Sejatine bebrayan Jawa wis tepung banget karo godhane wong kang lagi nggayuh kautaman, mligine tumrap para mudha. Miturute Gunarso T.S. (2013: 7), Pak Harto dhisik nate elik-elik, pengapesane priya kuwi ana babagan telung prakara, yaiku harta, tahta, lan wanita. Nyambung pirembugan kasebut, Suharmono Kasiyun (22 Mei 2013) ngandharake, “Sampun ngantos kagodha dening wanita, taksih laras.” Gegambaran kang nyata saka kahanane jaman saiki kaya mangkene.

Citra Kepolisian Republik Indonesia bali diclorenge maneh dening anggotane dhewe, sawise para petingginae dijiret KPK merga kasus simulator SIM, saiki ganti anggontane nindakake rajapati. Prastawa ngisin-isinake bebadan (institusi) panegak hukum kuwi mau, ditindakake dening Brigadir Satu (Briptu) Polisi Supratno (25), anggota Sabhara Polres Pati, Jawa Tengah. Priya asal Dukuh Beran, Desa Tegalarum, Kecamatan Jaken, Kabupaten Pati iku, ngaku bingung, lan peteng, nalika dituntut supaya gelem tanggung jawab dening mantan pacare kang aran Rika Oktadiana (19) merga nggarbini 4 sasi asil saka anggone sesambungan katresnan karo dheweke. Kamangka ing wektu kung padha Briptu Polisi Suparno wis kadhung tunangan lan arep nikah karo kenya liya (Sri Wahyuningsih, 2013: 13).

Para mudha kang lagi nggayuh kautaman iku bisa dibebasakake kaya sawijining satriya kang lagi nindakake tapa brata kang lumrahe akeh nampa godha utawa pacoban. Sajroning pethikan ing ndhuwur iku, bisa dingerten iku kahanane para mudha saiki kang luwih nengenake kanepsone timimbang akal lan budine. Brigadir Satu (Briptu) Polisi Supratno minangka jejere panegak hukum, kumawani tumindak cンドhala kanthi merjaya mantan pacare. Tumindake Supratno iku bisa dumadi, ora liya jalanan dheweke wis kagodha dening wanita. Tumindak kaya mangkono iku cetha ora laras karo penggaweyane minangka polisi, apa maneh karo *etika* Jawa.

#### 5) Pandhita kang Nyebal saka *Etika Jawa*

Sawijining pandhita utawa guru iku wajib bisa ngukur kakuwatane siswane. *Etika* Jawa kasebut, karembug sajroning *SWI* ing perangan *WPi*, P.X.14. Tumindak kaya mangkono iku becik banget yen diugemi

dening saben guru ing sekolah, amarga kahanan utawa kakuwatane saben siswa iku ora padha. Guru kang bisa ngukur kakuwatane siswane bakal gampang anggone mulang lan disuyudi dening sakabehe siswane. Suharmono Kasiyun (22 Mei 2013) nyarujuki marang panemu kasebut, “Bisa ngukur kakuwatane murid, taksih laras. Guru perlu ngukur kakuwatanipun murid.” Carane ngukur kakuwatane siswa iku akeh banget gunggunge, kayata kanthi nindakake ujian ing saben akhir pamulangan. Senajan *etika* Jawa iku isih laras ditindakake dening para guru ing jaman saiki, nanging akeh guru kang niunggalake *etika* Jawa kasebut.

Saiki, sajake akeh wong sing kabotan ngelmu. Kaya dene sarjana-sarjana sing ora bisa apa-apa kejaba namung lunthang-lanthung. Lunthang-lanthunge kuwi jalanan tansah ngalor-ngidul ngetan-ngulon golek lowongan kerja, nanging ora bisa ketemu karo sing digoleki. Banjur yen wis kesel lunthang-lanthung, bisane mung turaturu bae (Muchtar, 2013: 16).

Akeh pawongan kang wis lulus pawiyatan luhur kanthi nyandhang gelar sarjana, nanging sakabehe iku isih ora bisa nggolek pakaryan kang becik kanggo dheweke, apa maneh nggawe papan pakaryan kanggo wong liya. Tetembungane Muchtar kang digunakake kanggo irah-irahan *artikel* iku pancer becik, yaiku kabotan ngelmu. Ing jaman kawuri akeh wong kang ora nduweni gelar sarjana, nanging kepenak anggone nggolek pakaryan. Bebrayan saiki perlu mikirake carane supaya kaya mangkono iku bisa dirampungake kanthi becik.

## 6) Etika Jawa Sapanunggalane kang Wis Diliwakake

Akeh perangan saka etika Jawa kang durung bisa karembug sajroningandharan sadurunge mau. Andharan iki ngrembug tumindak kang nyebal saka *etika* Jawa, nanging tumrap *etika* Jawa saliyane ing perangan mau. Wujude tumindak-tumindak iku kaya mangkene.

### a) Tumindak kang Nyebal saka *Etika Agama*

Pirembungan iki, yaiku tumindak kang nyebal saka *etika* agama. *Etika* sajroning nindakake agama iku karembug sajroning *SWI* ing perangan *WR. P.XI.3*. Tumrape wong Jawa, piwulang agama iku kanggo mangerteni golongan tumindak, yaiku nistha, madya, lan utama. Suharmono Kasiyun menehi pamawas tumrap pirembungan iki.

“Agama, inggil punika kagem mangertosi wujudipun tumindak nistha, madya, lan utama, taksih laras. Agama punika inggil mekaten, kalawau sampun dipunandharaken menawi agama ageming aji. Dados agami taksih perlu

kangge *control* dhiri, kanggo nyumurupi tumindak nistha, madya, lan utama (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013).”

Suharmono Kasiyun nyarujuki yen agama iku minangka sawijining piwulang kanggo nemtokake tumindake manungsa. Panjenengane menehi panemu, agama ageming aji, saengga bisa digunakake kanggo matesi tumindake manungsa supaya ora mindakake tumindak nistha. Saliyane menehi panemu kaya mangkono, Suharmono Kasiyun uga njlentrehake sejarahé agama kang dirasuk dening bebrayan Jawa. Sejatine wiwit jaman Praja Majapahit tumekane Indonesia saiki, karukunan sajroning nindakake ibadah manut agamane dhewe-dhewe iku isih dikumandhangake dening para pangarepe agama, nanging akeh wong kang isih nalisir saka piwulang kasebut. Kahanan kang nyebal saka *etika* agama ing jaman saiki, bisa dideleng ing pethikan iki.

Menteri Agama Suryadharma Ali menehi pepeling marang sakabehe umat kang ngrasuk agama, mligine Islam lan Budha, becike bisa mawas kanthi kanthi aris lan wicaksana tumrap isu Rahingga Myanmar ing sawetara wektu iki. “Minangka umat kang religius, bangsa Indonesia ora sarujuk lan nggelani saben tumindak kekerasan lan anarkisme,” ngendikane Menteri Agama Suryadharma Ali nalika menehi atur pambagya ing pengetan Waisak 2557 Be 2013 ing Candi Borobudur, Magelang Jawa Tengah, Sabtu wengi (<http://www.antaranews.com>, Senen, 3 Juni 2013, 01.32 WIB.).

Pepelepinge Menteri Agama Bapak Suryadharma Ali iku pantes sinudarsana dening bebrayan agung. Panjenengane minangka sawijining pangarsa, nanging isih tetep menehi pepeling marang kawula, yaiku ngenani perkara kang ana sesambungane karo kuwajibane minangka Menteri Agama Negara Indonesia. Negara Indonesia kang dumadi saka maneka umat kang ngrasuk agama kudu nengenake sipat andhap asor lan padha nduweni rasa *toleransi* sajroning ngibadah. Anane maneka warna umat kang ngrasuk agama kasebut, bakal nggampangake anane cecongrahan, mula sakabehe anggota bebrayan kudu tansah nengenake tali paseduluran.

### b) Tumindak kang Nyebal saka *Etika Solah Bawa utawa Budi Pakerti*

Tumindak kang manut karo *etika* sesrawungan utawa budi pakerti iku uga wis ngalami owah-owahan. Ing jaman mbiyen kawentar ana unen-unen *sepi ing pamrih, rame ing gawe*. *Etika* Jawa kasebut diandharake

Susuhunan Paku Buwana IX sajroning *SWI* ing perangan *WPa.* P.VI.19 tumekane *WPa.* P.VI.21. Kahanan kaya mangkono iku wis angel ditemoni sajroning bebrayan agung saiki. Suharmono Kasiyun (22 Mei 2013) ngandharake, *sepi ing pamrih rame ing gawe*, taksih dipunperlokaken, nanging samenika tumrap perkawis punika milai kirang. Minangka tuladha wujude tumindak kang nyebal saka *etika* Jawa iku, bisa dideleng ing pethikan iki.

Pegawai negeri sipil (PNS) ing kantor pamrentah kang lagi mbolos kerja, guru kang sengaja ora mlebu klas nalika *kegiatan belajar mengajar* (KBM) uga kagolong koruptor. Philep ngendharake *akumulasi* rugine negara amarga PNS mbolos nalika jam kerja iku ora bisa dianggep sepele. Gunggunge triliunan sajroning setaun (<http://www.shnews.co>, Senen, 3 Juni 2013, 18.29 WIB.).

Akeh tuladhané saka tumindak kang nerak unen-unen *sepi ing pamrih, rame ing gawe*. Salah sawijine tuladha, yaiku tumindake para *PNS* kaya kang wis diandharake ing pethikan mau. Kabutuhane para *PNS* iku wis dicukupi dening pamrentah kanthi cara menehi gaji ing wiwitan saben sasine, nanging sawise ndeleng kahanane kang dirembug ing pawarta kasebut banget mrihatinake. Akeh para *PNS* kang ora tenanan anggone nyambut gawe. Perkara kaya mangkono iku ateges wis nggawe kapitunane Negara Indonesia kang wis menehi wektu lan papan kanggo nyambut gawe.

c) Tumindak kang Nyebal saka *Etika* sajroning Basa, Sastra, lan Seni

Babagan sastra sajroning bebrayan Jawa uga wis ngalami owah gingsir. Jaman kawuri, para pangarsa iku wis nduweni kawigaten marang jagading kasusatran Jawa. Bebrayan Jawa ing jaman kawuri tansah nglarasake antarane sastra Jawa lan sastra manca. *Etika Jawa* iku karembug sajroning *SWI* perangan *WPa*. P.VI.22. Suharmono Kasiyun (22 Mei 2013) ngandharake, “Nyinaoni sastra Jawa lan manca, taksih. Samenika sampun langkung dhumateng sastra mancanipun.” Tuladha kang nyata saka andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan iki.

Ing lantai loro Stoone Cafee, Lampineung, Banda Aceh, ana saperangan bocah enom lagi kumpul-kumpul. Sinambi dolanan *game*, dheweke kabeh guneman karo pepadhané. Nanging kang nyalawadi, bocah-bocah enom iku guneman sajroning basa manca campuran. Kadhang kala keprungu basa Inggris, Italia, Jerman, Prancis, Arab, uga India

(<http://atjehpost.com>, Senen, 3 Juni 2013, 19.06 WIB.).

Pethikan pawarta saka internet iku nuduhake kahane para mudha saiki kang luwih nengenake marang kasusastran manca. Para mudha iku katon seneng nyinaoni kasusastra manca, katitik sajroning urip saben dinane bae wis nggunakake basa manca. Kahanan kaya mangkono iku digambarake kanthi anane bocah enom ing *lantai* loro Stoone Cafee, Lampineung, Banda Aceh kang lagi dolanan sinambi cecaturan nganggo basa campuran, yaiku basa Inggris, Italia, Jerman, Prancis, Arab, uga India. Kahanan suwalike bisa kadeleng ing pethikan ngisor iki.

d. Carane Nguri-uri *Etika Jawa*

Carane nguri-uri *etika* Jawa iku ana maneka warna jinising. Carane nguri-uri *etika* Jawa iku bisa adhedhasar umure lan kalungguhane pawongan iku ing bebrayan Jawa. Sajroning pirembungan iki, carane nguri-uri *etika* Jawa bakal kaandharake kanthi pamerang kang adhedhasar marang umure paraga kang nindakake tumindak kasebut.

## 1) Cara kang Bisa Ditindakake dening Sakabehing Umur

Cara kang bisa ditindakake dening sakabehe umur, yaiku kanthi cara ngeling-eling kahanan kang wis dumadi minangka lelandhesan kanggo nemtokake tumindake. Mokal banget yen bebrayan Jawa saiki bisa nindakake *etika* Jawa kang laras karo jati dhirine bebrayan kasebut, tanpa anane pangeling-eling marang kahanan utawa wujud *etika* Jawa saka jaman kawuri.

"Ngeling-eling jaman mbiyen tegese ngeling-eling kedadeyan jaman kepungkur, alias ngeling-eling sejarah. Kena dirunut saka 1) *tradisi kelisanan*, ndongeng. 2) Cara liya ngeling-eling sejarah yakuwi sarana nlti barang-barang tinggalane wong mbiyen, kayata barang kramik, *situs*, candhi, omah, *artefak*, prasasti, *dokumen*. 3) Sing paling gampang digunakake pangeling-eling kedadeyane sejarah, kang nganti seprene didadekake cekelan pasinaone wong Eropa *modern*, yakuwi buku (Suparto Brata, 27 Mei 2013)."

Andharane Suparto Brata ing ndhuwur mau wis menehi gegambaran kang gamblang ngenani cara-carane. Panjenengane menehi telung cara kanggo ngeling-eling *etika* Jawa kang sinengker ing sejarah. Cara-cara kasebut, yaiku *tradisi kelisanan*, barang-barang tinggalan para leluhur, lan buku utawa pustaka. Telung cara mau kawawas dadi cara kang trep yen digunakake kanggo

ngeling-eling kahanan utawa wujude *etika* Jawa saka jaman kawuri.

## 2) Cara kang Bisa Ditindakake dening Para Mudha

Cara kang kaping pindho iki mligi kanggone para mudha. Golonganing para mudha ing pirembugan iki, yaiku golonganing bebrayan Jawa kang lagi ngangsu kawruh ing sekolah. Para mudha kang lagi ngangsu kawruh iku bisa dibebasakake kaya wit kang isih enom. Kahanane wit kang isih enom iku, yen bengkong isih kepenak anggone nglurusake. Semono uga kahanane para mudha, nalika isih ngangsu kawruh bakal luwih kepenak carane mulangake *etika* Jawa, tinimbang wong kang wis tuwa.

"*Etika* Jawa kedah dipunwulangaken ing sekolah-an-sekolahan, utamanipun ngantos SMA inggih dipunwulangaken. Ing kulawarga inggih kedah nengenaken *etika* Jawi punika (Suharmono Kasiyun, 22 Mei 2013)."

Suharmono Kasiyun menehi pamrayoga tumrap carane nguri-uri *etika* Jawa, yaiku lumantar diwulangake menyang siswa ing sekolah. Panjenengane ngersakake piwulangan *etika* Jawa iku bisa diwulangake tumekeane tataran SMA. Suharmono Kasiyun uga kepengin, *etika* Jawa iku uga diwulangake dening wong tuwa ing kulawarga.

## D. PANUTUP

Ana perangan panutup iki bakal dirembug dudutan lan pamrayoga tumrap panliten iki. Dudutan mujudake *substansi*, sari pathine asiling panliten, wangulan pungkasan, lan *final* saka pitakonan kang kasusun sajroning underaning panliten. Pamrayoga yaiku sawijining perangan saka panutup kang asipat operasional lan bisa kanthi gampang ditindakake dening pamaca lan panliti sabanjure.

### 1. Dudutan

Perangan dudutan iki ngrembug piwangulan saka underaning panliten, yaiku sesambungan antarane sastra lan kasunyatan ing babagan *etika* Jawa kang kamot sajroning *SWI*. Perangan dudutan iki ngrembug piwangulan saka underaning panliten, yaiku sesambungan antarane sastra lan kasunyatan ing babagan *etika* Jawa kang kamot sajroning *SWI*.

#### a. Karakteristike Serat Wira Iswara

*SWI* minangka reriptan sastra Jawa *klasik* kang karipta dening Susuhunan Paku Buwana IX saka Kasunanan Surakarta, kanthi wujud pirang-pirang perangan lan saben perangane nduweni aran dhewe-

dhewe manut karo isine reriptan sastra kasebut. Sajroning *terbitan ilmiah* kasebut, *SWI* dialihaksarakne dening Hardjana H.P. Wektu ngriptane *SWI* iku uga beda-beda manut karo perangane reriptan sastra kasebut, nanging anggone *nerbitake ilmiah* ditindakake nalika taun 1979 ing Kutha Jakarta sajroning *proyek penerbitan* buku wacan sastra Indonesia lan daerah. *SWI* nggunakake wujud tembang macapat kanthi basa Jawa, basa Arab, lan basa Melayu. Isine *SWI*, yaiku piwulang kaprawiran kang diarani *etika* Jawa.

#### b. Struktur Reriptan Sastrane Serat Wira Iswara

Strukture reriptan sastra *SWI* iki minangka pirembugan kang njlentrehake *struktura* reriptan sastra kasebut, yaiku *struktur* lair lan *struktur* batin. Panliten tumrap *struktur* lair *teks SWI* nuduhake yen saperangan gedhe saka *teks SWI* iku isih manut paugeran tembang macapat, nanging ana saperangan kang ora manut paugeran kasebut amarga kurang tlitine anggone *ngalihaksarake*. Tema kang ngrenggani *teks SWI*, yaiku *tema* kang sesambungan karo babagan kaprawiran, kayata *tema* ka-Pangeranan, asmara, lan *patriotik*. Nada lan swasana sajroning *SWI*, kayata *nada kharismatik* lan *nada filosofis*. Rasa-pangrasa kang digunakake sajroning *teks SWI*, yaiku rasa welas asih, bombong, lan prihatin. Piweling sajroning *SWI* iku jangkep kanggo sakabehing anggotaning bebrayan agung. panulisane *SWI* kawwas isih laras karo wewatakan lan panganggone tembang macapat.

#### c. Refleksi Etika Jawa sajroning Teks Serat Wira Iswara

*Etika* Jawa saka asiling panliten iki bisa kaperang dadi nem perangan. Perangan kapsian, yaiku *etika* Jawa tumrape wong ngaluhur kang gegayutan karo paprentahane, kayata njaga kaluhurane pangwasane, asih marang andhahane, lan bisa memitran karo bangsa liya. Kapindho, yaiku *etika* Jawa tumrape wong cilik kang ngrembug carane ngawula marang Ratu lan Gustine, kayata nduweni sipat sregep seba, merak ati lan sumarah, apadene sregep lan taberi. Katelu, yaiku *etika* Jawa tumrape putra putri lan garwa kang gegayutan karo kuwajibane minangka ibu kanggo putrane, garwa kanggo lakine, lan jejeriwanita utama ing bebrayan agung. Kapapat, yaiku *etika* Jawa tumrape para mudha minangka anggotaning bebrayan kang wajib ngudi ngelmu lan ngabekti marang wong tuwa, guru, lan Ratune, apadene nusa lan bangsane. Kalima, yaiku *etika* Jawa tumrape pandhita minangka jejeriwanita pawongan kang lebda ing kawruh, saengga kudu bisa dadi tepa patuladhan tumrap wong liya, mliline para putra siswane. Kaenem minangka golonganing *etika* Jawa kang katujokake marang sakabehing golonganing bebrayan agung, kayata *etika* nindakake agama, *etika* solah bawa utawa budi pakerti, sarta *etika* sajroning basa, sastra lan seni.

#### d. Refleksi Etika Jawa sajroning Konteks Serat Wira Iswara

Miturut bebrayan Jawa, *etika* Jawa iku minangka sawijining *nilai* kang *ideal* tumrape bebrayan Jawa lan disarujuki dening bebrayan Jawa minangka pandam pandoming ngaurip. *Etika* Jawa iku tuwuhan minangka wujud *tradisi* lan wis kinodrat dening Pangeran minangka bebrayan Jawa. Wujude *etika* Jawa, kayata tata krama ing babagan solah bawa lan unggah-ungguh ing babagan pocapan. Panindake *etika* Jawa iku kudu nengenake empan papan, yaiku empan dumunung ing sapa kang nindakake lan papan dumunung ing panggonane nindakake. Kahanane *etika* Jawa saiki, isih ana kang ditengenake lan ana kang wis ditinggalake. Kahanan kaya mangkono iku ketemu lumrah, amarga sawijining *etika* iku mesthi ngalami owah gingsir manut marang ombaking jaman lan kang mbedakake mung ukurane bae.

#### 2. Pamrayoga

Adhedhasar asiling panliten kang wis ditindakake, mula diwedharake saperangan pirembungan kang dadi pamrayoga saka panliten iki. Pamrayoga iki umume katujokake kanggo bebrayan agung, mligine kanggo para pamaca lan panliti sabanjure.

- SWI* minangka reriptan sastra Jawa *klasik* kang ngemot kekumpulan *etika* Jawa, mula bebrayan agung bisaa nyinaoni lan njaga kahanane reriptan sastra.
- Etika* Jawa minangka pandam pandoming ngaurip tumrap bebrayan Jawa wis ngalami owah gingsir manut ilining jaman lan wis kadayan dening kabudayan manca, saengga bebrayan agung saiki perlu nguri-uri *etika* Jawa.
- Panindake *etika* Jawa kang empan papan iku kudu ditindakake kanthi becik dening bebrayan agung saiki.
- Mligi tumrape wong tuwa lan wong mudha kudu nduweni sesambungan kang becik sajroning nindakake *etika* Jawa.
- Panliten kang ditindakake tumrap *SWI* kanthi *perspektif* sastra iki minangka salah sawijining cara kanggo nintingi isining reriptan sastra kasebut, mula bisaa ditindakake kanthi *perspektif* liyane.

#### KAPUSTAKAN

- Achmad, Sri Wintala. 2012. *Wisdom van Java*. Yogyakarta: In Azna Books.
- Amir, Hazim. 1997. *Nilai-Nilai Etis dalam Wayang*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Bahri, Saiful. 2013. *Fatin, Sang Idola Yang Religius, Rajin Mengaji dan Berbakti Pada Orang Tua* (online). <http://www.dakwatuna.com> (diunduh Senen, 3 Juni 2013, 01.12 WIB.).

- Behrend, T.E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid I; Museum Sonobudoyo Yogyakarta*. Jakarta: Penerbit Djembatan.
- Dinas Perhubungan Komunikasi dan Informatika. 2013. *Kecamatan Malalak Peringati HUT Dengan Upacara Bendera* (online). <http://agamkab.go.id> (diunduh Senen 3 Juni 2013, 00.40 WIB.).
- Endraswara, Suwardi. 1999. *Mutiara Wicara Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Etika Hidup Orang Jawa; Pedoman Beretika dalam Menjalani Kehidupan Sehari-hari*. Yogyakarta: Narasi.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Falsafah Hidup Jawa; Menggali Mutiara Kebijakan dari Intisari Filsafat Kejawen*. Yogyakarta: Cakrawala.
- Kuntjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.
- \_\_\_\_\_. 1960. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Poerbatjaraka. 1952. *Kapustakan Djawi*. Jakarta: Djambatan.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers atau Maatchappij N.V. Groningen.
- \_\_\_\_\_. - *Baoesastra Djawi-Indonesia*. Jakarta: Bale Poestaka.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Baoesastra Kawi- Djarwa*. Jakarta: Bale Poestaka. (online).
- Purnomo, Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: CV Bintang.
- Said, Muh. 1980. *Etik Masyarakat Indonesia*. Jakarta Pusat: Pradnya Paramita.
- Santosa, Iman Budhi. 2012. *Spiritualisme Jawa; Sejarah, Laku, dan Intisari Ajaran*. Yogyakarta: Memayu Publishing.
- Saputra, Karsono H. 2005. *Percik-Percik Bahasa dan Sastra Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Sastraoetama, Nyi Somardi. 2013. *Ngetrapake Hak Emansipasi Ora Ninggal Jatidhiri ing Kalawarti Panjebar Semangat edhisi 18*. Surabaya: Kalawarti Panjebar Semangat.
- S.A. Tiwiek. 2009. *Carang-Carang Garing*. Surabaya: PT. Alfina Primatama.
- Sugono, Dendy. 2008. *Kamus Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa, Departemen Pendidikan Nasional
- Sunan Paku Buwana IX lan Hardjana H.P. 1979. *Serat Wira Iswara*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kedudayaan.
- T.S. Gunarso. 2013. *Nggolek Pejabat sing Siap Ngladeni Rakyat; Pemprov Jakarta Nglelang Jabatan Camat lan Lurah ing Kalawarti Jaya Baya edhisi 26*. Surabaya: Kalawarti Jaya Baya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *PKS Ngalang-alangi KPK Mbeslah Mobil; Korupsi Wis Dianggup Dudu Prakara*

- Nistha? Ing Kalawarti Jaya Baya edhisi 39. Surabaya: Kalawarti Jaya Baya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Sawise Ditahan, Kewiyak Bojone Pirang-pirang; Jusuf Muda dalam Tumitis Menyang Irjen Djoko Susilo? Ing Kalawarti Jaya Baya* edhisi 29. Surabaya: Kalawarti Jaya Baya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Dijak Ngetan Ngulon kanggo Kampanye Jago PDIP; Bu Megawati, Jokowi Sayah Dienggo Barang Cangkingan ing Kalawarti Panjebar Semangat* edhisi 12. Surabaya: Kalawarti Panjebar Semangat.
- Wadrianto, Glori K. 2013. *Kasus KDRT, Wawali Magelang Dituntut Penjara 2 Bulan* (online). <http://regional.kompas.com> (diunduh Senen, 3 Juni 2013, 01.29 WIB.).
- Wahyuningsih, Sri. 2013. *Briptu Suparno Ngaku MumetKegubet Tali Katesnan meraga Dituntut Tanggung Jawab; Nekat Merjaya Rika Okdiana kang Lagi Ngandhut ing Kalawarti Panjebar Semangat* edhisi 7. Surabaya: Kalawarti Panjebar Semangat.
- Wellek, Rene lan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Winter, C.F. lan R.Ng. Ranggawarsita. 2007. *Kamus Kawi-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wirjosoedarmo, Soekono. 1985. *Pengantar ke Arah Studi Sejarah Sastra I: Sastra Indonesia Klasik (Sastra Melayu-Indonesia)*. Surabaya: Sinar Wijaya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Jatim Magnet Kuat Investor Eropa* (online). <http://www.kaltimpost.co.id> (diunduh Senen, 3 Juni, 00.55 WIB.).
- \_\_\_\_\_. 2013. *10 Budaya Indonesia yang Pernah Diklaim Malaysia* (online). <http://www.belantaraindonesia.org> (Senen, 3 Juni 2013, 00.49 WIB.).
- \_\_\_\_\_. 2013. *Wali Kota Surabaya Pulangkan 45 Pelacur Dari Lokalisasi* (online). <http://id.berita.yahoo.com>. (diunduh Senen, 3 Juni 2013, 00.52 WIB.).

UNESA  
Universitas Negeri Surabaya